

Tablo Matyè yo

1.	Rezime Egzekitif	7
1.1.	Apèsi.....	7
1.2.	Apèsi Espesifik sou Dezas la	7
2.	Evalyasyon Bezwen Non Satisfè yo	23
2.1.	Apèsi.....	23
2.1.1.	EnpakSiklòn lan sou Komin Oranj	23
2.1.2.	Metodolojipou Bezwen Non-satisfè ak Rezime Rezilta yo.....	27
2.2.	BezwenLojman ki Poko Satisfè	28
2.2.1.	Bezwen Lojman Non-Satisfè – Rezime.....	28
2.2.2.	Bezwen Lojman Non-Satisfè – Metodoloji Detaye	29
2.2.3.	Domaj ak Enpak Katastwòfik.....	34
2.2.4.	Bezwen Inifamilyal v. Bezwen Milti-familyal (Pwopriyetè Abite v. Lokatè).....	44
2.2.5.	Lojman Piblik ak Lojman Abòdab	53
2.2.6.	Lojman Ekitab, Done sou Dwa Sivil ak Ekite Avanse	55
2.3.	Bezwen Enfrastrikti Non-satisfè.....	109
2.3.1.	Domaj ak Enpak Katastwòf yo - Enfrastrikti.....	109
2.3.2.	Pwogram Asistans Piblik FEMA.....	110
2.3.3.	Pri Total ak Bezwen dapre Kategori PA.....	111
2.3.4.	Bezwen Mitigasyon Danje pou chak Komin oswa Pwojè Koni.....	112
2.3.5.	Pri Total ak B pou Pwojè ki Pa Koresponn Yo	113
2.3.6.	Kowòdinasyon Efò Mitigasyon yo	113
2.4.	Revitalizasyon Ekonomik Pou Bezwen ki Poko Satisfè yo	114
2.4.1.	Domaj ak Enpak Katastwòfik – Revitalizasyon Ekonomik	114
2.4.2.	Total Prè Biznis SBA apwouve	115
2.4.3.	Detay sou Aplikan SBA yo	115
2.4.4.	Estimasyon Pèt Operasyon Biznis yo	116
2.5.	Bezwen Sèvis Piblik ki Poko Satisfè.....	119
2.6.	Aktivite Mitigasyon Sèlman	124
3.	Kondisyon Jeneral yo	138
3.1.	Patisipasyon Sitwayen.....	138
3.1.1.	Sansibilizasyon ak Angajman	138
3.1.2.	Odyans Piblik.....	175

3.1.3.	Plent	178
3.2.	Sit entènèt Piblik	182
3.3.	Amandman.....	185
3.3.1.	Amanman Sibstansyèl.....	185
3.3.2.	Amanman ki pa Sibstansyèl	187
3.4.	Deplasman moun ak lòt antite.....	188
3.5.	Pwoteksyon Moun ak Pwopriyete	191
3.5.1.	Estanda Elevasyon.....	192
3.5.2.	Kondisyon Asirans pou Inondasyon	195
3.5.3.	Estanda Konstriksyon.....	197
3.5.4.	Estanda pou Kontraktè	201
3.5.5.	Revizyon Anviwònmantal Pwojè ak Aktivite.....	203
3.5.6.	Preparasyon, Mitigasyon ak Rezistans.....	205
3.6.	Enfrastrikti Laj-band nan Kay	211
3.7.	Rantabilite	212
3.8.	Doub Avantaj.....	214
4.	Mwayen ke yo mete pou benefisyè yo	218
4.1.	Apèsi.....	218
4.2.	Bidjè Pwogram nan	219
4.3.	Koneksyon ak Bezwen ki Poko Satisfè	221
4.4.	Pwovizyon pou Fon yo	226
4.5.	Patnè Pwogram yo	228
4.6.	Distribisyon Fon yo.....	229
4.7.	Revni Pwogram nan	231
4.8.	Revann oswa Rekipere	233
4.9.	Detay sou Pwogram nan	234
4.9.1.	Pwogram Lojman (yo)	236
4.9.2.	Pwogram Racha	250
4.9.3.	Pwogram Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik (yo).....	250
4.9.4.	Pwogram Revitalizasyon Ekonomik (yo)	255
4.9.5.	Pwogram Sèvis Piblik.....	256
4.9.6.	Pwogram Mitigasyon	259
4.9.7.	Planifikasyon	260
4.9.8.	Administrasyon	261

5.	Anèks.....	262
5.1.	Sètifikasyon	262
5.2.	Egzansyon.....	267
5.3.	Rezime ak Repons Kòmantè Piblik.....	268
5.4.	Sous Done/Metodoloji.....	269
5.5.	Definisyon ak Tèm Enpòtan	270
5.6.	Fòmilè Estanda 424.....	272

Lis Tablo yo

Tablo 1. Rezime Bezwen ki Poko Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon Fon yo Error! Bookmark not defined.	
Tablo 2. Rèz Bezwen ki Poko Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon Fon yo.....	21
Tablo 3. Kantite Lapli ki Soti nan Siklòn lan – Komin Oranj, FL.....	26
Tablo 4. Rezime Bezwen ki Poko Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon Fon yo Error! Bookmark not defined.	
Tablo 5. Enpak sou Lojman ak Bezwen ki Poko Satisfè – Komin Oranj, FL	34
Tablo 6. Inite Lojman dapre Kalite yo – Komin Oranj, FL	36
Tablo 7. Ane Estrikti a Te Bati – Komin Oranj, FL	36
Tablo 8. Chaj Pri Lojman dapre Revni, Tout Fwaye a (2021) – Komin Oranj, FL ...	38
Tablo 9. Limit Revni Komin Oranj CDBG FY 2023 dapre Kantite Moun ki Nan Fwaye a (80% AMI)	46
Tablo 10. Mache Lwaye Komin Oranj 2023 a ak Limit Lwaye dapre Kantite Chanm ki Gen nan Kay la	46
Tablo 11. Aplikan pou Pwogram FEMA IA Pwopriyete-ki Okipe Kay la – Siklòn lan	47
Tablo 12. Aplika pou Pwogram FEMA IA Lokatè-ki Okipe Kay la – Siklòn lan.....	47
Tablo 13. Aplika pou Pwogram FEMA IA dapre Kalite Lojman an – Siklòn lan	48
Tablo 14. Domaj ki Gen Pwopriyete FEMA IA pou Inite Pwopriyete- ki Okipe Kay la – Siklòn lan	49
Tablo 15. Domaj ki Gen nan Pwopriyete FEMA IA pou Inite Lokatè-ki Okipe Kay la – Siklòn lan	49
Tablo 16. Domaj ki Rapòte nan Inite Lojman Piblik.....	54
Tablo 17. Rezime Bezwen ki Poko Satisfè pou Lojman – Komin Oranj, FL L	55
Tablo 18. Fòs ki Anpeche Chwa pou Lojman Egal ak Aksyon Rekòmande (Rezime)	62
Tablo 19. Objektif AFFH ak Aksyon Pwopoze	63
Tablo 20. Konpozisyon Rasyal ak Etnik – Komin Oranj, FL	64
Tablo 21. Konpozisyon dapre Laj – Komin Oranj, FL.....	65
Tablo 22. Kantite Fwaye dapre Gwosè ak Kalite – Komin Oranj, FL.....	67
Tablo 23. Nivo Edikasyon (25 Ane ak Plis) – Komin Oranj, FL.....	72
Tablo 24. I Revni nan 12 Dènye Mwa yo – Komin Oranj, FL	73
Tablo 25. Popilasyon ki Genyen Revni Ba ak Modere – Komin Oranj, FL	77

Tablo 26. Pousantaj Popilasyon ki Genyen Revni Ba ak Modere dapre Revni yo – Komin Oranj, FL	78
Tablo 27. Kay Mobil Ki Te Enpakate nan Katastwòf la– Komin Oranj, FL	83
Tablo 28. Orijin Nasyonal – Komin Oranj, FL.....	84
Tablo 29. Fwaye ki Gen Moun Ki Limite Nan Lang Anglè – Komin Oranj, FL	85
Tablo 30. Ajans Continuum Swen ki Te Afekte.....	90
Tablo 31. Konte Moman Patikilye 2023 – Kalite Abri.....	91
Tablo 32. Konte Moman Patikilye 2023 – Enpak Katastwòf.....	92
Tablo 33. Andikap dapre Kalite – Komin Oranj, FL	93
Tablo 34. Konpozisyon Laj: Granmoun Aje ak Granmoun Aje Frajil – Komin Oranj, FL.....	95
Tablo 35. Enventè Bezwen pou Moun Ki San Abri ak Analiz Difisil – Komin Oranj, FL.....	98
Tablo 36. Rezime Bezwen ki Poko Satisfè pou Enfrastrikti dapre Pwogram nan	110
Tablo 37. Pwogram Asistans Piblik FEMA	111
Tablo 38. Estimasyon Total Pri ak Bezwen dapre Kategori PA.....	112
Tablo 39. Estimasyon Total Pri ak Bezwen dapre Kategori PA (enkli Enflasyon)	112
Tablo 40. Estimasyon Prix Total HMGP Pataje Non-Federal ki Poko Satisfè.....	113
Tablo 41. Estati Aplika pou SBA nan Dat 16 Jen 2023	115
Tablo 42. Metòd Rejis Federal pou Estimasyon Kantite Biznis ki Enpakate.....	116
Tablo 43. Metòd Rejis Federal pou Estimasyon Kantite Biznis Adisyonèl ak Estimasyon Pèt	117
Tablo 44. Estimasyon Pèt Pwopriyete ak Kontni SBA	118
Tablo 45. Prè Biznis SBA ak Bezwen ki Poko Satisfè	118
Tablo 46. Evènman Tanpèt – Kantite Lapli.....	130
Tablo 47. Twou Nan Tè nan Komin Oranj, 1961-2021.....	132
Tablo 48. Sistèm Twopikal nan Fwontye Komin Oranj, 1950-2017	135
Tablo 49. Entèvena ak Repezantan ONG ak Angajman yo	144
Tablo 50. Sitwèb Pwogram CDBG-DR – Angajman Paj Wèb la (25/09/23 – 04/12/23)	160
Tablo 51. Aktivite Sosyal Medya CDBG-DR	160
Tablo 52. Aktivite Pwogram CDBG-DR Komin Oranj – Aktivite ak Angajman Medya	162
Tablo 53. Reyinyon Kominotè CDBG-DR – Priyorite Prensipal ki Idantifye	166
Tablo 54. Reyinyon Kominotè CDBG-DR – Priyorite Prensipal ki Idantifye dapre Aktivite yo	169
Tablo 55. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 1	170
Tablo 56. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 2	170
Tablo 57. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 5	171
Tablo 58. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 6	171
Tablo 59. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 7	171
Tablo 60. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 8	172
Tablo 61. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 9	173
Tablo 62. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 10 ..	173
Tablo 63. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon 11 ..	174

Tablo 64. Plan Aksyon CDBG-DR: Kòmantè Piblik ak Kalandriye Reyinyon Pibli yo	178
Tablo 65. Bidjè Pwogram CDBG-DR la	220
Tablo 66. Rèz Bezwen ki Poko Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon Fon yo	226
Tablo 67. Bidjè pou Pwogram Lojman yo	236
Tablo 68. Bidjè pou Pwogram Enfrastrikti ak Etablisman Piblik yo	250
Tablo 69. Bidjè pou Pwogram Sèvis Piblik yo	256
Tablo 70. Bidjè pou Pwogram Mitigasyon	259

Lis Ilistrasyon yo

Ilistrasyon 1. Meyè Pozisyon Wout Siklòn lan, 23-30 Septanm 2022	Error!
Bookmark not defined.	
Ilistrasyon 2. Wout ak Istwa Van Siklòn lan	Error! Bookmark not defined.
Ilistrasyon 3. Pousantaj Lapli Nòmal ki te Obsève soti nan Dat 27 Septanm pou rive 26 Oktòb 2022	Error! Bookmark not defined.
Ilistrasyon 4. Enpak Siklòn lan sou Katye Rezidansyèl yo	Error! Bookmark not defined.
Ilistrasyon 5. Enpak Siklòn lan -Se Bato ki Sekouri Rezidan yo	Error! Bookmark not defined.
Ilistrasyon 6. Katografi Pann Elektrik pou 29 Septanm 2022 (agoch) ak 30 Septanm 2022 (adwat)	Error! Bookmark not defined.
Ilistrasyon 7. FEMA DR-4673, Deklarasyon Katastwòf Florid (Komin ki Deziye yo)	24
Ilistrasyon 8. Kantite Lapli Total (an pous) ki Tonbe nan Eta Florid	25
Ilistrasyon 9. Lapli Siklòn lan (an pous) nan Eta Florid	Error! Bookmark not defined.
Ilistrasyon 10. Revni Obligatwa, Salè ak Lè Travay pou Peye Lwaye sou Mache nan Komin Oranj, 2022	37
Ilistrasyon 11. Chaj Pri Lojman dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	39
Ilistrasyon 12. Fwaye Lokatè dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	40
Ilistrasyon 13. Fwaye Lokatè ki Gen Chaj Pri Lojman dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	41
Ilistrasyon 14. Valè Median Lojman – Komin Oranj, FL	42
Ilistrasyon 15. Pri Mwayèn Vant Kay ki Egziste atravè Tout Komin nan	43
Figure 16. Aplika FEMA AI Komin nan dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	45
Ilistrasyon 17. Aplika FEMA IA Komin nan ki te Fè Pèt Pwopriyete dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	51
Ilistrasyon 18. Mwayèn Pèt Pwopriyete FEMA Verifye dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	52
Ilistrasyon 19. Konpozisyon Pwopriyete Verifye dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	53
Ilistrasyon 20. Distribisyon Popilasyon dapre Ras ak Etnisite	65
Ilistrasyon 21. Popilasyon Depandan dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	66

Illustrasyon 22. Popilasyon Pòv dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL.....	74
Illustrasyon 23. Pousantaj Pòvrete Popilasyon an dapre Ras ak Etnisite.....	75
Illustrasyon 24. Pousantaj Pòvrete dapre Popilasyon ak Orijin Nasyonal	76
Illustrasyon 25. Revni Ba ak Modere (LMI) dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL.....	77
Illustrasyon 26. Endèks Vilnerabilite Sosyal dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	78
Illustrasyon 27. Pèt Pwopriyete ki Verifye dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL.....	80
Illustrasyon 28. Sektè R/ECAP ak Konsantrasyon Rezidan Nwa dapre Sektè Resansman an.....	81
Illustrasyon 29. Sektè R/ECAP ak Konsantrasyon Rezidan Ispanik dapre Sektè Resansman	82
Illustrasyon 30. Pousantaj Kay Mobil dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL	83
Illustrasyon 31. Zòn Pwopriyete pou Ekite – Komin Oranj, FL	100
Illustrasyon 32. Sit Lis Pwopriyete Nasyonal Superfund (NPL) ak Enfòmasyon sou Eitati yo	102
Illustrasyon 33. Pwoksimitè Dechè Danjere – Komin Oranj, FL	103
Illustrasyon 34. Andwa Fich Endistriyè ak Ras/Etnisite – Komin Oranj, FL.....	105
Illustrasyon 35. Etablisman Envantè Rejè Toksik – Komin Oranj, FL.....	106
Illustrasyon 36. Zouti Evalyasyon Danje ak Vilnerabilite LMS Komin Oranj.....	128
Illustrasyon 37. Entèvenan ki Idantifye Pati ki te Plis Afekte yo nan Siklòn lan	146
Illustrasyon 38. Reyinyon Kominotè CDBG-DR – Andwa ak Dat/Lè	163
Illustrasyon 39. Reyinyon Kominotè Sitwayen CDBG-DR nan Distri 1-6 Komin Oranj	167
Illustrasyon 40. Sondaj Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Komin Oranj – Kesyon	12
.....	174

1. Rezime Egzekitif

1.1. Apèsi

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te anonse ke Komin Oranj, FL ap resevwa \$ 219,712,000 pou soutni efò retablisman alontèm apre Siklòn lan (Dezas FEMA No. 4673) atravè Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj. Fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Retablisman aprè Dezas la (CDBG- DR) fèt pou adrese bezwen ki poko satisfè ki rete apre yo fin itilize tout lòt asistans. Plan sa a ap detaye kijan lajan yo pral atribye pou adrese rès bezwen non-satisfè yo nan Komin Oranj, FL.

Pou reponn a bezwen retablisman dezas yo, lwa ki rann fon CDBG-DR disponib yo te enpoze kondisyon siplemantè epi otorize HUD pou modifiye règleman ki aplikab nan pwogram anyèl CDBG a pou amelyore fleksibilite e pèmèt yon retablisman pi rapid. HUD te repati \$219,712,000 nan fon CDBG-DR pou Komin Oranj, FL an repons a Siklòn lan (Dezas FEMA No. 4673), atravè piblikasyon Avi Rejis Federal la (5/18/2023, No. dosye FR-6393-N-01) (<https://www.hud.gov/sites/dfiles/CPD/documents/FR-6393-N-01-AAN.pdf>).


Repatisyon sa a te disponib atravè Lwa sou Apwopriasyon Siplemantè pou Sekou Dezas 2023 (Lwa Piblik 117-328).

1.2. Apèsi Espesifik sou Dezas la

Siklòn lan se te yon gwo siklòn Kategori 4 ki te atèri nan Florid nan dat 28 septanm 2022, epi tout eta a te santi efè l yo. Byenke Komin Oranj pat frape dirèkman nan siklòn nan, efè l yo te siyifikatif, ki lakòz dega toupatou nan enfrastrikti, kay, ak


ekonomi lokal la. Gen kèk wout ki te vin enpasab akòz nivo dlo a ki wo ak debri, ki te anpeche transpò ak aksè a sèvis esansyèl yo. Komin nan te fè fas a defi imedyat nan repons ijans ak retablisman alontèm, ki pouse yon efò komen pou rebati ak elaji enfrastrikti, bay sipòte kominote ki afekte yo, ak fòtifye komin nan kont dezaz ki va rive nan lavni.

Nan Komin Oranj, siklòn nan te vini avèk anviwon 16 pous lapli, ki te vin fè gen gwo inondasyon, wout te fèmen, ak plis pase \$300 milyon dola gwo dega. Tanpèt lan te monte ant 8 a 10 pye, ki te agrave inondasyon an pandan plizyè jou apre siklòn nan te fin pase. Enpak la te gaye toupatou, ki te lakòz pye bwa tonbe, pàn kouran, domaj nan pwopriyete, ak debri. Enfrastrikti kritik, sistèm kominikasyon, ak biznis yo te afekte, ki te kite plizyè kominote san elektrisite ak san dlo pou yon bon bout tan apre evènman siklòn lan.



Ilistrasyon 1. Meyè Pozisyon Wout Siklòn Ian, nan dat 23-30 septanm 2022

Sous: Sant Nasyonal Siklòn, Rapò Siklòn Twopikal pou Siklòn lan (AL092022), https://www.nhc.noaa.gov/data/tcr/AL092022_lan.pdf.




Ilistrasyon 2. Istwa Van ak Wout Siklòn lan

Sous: Sant Nasyonal pou Enfòmasyon Anviwònmanal, <https://www.ncei.noaa.gov>.

Inondasyon sanzatann te frape kèk kote nan Komin Oranj, ki te fè ravaj nan plizye seksyon gwo wout yo epi ki te lakòz gwo dezòd, enkli inondasyon tou pre sant atraksyon touristik yo tankou Universal Studios. Ekip lapolis ak ekip repons pou ijans yo te mennen plizyè operasyon sekou, tankou sekou ayewopò nan katye ki inonde yo.

Gwo inondasyon an te anvayi zòn métro Orlando a, avèk Lake Eola te anvayi epi ranp Entè-etatik toutolon I-4 a te tounen rivyè. Ayewopò Entènasyonal Orlando a te rete fèmen akòz wout yo te inonde.



Ilustrasyon 3. Pousantaj Lapli Nòmral ki te Obsève soti nan dat 27 septanm pou rive 26 oktòb 2022

Sous: Sant Klima Rejyonal NOAA ke Sant pou Klima Florid nan Inivèsite Eta Florid la te adopte apati de Rapò sou Siklòn lan, https://climatecenter.fsu.edu/images/docs/Hurricane_Ian_Report.pdf

Enpak Rezidansyèl ak Komèsyal: Inondasyon siklòn lan te fè yon enpak pwofon sou katye rezidansyèl nan Komin Oranj yo. Kay ki nan zòn ki ba yo oswa kay ki tou pre kò dlo yo te inonde, ki te lakòz domaj estriktirèl nan pwopriyete yo, epi fè kèk kay inabitab. Rezidan yo te deplase, yo te chèche refij nanabri ijans oswa kay zanmi ak fanmi yo.



Ilistrasyon 4. Enpak Siklòn Ian fè sou Katye Rezidansyèl yo

Sous: Gouvènman Komin Oranj, oktòb 2022

Te gen rapò ki te bay kote dlo inonsasyon an te domaje byen pèsònèl, mèb, ak enfrastrikti esansyèl nan kay yo. Gen pati nan sistèm dlo tanpèt Komin Oranj yo ki pat kapab soutni debòdman dlo a, ki te lage anpil kantite dlo a tè a ki te deja plen dlo akòz lapli ki sot pase a. Rezidan yo te santi yo izole nan kay yo akòz dlo inondasyon yo. Gen kèk moun ki te oblije itilize ti kannot pou vwayaje antre soti lakay yo.




Ilustrasyon 5. Enpak Siklòn lan – Bato sovta pou rezidan yo

Sous: Gouvènman Komin Oranj, oktòb 2022

Ofisyèl Florid yo te avèti rezidan yo pou rete lwen dlo ki sou wout yo akòz potansyalite kontaminasyon fekal (Spectrum News). Vil Orlando te mande rezidan yo ak biznis yo pou evite floche twalèt, fè lesiv, lave asyèt, ak pran douch otank posib. An menm tan, travayè yo tap fè reparasyon ijans nan sistèm tou egou vil la apre yo te fin fè mwayen pou debloke tou egou ozaviwon lak ak lari yo (ClickOrlando.com).

Yo te pann kouran nan tout Komin Oranj.



Ilustrasyon 6. Kat Geyografik pou Pann Kouran nan dat 29 septanm 2022 (agoch) ak 30 septanm 2022 (adwat)

Sous: PowerOutage.us; adopte nan Sant Nasyonal Siklòn, Rapò Siklòn Twopikal pou Siklòn Ian (AL092022), https://www.nhc.noaa.gov/data/tcr/AL092022_Ian.pdf

Etablisman komèsyal ak òganizasyon lokal a-bi-non likratif yo te afekte, ki te deranje ekonomi an (domaje envantè, ekipman ak enfrastrikti) epi biznis yo te fèmen tanporèman.

Enpak Alontèm: Konsekans inondasyon Siklòn Ian nan Komin Oranj ap gen enplikasyon alontèm. Pwosesis retablisman an pral enplike anpil efò pou reyabilite pwopriyete ki te domaje yo, retabli ak amelyore enfrastrikti, epi sipòte moun ak biznis ki afekte yo. Efò pou diminye risk inondasyon nan lavni ak ranfòse rezilyans nan Komin Oranj pral nesosite egalman yon planifikasyon global, amelyorasyon

enfrastrikti, ak angajman kominotè pou diminye kalite enpak dezast sa yo nan lavni.

Dega inondasyon an koze nan Komin Oranj aprè Siklòn Ian mete aksan sou ijans pou efò pou repons kowòdone, atribisyon resous, ak planifikasyon alontèm pou fasilite yon retablisman solid ak bati yon kominote ki pi rezilyan kont katastwòf natirèl nan lavni. Nou dwe mete anfas sou enplimantasyon mezi pou bati rezilyans pou diminye risk nan lavni, enkli yon sistèm drenaj amelyore, enfrastrikti ki rezistan kont inondasyon, ak inisyativ preparasyon katastwòfik kominotè.

An jeneral, enpak Siklòn Ian te lakòz dega katastwòfik ki evalye a \$112,9 milya dola nan tout Florid la, epi yo te rapòte gen 156 moun ki te pèdi lavi nan tout Eta a. Li te lakòz gwo pèt nan agrikilti, gwp dega nan enfrastrikti, ak inondasyon devastatè nan anpil komin. Konsekans tanpèt la te lakoz anpil moun te evakye toupatou, operasyon sekou, ak efò retablisman kontinyèl nan tout rejyon ki te afekte yo.

1.3. Rezime

Komin Oranj te antreprann yon analiz konplè sou bezwen nan lojman, enfrastrikti, sèvis piblik, ak bezwen devlopman ekonomik ki rete non-satisfè akòz enpak Siklòn Ian fè sou komin nan. Pi presizeman, anplwaye komin nan te itilize done Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA) ak Administrasyon pou Ti Biznis yo (SBA) ki gen rapò ak demann pou èd piblik ak endividyèl, ansanm ak demann pou asirans, pou detèmine bezwen debaz non-satisfè ki gen rapò ak domaj nan lojman ak enfrastrikti. Done FEMA ak SBA yo te sipleman avèk enfòmasyon nou te resevwa nan men Depatman ak Divizyon Komin yo, jiridiksyon lokal yo, otorite

lojman piblik yo, patnè kominotè yo ak entèvenan yo, founisè sèvis sanzabri yo, ak rezidan komin yo. Nou te kolekte enfòmasyon sa yo atravè plizyè reyinyon gwoup konsantre, yon sondaj ke sitwayen yo te patisipe ladan, ak trèz (13) reyinyon kominotè ki te fèt nan divès kote nan tout Komin Oranj lan. Tablo 1 anba a rezime bezwen non-satisfè ki idantifye nan Komin Oranj.

<u>Kategori</u>	<u>\$ Bezwen Non-Satisfè</u>	<u>% bezwen ki Poko Satisfè yo</u>
Lojman	\$253,300,768	59.31%
Enfrastrikti ak Etablisman Piblik	\$160,700,743	37.63%
Amelyorasyon Ekonomik	\$13,047,152	3.06%
TOTAL	\$427,048,663	100%

Tablo 1. Rezime Bezwen Non-Satisfè ak Atribisyon Fon ki Pwopoze yo

Bezwen pou Lojman: Analiz done FEMA yo, espesyalman reklamasyon pou asistans endividyèl, endike ke nou bezwen aktyèlman \$253,300,768 pou repare dega ki fèt nan kay yo, prensipalman kay ke mèt yo abite nan yo ki te sibi domaj nan Siklòn lan.

Pi presizeman, 9,911 kay te domaje, dapre demann FEMA yo. Majorite demann yo te rapòte nan kategori domaj minè-ba (4,409 – tout kalite kay), ki te swivi ak domaj majè-ba (2,864 – tout kalite kay), domaj majè-wo (901 – kay) ak domaj minè-wo (803 – tout kalite kay). Enpak ki soti nan inondasyon ke Pwogram Nasyonan Asirans Inondasyon (NFIP) kouvri, rapòte 680 demann, ak yon enpak total pou plis pase \$48,000,000. Mete tout sa yo avèk reklamasyon FEMA yo, reprezante yon sòm total pèt lojman nan Komin Oranj ki plis pase \$243M pou 10,591 kay, oswa yon total modifiye ki nan \$315.9M lè nou adisyone yon lòt 30% ki bezwen rebati pou yo ka pi rezistan. Kantite kay yo enkli kay inifamilyal, kondo

ak apatman, kay mobil, ak lòt kalite lojman. Yo te kalkile bezwen total lojman non-satisfè yo a \$253,300,768. Yo te soustrè lajan ki disponib pou retablisman, epi adisyone yon lòt 30% fon ki nesèsè pou sipòte karakteristik rezistans lojman, tankou rekonstri nan estanda ki pi wo pou minimize domaj kont evènman katastwòfik nan alavni.

Anplis de sa, otorite lojman piblik yo te rapòte gen 50 kay ki te domaje ki poko repare (20 kay –gen ti domaj, 30 kay – gen gwo domaj) ak yon kay ki te detwi (pa gen yon montan pou bezwen non-satisfè ki rapòte). Anplis de sa, sou 801 moun ki te patisipe nan sondaj sitwayen an, 36.48% te rapòte yo gen domaj nan kay yo, men se sèlman 1.89% ki te rapòte ke yo te aplike e ki resevwa tout èd yo te bezwen yo. Anplis de sa, 6.42% te rapòte yo te oblije deplase akòz siklòn nan, epi 5.53% te rapòte kay yo te toujou pa an sekirite. Pandan reyinyon kominotè nou te genyen avèk rezidan komin yo ansanm avèk entèvenan kominotè ki te patisipe nan konvèsasyon gwoup konsantre yo, yo te mete aksan sou bezwen pou pwogram reyabilitasyon lojman, bezwen lojman espesyal ak nouvo lojman abòdab.

Bezwen enfracstrikti: Analiz done FEMA sou reklamasyon asistans piblik, konbine avèk enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè komin lan ki te soumèt kòm yon pati nan Pwogram Sibvansyon pou Diminye Risk (HMGP) ak divès bezwen reparasyon/ekspansyon kapasite enfracstrikti ke minisipalite lokal yo te rapòte, ki abouti a yon total \$160,700,743 pou divès pwojè enfracstrikti ak etablisman piblik. Chif sa a reprezante \$30,835,935 nan depans non federal nan pwojè èd piblik FEMA yo (ak 30% nan depans rezilyans ajoute), \$11,264,808 nan depans non-federal nan pwojè ki te soumèt pou fon HMGP a, ak \$18,600,000 nan pwojè ki gen

rapò ak Siklòn lan ki te soumèt nan pwosesis konsiltasyon divès Depatman ak Divizyon komin lan ak jiridiksyon lokal yo. Majorite amelyorasyon ki nesèsè yo gen rapò ak dlo tanpèt, drenaj, ak amelyorasyon kapasite etablisman ki deja egziste yo.

Anplis de sa, moun ki te patisipe nan sondaj sitwayen yo te mete aksan sou inondasyon kontinyèl ak enkyetid lari/drenaj kòm bezwen prensipal kominote yo (nan 54.7%) akòz Siklòn lan. Patisipan yo te deklare tou pi gwo priyorite depans yo se amelyorasyon enfrastrikti ak mitigasyon pwojè yo, 31% e 23% rezidan yo bay nòt ki pi wo a de (2) kategori sa yo.

Bezwen Amelyorasyon Ekonomik: Daprè enfòmasyon sou prè lajan pou biznis ke SBA rapòte ki gen rapò ak Siklòn lan, te gen 1,031 biznis ki voye aplikasyon ki soti nan Komin Oranj. Nan moun sa yo, 81 aplikan te apwouve pou prè lajan pou domaj oswa deranjman ekonomik, 74 aplikan te gen yon pèt pwopriyete verifye ki nan \$7,789,194, ak yon lòt 950 aplikan ki te swa "an pwosesis", ki te deside pou pa koninye ak aplikasyon an, oswa pwogram nan te ba yo refi pou prete lajan an. Pèt yo te konbine avèk pèt koni daprè done komèsyal SBA yo ki estime yon enpak ekonomik inisyal total sou byen imobilye komèsyal ak kontni antrepriz ki nan \$15,831,167, oswa \$ 20,580,517 lè nou Komin 30% depans rezilyans siplemantè pou rebati estrikti ki domaje yo. Apre yo fin soustrè peman SBA fè bay biznis yo, gen yon total \$13,047,152 nan bezwen revitalizasyon ekonomik non-satisfè ki rete. Total sa a konte pou depans rezilyans.

Pandan pwosesis angajman kominotè a, nou te resevwa kèk kòmantè ki gen rapò ak devlopman ekonomik e retablisman. Nan moun ki te patisipe nan sondaj la, 3.85% nan yo te rapòte ke yo konnen bon kou biznis ki te fèmen ak/oswa ki demenaje akòz Siklòn lan. Anplis de sa, 12% nan patisipan yo endike yon bezwen pou finanse aktivite ki ankouraje kreyasyon travay, devlopman biznis ak retablisman ekonomik.

Nou dwe remake ke dènyèman Komin Oranj te enplimante inisyativ pou ede biznis yo avèk retablisman ekonomik. Pi presizeman, prèske 8,000 ti biznis nan Komin Oranj te resevwa yon total de \$80M nan sibvansyon pou ti biznis nan fon CARES la. Prèske 65% nan dola sa yo te al jwenn biznis ke se minorite ak fanm ki mèt yo. Anplis de sa, Komin nan te bay \$31.3M dola kòm èd a biznis yo nan fon ki disponib atravè Plan pou Sove Ameriken an. Komin Oranje te itilize lajjan sa a pou etabli pwogram RANFÒSE Ti Biznis yo pou bay sibvansyon a ti biznis lokal yo, biznis ki fèt lakay yo, ak travayè gigè yo. Lajan sa a ka itilize pou depans biznis, tankou salè, ipotèk, lwaye, sèvis piblik, pewòl, ak lòt depans. Yo pa gen pou ranbouse lajan sibvansyon sa a epi lajan an te distribye sou yon baz "premye-vini, premye-sèvi" pou aplikan ki kalifye yo. Finalman, Pwogram BANC Komin Oranj lan (Asistans pou Biznis ki nan Koridò Katye yo) bay ti biznis yo yon sibvansyon fasad pou ede yo revitalize zòn biznis yo pou amelyore yon seri koridò pou rann yo estetikman atreyan pou achtè yo ak pwopriyetè biznis yo.

Lòt bezwen: Bezwen siplemantè ki te rapòte pandan pwosesis angajman ak sansibilizasyon kominotè a te gen rapò ak sèvis piblik (egzanp, konsèy sou lojman, fòmasyon pou travay ak plasman nan travay, sèvis mantal ak sante, elatriye), sèvis

pou moun nan popilasyon an ki gen bezwen espesyal, enkli granmoun aje, moun ki gen andikap, ak endividyèl e fanmi ki sanzabri, ak bezwen ki gen rapò ak preparasyon anvan dezas e apre yon dezas.

An jeneral, adrese bezwen sa yo, pral mande pou yon angajman soutni, kolaborasyon, ak atribisyon resous ki soti nan divès sektè, enkli ajans gouvènmantal, òganizasyon kominotè, biznis, ak sitwayen ki konsène yo, pou fasilite retablisman global ak ranfòse rezilyans nan Komin Oranj lan apre siklòn lan.

1.4. Bezwen Non-Satisfè ak Atribisyon Pwopoze

Anvan obligasyon fon CDBG-DR yo, Komin Oranj oblije soumèt yon plan ki detaye sou itilizasyon lajan yo bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD). Plan an dwe enkli kritè kalifikasyon yo, epi deklare kijan itilizasyon lajan sa yo pral adrese retablisman alontèm ak restorasyon enfrastrikti ak lojman, revitalizasyon ekonomik, ak mitigasyon nan zòn ki pi afekte yo ak zòn ki nan detrès yo. Nan ka Komin Oranj, tout Komin lan, enkli tout trèz (13) minisipalite li yo, te idantifye kòm yon zòn ki pi afekte ak an detrès (MID). Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj se ajans kap administre fon retablisman sa yo.

Anplis de sa, tout aktivite ke CDBG-DR finanse yo dwe satisfè kondisyon minimòm pwogram lan. Sa vle di, chak aktivite dwe:

- Yon aktivite ki kalifye pou CDBG;
- Satisfè yon Objektif Nasyonal nan pwogram CDBG a; epi

- Adrese yon enpak dirèk oswa endirèk gwo dezaz la nan yon zòn ki prezidansyèlman deklare (Siklòn lan).

An konfòmite ak kondisyon sa yo, Komin Oranj te devlope Plan Daksyon CDBG-DR sa a pou retablisman katastwòfik pou dekri kòman fon yo pral administre. Pwogram ak aktivite ki endike nan Plan daksyon sa a jwenn sipòte nan rezilta evalyasyon bezwen non-satisfè yo ki enkli nan dokiman sa a, ansanm ak angajman ak sansibilizasyon kominotè, ak kolaborasyon entèvenan kominotè lokal yo avèk rezidan komin yo. Resous sa yo te ede detèmine bezwen non-satisfè ki rete yo, jan HUD egzije l la.

Daprè bezwen non-satisfè ki idantifye yo ak atribisyon fon CDBG-DR komin lan, bidjè sa a pwopoze nan Plan Daksyon an pou aplike estrateji ak aktivite ki adrese bezwen non-satisfè yo ak mitigasyon pou asire retablisman alontèm Komin Oranj nan efè Siklòn lan.

<u>Kategori</u>	<u>Rès Bezwen ki Poko Satisfè yo</u>	<u>% bezwen ki Poko Satisfè yo</u>	<u>Atribisyon Pwogram nan</u>	<u>% Fon pou Pwogram yo</u>
Lojman (<i>reyabilitasyon & nouvo konstriksyon kay</i>)	\$253,300,768	59.31%	\$ 108,746,160	49.5%
Enfrastrikti ak Etablisman Piblik	\$160,700,743	37.63%	\$ 59,322,240	27%
Mitigasyon	\$0	Pa Aplikab	\$ 28,658,000	13%
Amelyorasyon Ekonomik	\$13,047,152	3.06%	\$0	0%
Sèvis Piblik (<i>enkli aktivite retablisman ekonomik</i>)	-	Pa Aplikab	\$ 7,000,000	3.2%

Administrasyon	-	Pa Aplikab	\$10,985,600	5%
Planifikasyon (etid)	-	Pa Aplikab	\$5,000,000	2.3%
TOTAL	\$427,048,663	100%	\$219,712,000	100%

Tablo 1. Rèz bezwen Non-Satisfè yo ak Atribisyon Fon Pwopoze yo

Atribisyon fon ki pwopoze nan Plan Daksyon sa a enki lojman, enfrastrikti, ak aktivite sèvis piblik, ansanm ak minimòm ki nesèsè ke yo mete apa pou aktivite mitigasyon ak fon pou planifikasyon ak administrasyon.

Pwogram pwopoze yo ak metòd distribisyon yo enkli yon pwogram reyabilitasyon pou pwopriyetè kay nan tout komin lan, nouvo konstriksyon kay abòdab, espesyalman pou moun ki gen bezwen espesyal yo, pwogram amelyorasyon enfrastrikti nan tout Komin lan, ak rekonpans konpetitif pou pwojè jiridiksyon lokal yo, òganizasyon a-bi-non likratif yo ak patnè kominotè pou adrese maksimòm bezwen non-satisfè ke posib, ak mete anfas sou sansibilizasyon ak asistans pou popilasyon ki pi vilnerab ak popilasyon ki pi difisil pou atenn yo ki te afekte nan Siklòn lan.

Objektif prensipal Plan Daksyon an se:

1. Prezève estòk kay ki egziste deja yo epi elaji kad pwopriyetè kay dirab e abòdab ak opòtinite pou lwaye pou rezidan Komin Oranj yo.
2. Bati kominote ki rezilyan nan ranfòse katye ki afekte nan dezaz la atravè investisman nan enfrastrikti ak etablisman piblik yo;

3. Amelyore rezistans kominotè ak estabilite ekonomik nan ofri aksè elaji a sèvis piblik ki garanti estabilite nan lojman ak oto-sifizans pou rezidan Komin yo; epi
4. Ankouraje e garanti aksè san patipri nan lojman pou tout rezidan.

2. Evalyasyon Bezwen Non Satisfè yo

2.1. Apèsi


HUD egzije Komin Oranj pou dokimante enpak ak bezwen ki Poko Satisfè ki soti nan Siklòn lan pou jwenn fon federal CDBG-DR. Evalyasyon Bezwen Non-satisfè a idantifye enpak ak bezwen non-satisfè yo nan twa kategori prensipal: lojman, enfrastrikti, ak revitalizasyon ekonomik. Idantifikasyon bezwen ki Poko Satisfè ede Komin lan gide devlopman pwogram rekiperasyon pou sipòte rekiperasyon siklòn alontèm ak rezistans nan lavni kominote nou an, ansanm ak dirabilite efò rekiperasyon nou yo.

HUD itilize pi bon done ki disponib pou idantifye ak kalkile bezwen non-satisfè pou sekou katastwòfik, rekiperasyon alontèm, restorasyon enfrastrikti ak lojman, ak revitalizasyon ekonomik. Dapre evalyasyon sa a, HUD te avize Komin Oranj ke li pral resevwa yon alokasyon ki nan \$ 219,712,000. Daprè avi Rejis Federal la, Komin lan ka itilize jiska senk (5) pousan nan sibvansyon total la pou administrasyon sibvansyon, ak jiska kenz (15) pousan nan sibvansyon an pou depans planifikasyon. Tout Komin lan, enkli tout trèz (13) minisipalite yo, te idantifye kòm zòn ki pi afekte ak an detrès (MID); Se poutèt sa, fon CDBG-DR yo ka depanse atravè tout Komin Oranj la nan pwojè ak aktivite ki kalifye ki adrese bezwen dezaz oswa alèjman non-satisfè yo.

2.1.1. Enpak Siklòn lan sou Komin Oranj

Siklòn lan te atèri nan Florid nan dat 28 septanm 2022, kòm yon siklòn Kategori 4. Pandan ke tanpèt la te febli pandan li tap pase tou dousman nan nòdès santral Florid, li te lakòz gwo domaj, epi efè tanpèt la te byen resanti nan anpil kominote

ak katye Komin Oranj yo. Nan demen, 29 septanm 2022, yo te siyen Deklarasyon Prezidansyèl DR-4673 pou eta Florid akòz enpak katastwofik Siklòn lan. Asistans Ajans Federal Jesyon Ijans (FEMA) ki gen rapò ak Siklòn lan te disponib pou tout 67 komin nan eta Florid yo, ki demontre gwo dimansyon dirèk ak endirèk enpak li yo.



Ilistrasyon 1. FEMA DR-4673, Deklarasyon sou Katastwòf lan Florid (Komin ki Deziyen yo)


Sous: FEMA, <https://www.fema.gov/disaster/4673/designated-areas>

Analiz enfòmasyon (done ak opinyon kominote a) ki gen rapò ak domaj dezast Siklòn lan yo, endike ke se yon konbinezon ant anpil lapli, inondasyon, ak gwo van ki te lakòz domaj prensipal yo.

Selon Sant Nasyonal Siklòn, lan te pwodwi anpil lapli ak inondasyon sou tras li. Nan santral ak lès Florid, total lapli 10-20 pous te lakòz gwo inondasyon St. Johns River, Lake George, Crest Lake, Little Wekiva River, ak Dunns ak Shingle Creek,

ki afekte Komin Seminole, Oranj, Lake, Putnam, ak Osceola (Sous: Rapò Siklòn lan,

https://www.nhc.noaa.gov/data/tcr/AL092022_lan.pdf).



Ilistrasyon 2. Kantite Total Lapli (an pous) nan Eta Florid
 Sous: Sant Nasyonal pou Enfòmasyon Anviwònmanal,
<https://www.ncei.noaa.gov/access/monitoring/monthly-report/national/202209/supplemental/page-5>

Pi gwo lapli nan Komin Oranj pandan Siklòn lan te anrejistre nan 17.24 pous, nan zòn Union Park.


Zòn/Katye	Total lapli (pous)
Union Park 3.5 SE	17.24 pous
Union Park 3.1 SE	15.39 pous
Orlando 5.3 ENE	14.96 pous
Union Park 1.1 E	14.64 pous
Ayewopò Intl Orlando	13.20 pous
Orlando 12.0 S	13.13 pous
Meadow Wood 1.1 SSE	12.15 pous
Bithlo 7.6 S	11.76 pous
Orlando 4.9 N	11.58 pous

Apopka 0.4 NW	10.95 pous
Orlando 6.8 W	10.87 pous
Orlando West	9.09 pous
Bay Lake 4.1 WSW	8.99 pous
Oakland 1.5 WSW	6.66 pous

Tablo V.3. Total lapli ki tonbe nan Siklòn Ian – Komin Oranj, FL
Sous: Sèvis Nasyonal Metewolojik,
https://www.weather.gov/mlb/ian_rainfall_totals

Ilustrasyon ki anba a montre kote lapli a te plis tonbe.

Kantite lapli san parèy ki te tonbe pandan yon tibout tan te lakòz gwo inondasyon pandan sistèm dlo tanpèt yo te gen difikilte pou jere kantite dlo yo, tandiske plan dlo yo tap debòde epi yo te inonde lari yo ak pwopriyete avwazinant yo.



Ilustrasyon 9. Lapli Siklòn Ian (an pous) nan Eta Florid

Sous: Sant Nasyonal pou Enfòmasyon Anviwònmantal,
<https://www.ncei.noaa.gov/access/monitoring/monthly-report/national/202209/supplemental/page-5>

Anplis de sa, van ki gen fòs ouragan te lakòz gwo blakawout nan Komin Oranj, espesyalman nan ansyen katye kote fil kouran yo tradisyonèlman sitiye anlè sou poto. Daprè Sant Nasyonal pou Enfòmasyon Anviwònman an, van nan Orlando/Komin Oranj te rive nan 74 kilomèt alè. Enpak van an ka souvan lakòz domaj nan estrikti yo, espesyalman sou do kay, sa ki lakòz anpil debri, epi ki lakòz plis domaj nan fil kouran yo (souvan akòz pyebwa kap tonbe).

2.1.2. Metodolojipou Bezwen Non-satisfè ak Rezime Rezilta yo

Komin Oranj te antreprann yon analiz konplè sou bezwen nan lojman, enfracstrikti, sèvis piblik, ak bezwen devlopman ekonomik ki rete non-satisfè akòz enpak Siklòn lan fè sou komin nan. Pi presizeman, anplwaye komin nan te itilize done Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA) ak Administrasyon pou Ti Biznis yo (SBA) ki gen rapò ak demann pou èd piblik ak endividyèl, ansanm ak demann pou asirans, pou detèmine bezwen debaz non-satisfè ki gen rapò ak domaj nan lojman ak enfracstrikti. Done FEMA ak SBA yo te siplemante avèk enfòmasyon nou te resevwa nan men Depatman ak Divizyon Komin yo, jiridiksyon lokal yo, otorite lojman piblik yo, patnè kominotè yo ak entèvenan yo, founisè sèvis sanzabri yo, ak rezidan komin yo. Nou te kolekte enfòmasyon sa yo atravè plizyè reyinyon gwoup konsantre, yon sondaj ke sitwayen yo te patisipe ladan, ak trèz (13) reyinyon kominotè ki te fèt nan divès kote nan tout Komin Oranj lan. Tablo 1 anba a rezime bezwen non-satisfè ki idantifye nan Komin Oranj.

<u>Kategori</u>	<u>\$ Bezwen Non-Satisfè</u>	<u>% bezwen ki Poko Satisfè yo</u>
Lojman	\$253,300,768	59.31%
Enfrastrikti ak Etablisman Piblik	\$160,700,743	37.63%
Amelyorasyon Ekonomik	\$13,047,152	3.06%
TOTAL	\$427,048,663	100%

Tablo 4. Rezime Bezwen Non-Satisfè ak Atribisyon Fon ki Pwopoze yo

2.2. Bezwen Lojman ki Poko Satisfè

Seksyon sa a dekri pèt ak bezwen non-satisfè ki gen rapò ak enpak Siklòn lan sou estòk lojman nan Komin Oranj. Analiz bezwen non-satisfè yo idantifye yon bezwen rekiperasyon total lojman non-satisfè a \$ 253,300,768.

2.2.1. Bezwen Lojman Non-Satisfè – Rezime

Analiz done FEMA yo, espesyalman reklamasyon pou asistans endividyèl, endike ke nou bezwen aktyèlman \$253,300,768 pou repare dega ki fèt nan kay yo, prensipalman kay ke mèt yo abite nan yo ki te sibi domaj nan Siklòn lan.

Pi presizeman, 9,911 kay te domaje, dapre reklamasyon FEMA yo. Majorite demann yo te rapòte nan kategori domaj minè-ba (4,409 – tout kalite kay), ki te swivi ak domaj majè-ba (2,864 – tout kalite kay), domaj majè-wo (901 – kay) ak domaj minè-wo (803 – tout kalite kay). Gen 680 reklamasyon pou domaj ki gen

rapò ak inondasyon ke Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP) an kouvri, ak yon pri total ki plis pase \$ 48,000,000. Mete tout sa yo avèk reklamasyon FEMA yo, reprezante yon sòm total pèt lojman nan Komin Oranj ki plis pase \$243M pou 10,591 kay, oswa yon total modifiye ki nan \$315.9M lè nou adisyone yon lòt 30% ki bezwen rebati pou yo ka pi rezistan. Kantite kay yo enkli kay inifamilyal, kondò ak apatman, kay mobil, ak lòt kalite lojman. Yo te kalkile bezwen total lojman non-satisfè yo a \$253,300,768. Yo te soustrè lajan ki disponib pou retablisman, epi adisyone yon lòt 30% fon ki nesèsè pou sipòte karakteristik rezistans lojman, tankou rekonstri nan estanda ki pi wo pou minimize domaj kont evènman katastwòfik nan alavni.

2.2.2. Bezwen Lojman Non-Satisfè – Metodoloji Detaye

HUD kalkile "bezwen lojman non-satisfè" kòm kantite kay ki gen bezwen non-satisfè miltipliye avèk pri ki estime pou repara kay sa yo mwens fon reparasyon ki deja founi yo. Sepandan, paske sous done konplè yo souvan difisil pou jwenn apre yon gwo evènman katastwòfik, HUD te deklare ke yo ka itilize kalkil anpirik jistifye yo pou detèmine pri mwayèn pou repara yon kay konplètman. Anjeneral sa fèt lè yo itilize depans reparasyon domaj pwopriyete imobilye mwayèn Administrasyon Ti Biznis la detèmine pou pwogram prè li a nan moman katastwòf pou sou-ansanm kay SBA ak FEMA enspekte yo. Etan done ke SBA ap enspekte entegralite depans reparasyon yo, li prezime pri total pou repara kay la, ki jeneralman pi plis pase estimasyon FEMA yo sou pri pou rann kay la abitab" (Sous: <https://www.govinfo.gov/content/pkg/FR-2013-03-05/pdf/2013-05170.pdf>).

Pou Komin Oranj, itilizasyon estimasyon domaj FEMA yo avèk kategori HUD jan sa dekri nan [Rejis Federal](#) la, epi konte aplikan FEMA pou domaj (enspekte oswa non) ki pa te kalkile yo founi mezi ki pi reyalis nan enpak ak bezwen non-satisfè pou lojman yo. Itilize valè bezwen non-satisfè HUD yo ki diskite anba a ak done FEMA yo sou kantite aplikan yo, abouti a yon enpak lojman ki pa ajiste nan \$243,070,375 milyon dola. Valè sa a ogmante a prèske \$316 milyon lè w ajoute 30% pou teni kont nesosite pou rebati nan yon fason ki rezilyan.

Metòd pou kreye enpak lojman ak bezwen non-satisfè yo diskite anba a.

Yo itilize Pèt Verifye Pwopriyete Imobilye FEMA a (RPFVL) ak kantite aplikan yo pou kalkile enpak lojman pou evalyasyon sou bezwen yo. Nou kòmanse (Tablo 5) lè nou itilize RPFVL FEMA enspekte a pou 4,409 aplikan Komin Oranj yo kote yo te detèmine domaj FEMA Minè-Low (A). Genyen isi a tou yon estimasyon (B) pèt pou aplikan FEMA (803) ki te sibi domaj Minè-Elve FEMA a ak pou aplikan (2,864) ki te sibi omwen Pèt Verifye majè-fè (C) FEMA a. Isit la, pèt total (Kolòn 5) pou tout inite lojman minè-ba ak minè-elve ki domaj yo te sòti nan miltipliye chak montan (Kolòn 3) avèk pèt mwayèn (Kolòn 4).

Mete an kont pri ranplasman pi presi pou aplikan pwopriyete kay ki gen gwo domaj ak domaj grav yo, oblije yon analiz pi detaye sou pèt mwayèn pou kay, kondò/apatman, kay mobil, ak tout "lòt" kalite kay. Isit la, sou-ansanm chak nan kalite lojman sa yo pwodwi yon estimasyon pi reyalis sou enpak nan zòn AOI (Kolòn 5, ranje D-K).

Estimasyon pou pèt pou kay ki domaje majè-ba, majè-elve, ak grav yo te kalkile nan miltipliye kantite nan chak kategori avèk miltiplikatè Rejis Federal HUD la pou chak kategori ki asosye a (minè-elve = \$ 36,800, majè-elve, e grav = \$ 45,952). Rezilta yo endike pi gwo domaj/pi gwo enpak nan kay (ranje D) nan kategori gwo domaj, apre sa se kondò/apatman (ranje E) ak kay mobil (ranje F) nan kategori doamj majè-elve yo. Relativman kèk kay (n=158) te klase kòm "Domaj Grav" dapre FEMA RPFVL.

Enpak sou inondasyon ke Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP) a kouvri, rapòte 680 demann, avèk yon enpak total pou plis pase \$48,000,000 (Tablo 5 – Ranje L).

Sòm total pèt ki soti nan chak liy (A-L) reprezante pèt total pou lojman Komim lan (Ranje M) pou plis pase \$ 243 milyon dola. Rekonèt nesosite pou rekonstwi plis rezilyans, valè total pèt lojman sa a te miltipliye pa 30% pou teni kont a ogmantasyon pri konfòmite ak materyèl konstriksyon adisyonèl ki nesese pou ran sosyete a pi rezilyan (Ranje L), ki mennen nan yon enpak total modifiye de \$ 315.9 milyon dola.

Metè an kont resous rekiperasyon ki disponib yo (Liy O-P) montre benefis total yo bay Komin Oranj jiska prezan. Isit la, yo te bay plis pase \$ 62.6 milyon atravè de (2) kategori pou ede sivivan nan katastwòf la ak reparasyon, rekonstrikasyon, ak demenajman apre lan. Malerezman, kantite lajan pou rekiperasyon yo bay jiska prezan toujou kite yon gwo bezwen lojman non-satisfè ki nan plis pase \$ 183

milyon dola pou Komin Oranj (Tablo 5 – Ranje R). Lè w ap ajiste pou rekonstriksyon kay rezistan nan kòd bilding aktyèl la, bezwen total non-satisfè yo atravè Komin Oranj monte a plis pase \$ 253,000,000 (Ranje S).

Idantifikasyon Kolòn	Done	Kontaj	Estimasyon Pèt Total/Sipò
A	Domaj Minè-Ba pou Aplikan FEMA IA (Tout Kalite Kay)	4,409	\$ 1,948,039
B	Domaj Minè-Elve pou Aplikan FEMA IA (Tout Kalite Kay)	803	\$ 2,640,669
C	Domaj Minè-Ba pou Aplikan FEMA IA (Tout Kalite Kay)	2,864	\$ 105,395,200
D	Domaj Majè-Elve pou Aplikan FEMA IA (Kay)	901	\$ 41,402,752
E	Gwo Domaj pou Aplikan FEMA IA (kondos/Apatman)	622	\$ 28,582,144
F	Domaj Majè-E;ve pou Aplikan FEMA IA (Kay Mobil)	134	\$ 6,157,568
G	Domaj Majè-Elve pou Aplikan FEMA IA (Tout Lòt Kalite)	20	\$ 919,040
H.	Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA (Kay)	57	\$ 2,619,264
I	Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA (Kondo/Apatman)	74	\$ 3,400,448
J	Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA (Kay Mobil)	25	\$ 1,148,800
K	Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA (Tout Lòt Kalite)	2	\$ 91,904
L	Domaj NFIP Idantifye	680	\$ 48,764,546
M	Pèt Lojman Total		\$ 243,070,375
Non	Pèt Lojman Total (Konte 30% Adisyonèl pou Rezilyans)		\$ 315,991,487
O	Peman FEMA pou repara kay	1,633	\$ 13,926,173
P	Peman estimasyon bilding NFIP	680	\$ 48,764,546
Q	Sipò total		\$ 62,690,719
R	Bezwen Inisyal Non-Satisfè	\$ 180,379,656	\$ 180,379,656
S	Bezwen Total pou Lojman Non-Satisfè reprezante yon	\$253,300,768	\$253,300,768

	lòt 30% nan finansman ki nesesè pou soutni rekonstriksyon nan pi wo estanda (rezilyans)		
--	--	--	--

Tablo 2. Enpak Lojman ak Bezwen Non-Satisfè – Komin Oranj, FL
Sous: FEMA

2.2.3. Domaj ak Enpak Katastwòfik

Komin Oranj sitiye nan kè Santral Florid. Kouvri yon sipèfisi ki gen plis pase 1,000 mil kare ak 13 minisipalite, Komin nan abrite prèske yon milyon edmi rezidan, sa ki fè se Komin nan ki gen abitan nan Santral Florid la.

Biwo Rechèch Ekonomik ak Biznis nan Inivèsite Santral Florid (BEBR) estime popilasyon total Komin Oranj ak 13 minisipalite li yo nan 1,481,321 abitan, ak popilasyon Komin Oranj non-enkòpore a nan 928,465 abitan, oswa prèske 63% nan Komin lan.

Aprè anglè, dezyèm lang ki pi plis pale nan Komin Oranj se Panyòl. Yon total de 148,697 kay nan Komin Oranj rapòte ke yo pale Panyòl lakay yo. Nan mitan tout lang yo, 43,801 fwaye te rapòte ke yo pale mwens Anglè "trè byen." Sa gen enplikasyon sou sansibilizasyon ak livrezon pwogram lojman nan kominote a epi bay repons a rekiperasyon apre enpak katastwòfik yo.

2.2.3.1. Pwovizyon ak Kondisyon Lojman Avan Dezas la

Komin Oranj ofri yon varyete kalite lojman ki te jeneralman karakterize kòm kay inifanmilyal, milti-fanmilyal, ak kay mobil. Kay inifanmilyal detache yo fè majorite nan stock lojman Komin Oranj yo (kay vil yo konsidere kòm milti-fanmilyal nan kalkil sa a). Tablo ki anba a montre, an 2021, te gen 554,517 inite abitab nan Komin Oranj. Apeprè 62.7 pousan nan yo se kay inifanmilyal, tandiske 33.5 pousan nan yo se kay milti-famlyal.

Kalite Lojman	Kantite	Pousantaj
Inifamilyal	348,310	62.7

Militifamilyal (2 inite oswa plis)	187,171	33.5
Kay Mobil	18,710	3.7
Lòt	326	0.1
TOTAL	554,517	100

Tablo 3. Inite Lojman Daprè Kalite – Komin Oranj, FL
 Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane

Inite lojman ki te konstwi ant 1980 ak 2021 yo konpoze majorite estòk lojman ki nan (71.3 pousan) nan Komin Oranj. Tablo ki anba a montre laj inite lojman yo nan Komin lan.

Ane Estrikti a te Bati	Kantite	Pousantaj
2010 oswa apre	72,917	13.1
2000-2009	117,112	21.1
1990-1999	130,688	18.7
1980-1989	102,036	18.4
1970-1979	66,958	12.1
1960-1969	38,700	7.0
1950-1959	36,615	9.6
1940-1949	8,303	
1939 oswa pi bonè	8,188	
TOTAL	554,517	100

Tablo 4. Ane Estrikti a Bati – Komin Oranj, FL
 Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominote Ameriken pou 5-ane (adopte nan Sant Echanj Done sou Lojman nan Florid nan <http://flhousingdata.shimberg.ufl.edu>)

2.2.3.2. **Lojman Abòdab**

Komin Oranj, menm jan ak lòt komin nan Santral Florid la ak atravè peyi a, ap fè fas a yon kriz lojman abòdab. Daprè yon etid Sant Shimberg nan Inivèsite Florid pou Etid Lojman te fè nan ane 2019, yo note ke 98,654 lokatè nan zòn Orlando depanse plis pase 40% nan revni masyèl yo sou lwaye sèlman. Eitou etid la te revele ke gen yon bès global nan pwopriyetè kay ki koresponn a ogmantasyon lokatè yo. Anpil nouvo lokatè pa gen gwo mayen, avèk apeprè 59,000 fwaye ki

touche mwens pase 60% AMI ak plis pase 76,000 fwaye ap konfwonte depans an plis. Ansanm, tandans sa yo endike yon bezwen pou bati plis kay pou lokatè yo ak prezèvasyon ak kreyasyon lojman abòdab pou moun ka achte. Daprè Estimasyon 2022 ACS pou Senk Ane a, mwayèn lwaye brit nan Komin Oranj se \$ 1,553, e revni medyàn ki ajou pou fwaye yo pou 2023 se \$ 85,700.

Rapò Gap Kowalisyon Lojman Nasyonal pou Moun ki Pa Gen Gwo Mwayen yo estime ke se Florid ki dezyèm nan pi move lojman abòdab nan peyi a, ak sèlman 23 kay lokatif abòdab e ki disponib pou chak 100 lokatè ki pa gen gwo mwayen. Abòdabilite pi mal toujou nan Zòn Metwopoliten Orlando-Kissimmee-Sanford, ak 15 ikay abòdab e ki disponib pou chak 100 fanmi ki pa gen gwo mwayen. Rapò a estime tou ke nan Zòn Metwopoliten an, 89% nan menm kay ki pa gen mwayen ap fè anpil depans anplis.

Ilustrasyon ki anba a montre revni anyèl fwaye a ak salè pou chak èdtan ki nesèsè pou peye Lwaye Ekitab nan Komin Oranj. (Remak: nan moman rapò sa a, salè minimòm Florid la te \$ 10 pou chak èdtan ak salè mwayèn Komin Oranj lan te \$ 19.29 pou chak èdtan).

HOUSING COSTS (FAIR MARKET RENTS)	ANNUAL INCOME NEEDED TO AFFORD	HOURLY WAGE FOR 40/HR WEEK NEEDED TO AFFORD	HOURS/WK AT AVG HOURLY WAGE NEEDED TO AFFORD	HOURS/WK AT MINIMUM WAGE NEEDED TO AFFORD
1 bedroom: \$1,237 2 bedroom: \$1,422 3 bedroom: \$1,827 4 bedroom: \$2,211	1 bedroom: \$49,480 2 bedroom: \$56,880 3 bedroom: \$73,080 4 bedroom: \$88,440	1 bedroom: \$23.79 2 bedroom: \$27.35 3 bedroom: \$35.13 4 bedroom: \$42.52	1 bedroom: 49 2 bedroom: 57 3 bedroom: 73 4 bedroom: 88	1 bedroom: 95 2 bedroom: 109 3 bedroom: 140 4 bedroom: 170

*Figures presented in this data are for Orange County including the city of Orlando.

Ilustrasyon 3. Revni , Salè ak Èdtan ki Nesèsè pou Lwaye Ekitab nan Komin Oranj, 2022


Sous: Kowalasyon Nasyonal Lojman pou Moun ki pa Gen Gwo Mayen, Ki pa Rive Touche 2022, Aksè nan <https://reports.nlihc.org/oor/florida>

Tablo ki anba a montre depans an plis ki estime pou tout fwaye (lokatè ak pwopriyetè) dapre revni yo. Tablo a endike ke 104,839 fwaye nan Komin Oranj fè fas ak depans anplis, epi 92,698 fwaye fè fas a depans anplis ekstrèm, kèlkeswa revni yo.

Depans Anplis nan Lojman			
Revni Kay la	30% oswa mwens	30.1-50%	Plis pase 50%
30% AMI oswa mwens	6,088	5,890	48,663
30.01-50% AMI	12,949	23,808	28,987
50.01-80% AMI	40,616	46,193	11,607
80.01-100% AMI	41,261	14,543	1,489
Plis pase 100% AMI	224,865	14,405	1,952
TOTAL	325,779	104,839	92,698

Tablo 5. Depans Anplis nan Lojman Dapre Revni, Tout Kay (2021) – Komin Oranj, FL

Sous: Estimasyon ak pwojeksyon dapre Shimberg Sant d'Etid pou Lojman, dapre Depatman Devlopman Lojman Etazini, Estrateji pou Lojman Konpreyansif Abòdab (Comprehensive Housing Affordability Strategy, CHAS) ak Ansanm Done e pwojeksyon demografik nan Biwo Rechèch Ekonomik ak Biznis, Univèsite Florid la




Ilistrasyon 4. Pri Lojman Depans Anplis dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL


Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

Lè yo separe swivan mòd okipansyon yo, 65,400 fwaye lokatè yo fè depans anplis, konparativman a 39,439 fwaye pwopriyetè yo abite nan kay la; e 62,783 fwaye lokatè yo fè fas a depans anplis grav, konparativman a 29,915 fwaye pwopriyetè yo abite nan kay yo fè fas a depans anplis grav. Done yo endike ke fwaye lokatè yo gen 65 pousan chans pou fè a depans anplis, epi de fwa plis chans pou yo fè fas a depans anplis grav plis pase fwaye ke pwopriyetè yo abite nan kay la. Sa trè preyokipan, etan done ke fwaye lokatè yo gen plis chans tou pou yo pa gen gwo

mwayen e se poutèt sa, yo gen plis chans pou yo gen difikilte pou devni pwopriyetè kay.




Ilustrasyon 5. Fwaye lokatè yo dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL
Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org



Ilustrasyon 6. Fway lokatè ki Depanse Anplis dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org


Pou mete plis aksan sou kriz abòdabilite a nan Komin Oranj anvan katastwòf la, ilustrasyon ki anba a montre pri mwayèn lavant kay nan tout Komin lan, ki te double de \$ 204k a \$ 460k ant 2013-2022, pandan ke envantè kay ki disponib yo ap diminye.



Ilustrasyon 7. Valè Lojman Medyàn – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

Gen de (2) faktè prensipal ki ede fikse pri nouvo devlopman kay yo se valè tèren ak depans pou konstriksyon an, tou de fè fas a yon ogmantasyon siyifikatif, espesyalman pandan pandemi COVID-19 la. Ogmantasyon rapid nan pri tèren te fèt akòz ogmantasyon kantite tèren ki te vann e diminisyon nan òf vas etandi tè.



Ilistrasyon 8. Pri Mwayèn Kay ki Deja Egziste nan Tout Komin lan
 Sous: Divizyon Sipò Fiskal ak Operasyon nan Komin Oranj, Janvyè 2023;
 Asosyasyon Rejyonal Ajan Imobilye nan Orlando.


Plizyè faktè te kontribye nan ogmantasyon pri materyèl konstriksyon pandan kèk ane ki sot pase yo. Premyèman, demann pou materyèl konstriksyon nan lemod antye kontinye ap ogmante, pandan ke gen yon mank nan materyèl epi gen reta nan ekspedisyon. Anplis de sa, evènman siklòn yo te lakòz materyèl konstriksyon yo vin pi ra tanporèman akòz efò rekonstriksyon yo.

Pou rezime, anvan evènman Siklòn lan, Komin Oranj te deja nan mitan yon kriz lojman abòdab, epi pousantaj lwaye yo tap ogmante kontinyèlman, pandan ke pwopriyetè kay yo te vin pi plis an plis inaksesib pou majorite fwaye nan Komin Oranj. An menm tan tou, moun ki te posede yon kay yo te vin rann yo kont, akòz ogmantasyon nan pousantaj ipotèk ak pri lojman, yo pat ka gen mwayen pou demenaje. Anplis de sa, pri asirans te kòmanse ap monte, men jan ak pri pou reyabilitasyon oswa ranplasman materyèl ak aparèy menajè ap ogmante tou, nan menm liy ak ogmantasyon pri konstriksyon.

Anplis de kay tradisyonèl ke pwopriyetè yo ak lokatè yo abite nan yo, Komin Oranj ap fè fas tou ak difikilte nan pwodiksyon ak prezèvasyon kay pou moun ki gen bezwen espesyal, enkli lojman pou granmoun aje, lojman pou moun ki andikape, ak lojman pou moun ak fanmi ki sanzabri oswa ki nan risk pou devni sanzabri. Popilasyon sa yo ak bezwen yo ap diskite nan seksyon separe nan Evalyasyon Bezwen Non-Satisfè yo.

2.2.4. Bezwen Inifamilyal v. Bezwen Milti-familyal (Pwopriyetè Abite v. Lokatè)

Done FEMA IA yo te montre ke 99,891 fwaye nan Komin lan te aplike pou asistans ki gen rapò ak katastwòf, enkli rezidan nan apatman, kay mobil, kay, ak duplex, elatriye. Aplikan sa yo ki nan kategori oswa anba revni mwayen-ba (revni anba 80% AMI) ka deja ap depanse twòp pou lojman epi yo espesyalman vilnerab a enpak dezast pandan yap repare kay yo. Ilistrasyon ki anba a montre kantite aplikasyon ki te resevwa nan tout Komin Oranj.



Ilustrasyon 9. Komin FEMA AI Aplikan daprè Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

2.2.4.1. Limit Revni, Lwaye Ekitab, ak Peryòd Abòdabilite

Pou ede fanmi ki gen revni modere-ba yo avèk rekiperasyon nan moman dezast la atravè fon CDBG-DR, aplikan yo dwe kalifye daprè revni yo pou yo ka jwenn èd. Itilize limit revni HUD etabli yo, fanmi ki kalifye yo kapab elijib pou pwogram rekiperasyon rezidansyèl yo tankou reyabilitasyon lojman, rekonstriksyon, oswa konstriksyon nouvo lojman. Limit revni pou fwaye LMI yo (revni 80% AMI a) nan Orlando- Kissimmee-Sanford MSA yo endike anba a.

1 Moun	2 Moun	3 Moun	4 Moun	5 Moun	6 Moun	7 Moun	8 Moun
\$ 49,150	\$ 56,200	\$ 63,200	\$70,200	\$75,850	\$ 81,450	\$ 87,050	\$ 92,700

Tablo 6. Limit Revni CDBG Komin Oranj pou Ane 2023 dapre Gwosè Kay la (80% AMI)

Sous: HUD

Komin lan pral itilize limit revni HUD etabli pou chak ane. Omwen, 70 pousan nan fon pwogram yo dwe satisfè Objektif Nasyonal LMI a. Fwaye ki gen yon revni ki pi wo pase 120 pousan nan AMI pa pap kalifye pou asistans nan kad Pwogram CDBG-DR la.

Dapre direktiv HUD yo, Komin Oranj defini lwaye abòdab kòm pi piti nan:

- Mache Lwaye pou lojman ki deja egziste pou kay konparab nan zòn nan, jan HUD etabli l dapre 24 CFR 888.111; oswa
- Lwaye ki pa depase 30 pousan revni ajiste yon fanmi ki gen revni anyèl ki egal a 65 pousan Revni Medyàn Zòn nan (AMI), dapre jan HUD detèmine l la, avèk ajisteman pou kantite chanm ki gen nan kay la.

Mache Lwaye ekitab HUD etabli an 2023 pou Komin Oranj nan lis anba a.

Efikasite	1-Chanm	2-Chanm	3-Chanm	4-Chanm
\$ 1,338	\$ 1,422	\$ 1,616	\$ 2,064	\$ 2,503

Tablo 7. Mache Lwaye Ekitab Komin Oranj 2023 ak Limit Lwaye swivan Kantite Chanm ki gen nan Kay la

Sous: HUD

Peryòd abòdab minimòm ki nesèsè pou kay yo jwenn èd nan fon CDBG-DR yo nan lis ki anba a epi yo konsistan avèk peryòd abòdab pou lòt pwogram Komin Oranj administre.

- Inifamilyal (jiska \$ 30,000): sibvansyon;
- Inifamilyal (\$ 30,001 a \$ 200,000): minimòm 5 ane;
- Rekonstriksyon yon inifamilyal: minimòm 10 ane;
- Multi-familyal (reyabilitasyon): minimòm 10 ane; ak
- Multi-familyal (nouvo konstriksyon): minimòm 15 ane.

Restriksyon sou abòdabilite pral aplikab avèk restriksyon sou aksyon lavant, akò ak/oswa enstriman similè.

2.2.4.2. Analiz Done Asistans Endividyèl (AI) FEMA

Tablo done ki anba yo gen ladan enpak nan Siklòn lan sou aplikan ki okipe pwopriyete yo ki gen domaj nan pwopriyete imobilye e sou demann lokatè ki gen domaj nan pwopriyete pèsònèl yo, jan sa rapòte nan pòtay aplikasyon FEMA IA.

# Aplikan	#Enspekte ak Domaj (Pwopriyete Imobilye)	# Asistans ki te Resevwa	Pèt Mwayèn FEMA Verifye
37,617	2,108	2,984	\$ 9,763

Tablo 8. Aplikan FEMA IA ki Okipe Pwopriyete yo – Siklòn lan

# Aplikan	#Enspekte ak Domaj (Pwopriyete Pèsònèl)	# Asistans ki te Resevwa	Pèt Mwayèn FEMA Verifye
62,153	3,854	1,534	\$ 2,801.77

Tablo 9. Aplikan FEMA IA Lokatè ki Okipe Kay yo – Siklòn lan

Kalite Rezidans	# Aplikan	% Pwopriyete	% Lokatè	% Enkoni	% Kalite
-----------------	-----------	--------------	----------	----------	----------

è ki Okipe Kay yo					
Apatman	30,675	0.02%	99.93%	05	30.71%
Etablisman pou Lavi Asiste	88	0.00%	100.00 %	0.00%	0.09%
Bato	10	60.00%	40.00%	0.00%	0.01%
Dòtwa Kolèj	25	0.00%	100.00 %	0.00%	0.03%
Kondo	3,231	44.44%	55.37%	0.19%	3/23
Etablisman Koreksyonèl	6	0.00%	100.00 %	0.00%	0.01%
Kay/Duplex	54,455	55.98%	43.88%	0.13%	54.51%
Lojman Militè	16	0.00%	100.00 %	0.00%	0.02%
Kay Mobil	4,381	70.55%	29.31%	0:14	4.39%
Lòt	3,949	30.87%	68.65%	0.48%	3.95%
Kay-de-vil	2,877	44.07%	55.82%	0.10%	2.88%
Karavan Vwayaj (vid)	177	59.32%	40.68%	0.00%	0.18%
	1	0.00%	100.00 %	0.00%	0.00%
Gran Total:	99,891	37.66%	62.22%	0.12%	100.00 %

Tablo 10. Aplikasyon FEMA IA dapre Kalite Lojman – Siklòn lan

Kategori domaj FEMA itilize yo dekri anba a.

Kay pwopriyete yo okipe:

- Minè-Ba: Mwens pase \$ 3,000 nan domaj imobilye FEMA enspekte.
- Minè-Elve: \$ 3,000 a \$ 7,999 nan domaj imobilye FEMA enspekte.
- Majè-Ba: \$ 8,000 a \$ 14,999 nan imobilye FEMA enspekte ak/oswa 1 a 3.9 pye inondasyon nan premye etaj la.
- Majè-Elve: \$ 15,000 a \$ 28,800 nan domaj imobilye FEMA enspekte ak/oswa 4 a 5.9 pye inondasyon nan premye etaj la.
- Grav: Plis pase \$ 28,800 domaj imobilye FEMA enspekte oswa detèmine ki detwi ak/oswa 6 pye oswa plis inondasyon nan premye etaj la.

Kay Lokatè Okipe:

- Minè-Ba: Mwens pase \$ 1,000 nan domaj pwopriyete pèsonèl FEMA enspekte.
- Minè-Elve: \$ 1,000 a \$ 1,999 nan domaj pwopriyete pèsonèl FEMA enspekte oswa detèmine ke domaj yo "modere".
- Majè-Ba: \$ 2,000 a \$ 3,499 nan domaj pwopriyete pèsonèl FEMA enspekte oswa 1 a 3.9 pye inondasyon nan premye etaj la oswa enspektè FEMA a detèmine domaj la 'Majè.'
- Majè-Elve: \$ 3,500 a \$ 7,500 nan domaj pwopriyete pèsonèl FEMA enspekte oswa 4 a 5.9 pye inondasyon nan premye etaj la.

Kay avèk Minè-Ba	Kay avèk Minè-Ba	Kay avèk Majè-Ba	Kay avèk Majè-Wo	Kay ki Grav
2,696	781	1,357	733	55

Tablo 11. Domanj nan Pwopriyete Imobilye FEMA IA ke Pwopriyete Okipe – Siklòn lan


Kay avèk Minè-Ba	Kay avèk Minè-Elve	Kay avèk Majè-Ba	Kay avèk Majè-Elve	Kay ki Grav
1,713	22	1,505	949	103

Tablo 12. Domanj nan Pwopriyete Imobilye FEMA IA ke Lokatè Okipe – Siklòn lan


Menm jan ak ilustrasyon pèt total la, mwayèn pèt imobilye a pa bay yon imaj konplè sou sivivan ki pi afekte yo. Kòd postal ki gen pi gwo domaj mwayèn yo ka kategorize nan swa kote pèt finansye yo mwen elve, oswa kote anpil nan rezidans Komin Oranj yo te souffri pèt modere. Pou arive a yon konpreyansyon ki pi konplè sou enpak Siklòn lan yo epi pou idantifye zòn ki te pi afekte yo fò nou evalye tout ansanm done FEMA yo tankou jan yo endike nan ilustrasyon 17 ak 18 anba a.

Katografi kantite aplikan avèk nenpòt nivo RPFVL la founi yon modèl enpak lejèman diferan nan zòn enterè Siklòn lan AOI. Isit la, an plis de zòn ki endike avèk pèt total ak mwayèn yo, pifò nan zòn yo atravè Sant Wès ak Ès Oranj yo parèt pi afekte.


ilistrasyon ki anba yo montre pèt pwopriyete ki rapòte ak verifye pou tout aplikan pou asistans endividyèl FEMA, pou enkli pèt mwayèn verifye.



Ilustrasyon 10. Aplikan nan komin FEMA AI ki fè Pèt Pwopriyete Imobilye daprè Sektè Resansman – Komin Oranj, FL
Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org



Ilustrasyon 11. Mwayèn Pèt Pwopriyete Imobilye FEMA Verifye daprè Sektè Resansman – Komin Oranj, FL
Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org



Ilustrasyon 12. Pèt Konpoze Verifye nan Pwopriyete Imobilye dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

2.2.5. Lojman Piblik ak Lojman Abòdab

Nan kad pwosesis konsiltasyon an, Komin Oranj te fè yon reyinyon nan dat 11 septanm 2023, avèk ajans lojman piblik lokal yo. Gen de (2) ajans lojman piblik ki gen lojman piblik nan Komin Oranj, Otorite Lojman Winter Park ki gen yon total de 705 inite ak Otorite Lojman Orlando ki gen yon total de 1,978 inite.

2.2.5.1. *Lojman Milti-familyal Asiste*

Enfòmasyon yo te jwenn pandan pwosesis konsiltasyon an te montre ke pifò inite milti-familyal ki te domaje nan Siklòn Ian yo pa te ede inite lojman, ak pi fò nan domaj yo rapòte nan zòn koridò Alafaya/Inivèsite a. Plizyè inite lojman asiste ke òganizasyon a-bi- non likratif te posede ki te sibi domaj, kòm Sosyete Devlopman Ekonomik Gran Aveni. Aspire Health Partners te demenaje plizyè pwogram nan lòt kote apre siklòn nan akòz domaj enpòtan nan do kay la.

2.2.5.2. *Otorite Lojman Piblik*

Otorite Lojman Piblik	# Inite ki gen Domaj Minè	# nan Inite ki gen Domaj Majè	# nan Inite ki Detwi	# Kantite total inite ki domaje
Otorite Lojman Orlando	0	0	1	1
Otorite Lojman Winter Park	20	30	0	50

Tablo 13. Rapòte Domaj nan Inite Lojman Piblik yo
Sous: Otorite Lojman Orlando, Otorite Lojman Winter Park

Daprè done ke de (2) ajans lojman piblik bay ak inite lojman piblik nan Komin Oranj, 51 inite total te domaje. Nan 705 inite total Otorite Lojman Winter Park, yo te rapòte gen 20 inite ki te gen domaj minè, tandiske yo te rapòte 30 inite te gen domaj majè, ki totalize a 50 inite (oswa 7% nan inite total yo). Nan 1,978 inite total Otorite Lojman Orlando a, yo te rapòte youn te detwi.

Yon rezime sou bezwen lojman non-satisfè yo prezante anba a. Demann FEMA yo, ansanm ak Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon (NFIP), montre pèt total sou lojman nan Komin Oranj ki nan \$ 243,070,375 ak 10,591 inite. Total modifiye a \$ 315,991,487 reprezante yon lòt 30% ki nesèsè pou rebati plis rezistan.

Pou garanti èd pou reparasyon lojman yo konsider nan kalkil bezwen lojman nonsatisfè yo, yo te ajoute peman FEMA IA pou repare kay yo ak peman pou konstriksyon NFIP a te adisyone pou jwenn sipò total ki te resevwa a, nan \$ 62,690,719. Apre sa, yo te soustrè pèt total ki te resevwa nan pèt total lojman yo, ki founi total bezwen lojman non-satisfè pou Komin Oranj akòz Siklòn Ian.

Done	Kontaj	Total Estime
Pèt Lojman Total (FEMA/NFIP)	10,591	\$ 243,070,375
Pèt Total Lojman (ki reprezante 30% depans rezilyans yo)		\$ 315,991,487
Total Sipò ki te Resevwa (FEMA/NFIP)	2,313	\$ 62,690,719
Bezwen Lojman Total Non-satisfè		\$253,300,768

Tablo 14. Rezime Bezwen Lojman Non-satisfè – Komin Oranj, FL
Sous: FEMA

2.2.6. Lojman Ekitab, Done sou Dwa Sivil ak Ekite Avanse

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD), Biwo Lojman Ekitab ak Opòtinite Egal (FHEO), responsab pou administrasyon ak aplikasyon lwa ak règleman federal sou lojman ekitab. Gid nan Avi Rejis Federal la ki te pibliye nan dat 18 me 2023 (Nimewo Dosye. FR-6393-N-01) mande pou benefisyè yo konfòme yo ak lwa lojman ekitab ak dwa sivil yo. Sa enkli, men sanzoublyte, Tit VIII Lwa sou Dwa Sivil 1968 (Lwa sou Lojman Ekitab), Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964, Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973, Lwa sou Ameriken ki Andikape 1990, ak Seksyon 109 Tit I Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974.

Kòm rezilta, Komin lan pran angajman pou bay tout moun aksè ekitab ak opòtinite, jan sa nesesè, atravè pwogram federal, eta, ak finansman kontinyèl Komin lan. Pou asire Komin lan kenbe yon pratik estanda ekitab pou pwogram CDBG-DR yo,

Komin lan pral regilyèman mete ajou analiz senk (5) ane li a sou obstak lojman ekitab, ke yo rekonèt kòm analiz enpediman nan Chwa Lojman Ekitab (AI), epi ajoute kritè lojman ekitab nan règleman ak pwosedi pwogram CDBG-DR yo. Anplis de sa, Komin lan pral kontwole pwogram CDBG-DR li yo pou konfòme avèk lwa ak règleman lojman ekitab yo. Epitou, yo pral mete ajou manyèl operasyonèl ak pwosedi Komin Oranj lan pou reflekte langaj avi rejis federal la ak pi bon pratik CDBG-DR yo. Komin Oranj ap kontinye mete ajou Plan Konsolidasyon li yo pou asire ke lojman ekitab yo adrese kòrèkteman nan nivo lokal, ak Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj ap dirije an konfòmite ak eleman sa yo.

Nan etabli yon apwòch estratejik ki baze sou done pou finansman CDBG-DR, pou ede evite disparite kontinyèl ak diminye inegalite nan kominote nou yo pandan yap retabli, Komin lan efektivman analize done demografik sou klas ki pwoteje yo ki baze sou lojman ekitab ak lwa ak règleman dwa sivil yo. Komin Oranj kontinye bay priorite a popilasyon vilnerab yo, klas pwoteje yo, ak kominote mal desèvi ki pa gen gwo mwayen oswa revni modere yo, ak moun ki gen konpetans limite nan lang angle (LEP) pou detèmine kalifikasyon yo pou èd, paske popilasyon sa yo afekte yon fason dispwopòsyonèl nan depans ak fado dezas sa a.

Komin Oranj pral respekte règleman lojman ekitab yo pou asire ke minorite rasyal ak etnik yo pa viktim diskriminasyon enjis oswa yo pa gen aksè a asistans nesèsè, patikilyèman nan rejyon pòv kote gwoup sa yo pi dominan. Yap presize angajman sa a lè yap aplike règleman ak pwosedi pou pwogram ak aktivite CDBG-DR yo. Pwogram Komin yo devlope espesyalman pou ofri akomodasyon esansyèl an akò

ak Lwa Ameriken ki Andikape yo (ADA) ak moun ki Konpetans Angle Limite (LEP) pou ede moun ki afekte nan katastwòf la avèk pwosesis rekiperasyon yo.

Efò pou adrese Objektif Lojman Ekitab

Akòz angajman kominote vas komin Oranj fè nan kad devlopman Plan Aksyon sa a, anplwaye yo te kapab idantifye baryè potansyèl ki ta ka kreye yon obstak ki pa jistifye oswa yon echèk pou benefisye popilasyon vilnerab yo ak klas pwoteje yo epi adrese baryè sa yo avèk mezi korektif. Anpil nan baryè sa yo te dekri tou nan Analiz 2022-2026 Komin Oranj lan sou enpedans pou Chwa Lojman Ekitab (AI). Pandan Pwogram CDBG-DR a ap antre nan faz aplikasyon an, Komin lan pral travay kole kole ak patnè a-bi-non likratif yo ak moun ki gen enterè yo pou idantifye tout lòt baryè epi etabli yon mekanis pou korije tout echèk. Amanman Plan Aksyon CDBG-DR nan lavni ak rapò chak trimès yo pral adrese mekanis koreksyon sa a, ansanm ak mezi espesifik ke Komin Oranj ak patnè yo pral itilize pou kontwole baryè potansyèl yo epi evite echèk ki pa jistifye yo.

Bayryè Potansyèl #1: Lojman ki aksesib pou granmoun aje ak moun ki gen andikap yo.

Diskriminasyon ki baze sou estati andikap ak echèk pou fè akomodasyon konstitye yon baryè pou chwa lojman ekitab pou rezidan granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo. Rechèch sou lwa an matyè lojman ekitab ki soti nan pwosè sivil ak pwosedi legal yo revele ke andikap te baz ki pi souvan site nan plent fòmèl sou swadizan diskriminasyon lojman ki te depoze nan HUD apati 2016-2020, ki reprezante 55.5% nan plent ki te depoze yo.

Lòt opinyon ki soti nan men entèvenan yo revele ke moun ki gen andikap ak popilasyon granmoun aje yo fè fas a obstak enpòtan nan remedye reparasyon kay yo ak modifikasyon aksè yo. Modifikasyon yo souvan nesesè pou asire yon kalite lavi ki an sekirite ak an sante pou popilasyon vilnerab sa yo epi yo agrave pandan ke estòk lojman yo ap antre nan laj e katastwòf natirèl yo ap ogmante nan gravite ak frekans.

Pou evite obstak lojman ekitab, Komin Oranj pral asire gen opsyon lojman ADA aksesib ak granmoun aje yo ak opsyon reparasyon lojman. Règleman ak pwosedi pwogram ki aplikab yo pral gen ladan langaj ki nesesè yo. Komin lan pral kontinye fè patenarya tou ak ajans a-bi- non likratif lokal yo, tankou Sèvis Legal Kominotè Mid-Florida ak Sosyete Èd Legal Komin Oranj, pou edike sou-benefisyè yo sou pwosedi aranjman rezonab ak pi bon pratik sou lojman ekitab.

Baryè Potansyèl #2: Mank kontak kontinyèl nan katye Ba-Modere yo ak popilasyon LEP yo

Anpil rezidan te eksprime fristrasyon yo paske yo santi yo pa enfòme sou inisyativ ak pwogram Komin lan pandan reyinyon angajman kominotè nou yo epi yo te mete aksan sou nesesite pou konsyantizasyon kontinyèl nan kominote Ba-Modere yo. Anplis de sa, yo te note ke materyèl pwogram nan ak enfòmasyon yo ta dwe ofri nan lòt lang ki pa angle.

An konfòmite ak Plan Aksè nan Lang Komin Oranj lan, Komin Oranj pral ofri materyèl dijital ak enprime nan fòma aksesib pou moun ki gen andikap vizyèl oswa

oditif, ansanm ak moun LEP yo. Yo pral ofri tradiksyon ekspresman nan lang Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.

Patnè Komin Oranj ak Sèvis Legal Kominotè Mid-Florida ak Sosyete Èd Legal, ansanm ak Kontini Swen lokal la, pou ofri fòmasyon sou lojman ekitab ak atelye pou lokatè (an Anglè ak Panyòl). Nan 2021-2022, Komin lan te fè 14 evènman lojman ekitab ak plis pase 100 moun ki te asiste, epi lap kontinye elaji efò fòmasyon yo pandan aplikasyon Pwogram CDBG-DR la ap kòmanse.

Baryè Potansyèl #3: Akòz kwasans popilasyon an kap grandi a, jantrifikasyon nan katye Nwa ak Mawon

Selon done resansman ameriken an, byenke popilasyon Nwa ak Latino yo reprezante sèlman 51.3% nan popilasyon total Komin Oranj yo, reprezante 69% nan popilasyon total ki pòv la. Ogmantasyon siyifikatif nan popilasyon Latino ak Nwa nan Komin Oranj pandan de deseni ki sot pase yo rann zafè sa a espesyalman enpòtan. Prèv kalitatif moun ki nan lokalite yo founi, fòtman sijere ke anpil sitwayen Nwa ak Mawon nan Komin Oranj yo te fòse pou demenaje soti nan pwòp katye yo.

Komin Oranj pral devlope metrik pou evalye distribisyon lajan yo, pou asire ke pa gen okenn echèk pou benefisyè minorite rasyal ak etnik yo. Komin lan pral ede tou sou-benefisyè li yo ak vandè ki responsab pou pase a laksyon yo idantifye avni pou konsèy sou posesyon kay ak lòt inisyativ ki ka ede fwaye yo pa pèdi dwa yo.

Baryè Potansyèl #4: Abòdabilite Lojman ak Opsyon Lojman pou Klas Pwoteje yo

Komin Oranj fè fas a pwoblèm abòdabilite lojman patikilyèman grav, e pwoblèm sa yo gen yon enpak dispwopòsyonèl sou klas ki pwoteje nan jiridiksyon an. Inisyativ ki gen potansyèl pou adrese obstak sa a gen ladan tou de sijè elaji ki abòde asistans lojman nan Komin Oranj ak ankouraje pwopriyetè yo pou patisipe nan inisyativ asistans lojman sa yo. Etan done ke diskriminasyon sou revni souvan kontribye nan segregasyon rezidansyèl paske pwopriyetè kay ki refize aksepte kupon revni, pwogram edikasyon pou pwopriyetè yo ka gen anpil valè pou adrese disparite sa a. Jiridiksyon an dwe egalman anvizaje devlope pwogram edikasyon sou dwa lokatè yo atravè Biwo Sèvis lokatè ki fèk louvri a pou asire lokatè yo konprann dwa yo ak kòman pou fè moun respekte dwa yo.

Anplis de sa, Komin Oranj dwe kontinye devlope yon endis vilnerabilite, itilize done demografik sou fwaye ki fè fas a youn oswa pliziyè pwoblèm nan domèn lojman, enkli peye plis, osi byen ke opinyon piblik la sou kesyon ki soti nan gwoup konsantre yo. An swit, endis sa a dwe aplike nan pwogram èd pou lwaye nan yon fason ki vize fwaye ki pi vilnerab yo.

Plis detay sou obstak lojman ekitab yo ak aktivite rekòmande yo dekri espesyalman nan rapò AI 2022-2026 la ak rezime nan tablo ki anba a.

**BARYÈ LOJMAN
EKITAB**

AKTIVITE REKÒMANDE

<p>#1: Angajman ba nan mache travay la ak revni limite mete restriksyon sou chwa lojman ak aksè a opòtinite nan mitan klas pwoteje yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye kolabore ak entèvenan kle yo sou aplikasyon objektif ak estrateji devlopman mendèv ki genyen nan Estrateji Global Devlopman Ekonomik Ès Santral Florid (CEDs) 2022 a. • Travay avèk patnè kominotè yo pou sipòte patisipasyon rezidan yo ak anplwayè yo nan rechèch travay, plasman, ak pwogram fòmasyon, tankou pwogram Nivo Elve Oranj lan.
<p>#2: Defi nan abòdabilite lojman gen yen yon enpak dispwopòsyone sou chwa lojman pou klas pwoteje yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye devlope yon endis vilnerabilite pou aplikan ki bezwen èd avèk lwaye ak yon pwogram asistans ki vize granmoun aje ki vle vin aje an plas. • Atravè Biwo Sèvis pou Lokatè yo, devlope pwogram edikatif sou dwa lokatè pou pwopriyetè kay ak lokatè yo pou adrese pwoblèm tankou diskriminasyon sou sous revni
<p>#3: estòk lojman ki deja egziste yo pa ase pou satisfè bezwen rezidan yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Bay opòtinite pou fwaye yo reyalize otosifzans ak bati richès atravè pwogram pwopriyetè kay, klas alfabetizasyon finansye, ak pratik prè afimatif. • Idantifye ak adopte chanjman nan kòd zonaj kap ankouraje plis devlopman entèsere ak yon divèsite ki pi elaji nan kalite lojman. • Patnè ak òganizasyon kominotè yo, gwoup rezidan yo, elatriye, pou enplimante estrateji ki konsantre sou pèmèt fwaye ki gen revni ba yo pou jwenn aksè nan yon seri opsyon lojman ki pi laj ak opòtinite egal pou sèvis/benefis.
<p>#4: Bezwen kontinyèl pou investi nan katye ki nan zòn trè pòv yo e ki pa gen anpil aksè a resous ak sèvis</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Finanse pwojè ki ogmante aksè a manje fre, swen sante, laj-band, sant kominotè, pak, ak sèvis nan fwaye ki pa gen gwo mayen yo. • Patnè avèk distri Lekòl Piblik Komin Oranj lan, òganizasyon lokal a-bi-non likratif yo, ak lòt patnè pou ofri resous ak sèvis pou elèv lekòl ki pap byen pèfòme yo.
<p>#5: Opsyon lojman pou moun ki gen andikap yo limite</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Patnè ak òganizasyon a-bi- non likratif ki ofri pwogram pou ede moun ki gen andikap ak granmoun aje yo repare kay yo ak modifye aksebilite yo. • Patnè ak yon òganizasyon lojman ekita pou ofri edikasyon ak sansibilize pwopriyetè kay yo, administratè pwopriyete yo, ak lòt founisè lojman sou dwa moun ki gen andikap yo.

<p>#6: Mank akomodasyon pou popilasyon nan Komin lan ki gen konpetans limite nan Anglè yo (LEP) kap grandi rapidman</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Li obligatwa pou tout materyèl aplikasyon pou lojman yo aksesib pou rezidan ki pale Panyòl ak Anglè yo. • Ofri materyèl pwomosyonèl ak sansibilizasyon nan lòt lang, pou enkli enfòmasyon sou dwa lokatè yo, dwa lojman ekitab, ranfòsman, ak kijan pou yo jwenn aksè nan resous edikatif nan lang Anglè si yo vle.
---	--

Tablo 15. Obstak pou Chwa Lojman Ekitab ak Aksyon Rekòmande (Rezime)
Sous: Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj

Pwopmosyon Pozitif pou Lojman Ekitab [Affirmatively Furthering Fair Housing (AFFH)]

Dispozisyon pou Pwopmosyon Pozitif pou Lojman Ekitab la (AFFH) se eleman fondamantal ak long dat nan pwogram lojman ak devlopman kominotè HUD yo. Konfòmite Komin Oranj ak tout lwa sou lojman ekitab, dwa moun gen andikap, ak lwa dwa sivil yo pral yon priyorite sou kòman pou itilize fon CDBG-DR yo. Pou ede nan pwosesis la, Komin lan idantifye objektif ki sanble ak AI ki pral gen rapò ak pwogram ak aktivite CDBG-DR yo.

Objektif 1: Finanse pwojè lojman abòdab ki sèvi moun ki gen andikap, granmoun aje, ak lòt klas pwoteje ak/oswa popilasyon vilnerab yo.

Aksyon: Kontinye etabli relasyon ak òganizasyon a-bi- non likratif avèk fon CDBG-DR la ki epou de moun ki gen andikap ak granmoun aje yo repare kay yo ak modifiye aksesibilite yo. Edike rezidan yo, pwopriyete kay yo, ak administratè pwopriyete yo sou lwa lojman ekitab ak dwa moun ki gen andikap yo.

Objektif 2: Devlope nouvo materyèl ak estrateji sou sansibilizasyon lojman ekitab ki enkli resous limite, katye ba-modere, ak popilasyon ki gen konpetans limite nan Anglè (LEP).

Aksyon: Founi materyèl pwomosyonèl ak sansibilizasyon an Panyòl ak Kreyòl Ayisyen pou enkli enfòmasyon sou dwa lokatè, dwa sou lojman ekitab, ranfòsman dwa, ak kòma pou yo jwenn aksè nan resous edikasyon nan lang Anglè si yo vle. Elabore estrateji avèk sou-benefisyè yo pou vize resous lojman ekitab ak òganize evènman sansibilizasyon regilyèman ki konsantre sou pwogram CDBG-DR la nan katye ba-modore yo ak ki afekte yo.

Objektif 3: Adrese bezwen kontinyèl pou investi nan katye ki nan zòn trè pòv yo e ki pa gen anpil aksè a resous ak sèvis yo pou asire prezèvasyon katye nwa ak mawon yo.

Aksyon: Ogmante pwopriyete kay nan mitan fwaye ki manke dwa yo avèk fon CDBG-DR la. Pou asire ke fwaye ki pa gen dwa yo jwenn aksè ekite nan sèvis yo, etabli kritè nan règleman ak pwosedi ki ofri opòtinite egal pou katye nwa ak mawon yo. Vize pou itilize fon lokal ak eta yo, tankou Pwogram Patenarya Inisyativ Lojman Eta a (SHIP) ak Fon Fidisyè Lojman Abòdab lokal la avèk fon CDBG-DR la pou ankouraje lojman abòdab.

Objektif 4: Ankouraje aksè a envantè lojman abòdab pou manm klas ki pwoteje yo.

Aksyon: Kreye opòtinite lojman abòdab pou popilasyon vilnerab yo ak klas ki pwoteje nan zòn ki dirab, andeyò tè imid, frich endistriyèl, zòn ki ka inonde, oswa zòn ki danjere pou anviwònman an ak/oswa zòn ki anboujwaze, pou asire chwa ak opòtinite lojman abòdab ak egal.

Tablo 16. Objektif AFFH ak Aksyon Pwopoze

Sous: Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj

2.2.6.1. Sibvansyon Demografik ak Popilasyon ki afekte nan Katastwòf yo

Seksyon sa yo ofri yon apèsi sou demografik Komin Oranj, ki se zòn MID HUD idantifye. Sous done prensipal pou analiz demografik la se te Sondaj Kominote Ameriken Biwo Resansman Etazini an, Estimasyon 5 Ane (2017-2021).


Yo te mete aksan sou plizyè faktè demografik pandan analiz la pou atire atansyon sou pwoblèm retablilman ki ka afekte fason yon Komin ki afekte ka retabli. Yo met kritè sa yo an evidans pou founi kontèks pou aktivite retablisman nan komin sa yo epi ede enfòme Plan Daksyon an pou pi byen reponn a defi inik chak zòn ki afekte yo.

Ras/Etnisite	Kantite	Pousan
Pa-Ispanik	950,511	67.4
Blan	539,174	38.2
Nwa	275,304	19.5
Azyatik oswa Moun Zile Pasifik	73,509	5.2
Ameriken Natif Natal	1,413	0.1
De oswa Plis Ras	49,021	3.5

Lòt	12,090	0.9
Ispanik oswa Latino	459,438	32.6
POPILASYON TOTAL	1,409,949	100

Tablo 17. Konpozisyon Rasyal ak Etnik – Komin Oranj, FL
Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane, Tablo B03002

Konpozisyon demografik Komin Oranj lan ap kontinyèlman vin pi divès. Daprè estatistik Sondaj Kominote Ameriken 2021 an, Komin Oranj kontinye gen yon konpozisyon rasyal ak etnik divèsifye, avèk 32.6% nan popilasyon an idantifye kòm Ispanik oswa Latino. Biwo Rechèch Ekonomik ak Biznis nan Inivèsite Santral Florid la (BEBR) dènyèman te estime popilasyon Komin Oranj lan ak trèz minisipalite li yo nan 1,481,321 abitan. Yo te estime popilasyon komin Oranj ki pa enkòpore a nan 928,465 abitan, ki reprezante prèske 63% popilasyon total Komin lan.




Ilustrasyon 13. Distribisyon Popilasyon an swivan Ras ak Etnisite
 Sous: Analiz Komin Oranj 2022-2026 sou Obstak pou Chwa Lojman Ekitab

Dènnye done demografik yo, ki pa disponib nan Resansman Etazini an, valide ogmantasyon popilasyon sibstansyèl Komin Oranj lan nan dènnye ane yo, an pati akòz enfliyans imigran sinistre yo ki soti nan lòt rejyon nan peyi a ak Puerto Rico.

Laj	Kantite	Pousan
Mwens pase 5 ane	83,391	6
5 a 19	268,113	19
20-64	889,094	63
65 ak plis	169,351	12
TOTAL	1,409,949	100

Tablo 18. Konpozisyon Laj – Komin Oranj, FL

Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane, Tablo SO101



Ilistrasyon 14. Popilasyon ki Depann Akoz Laj yo dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

Distribisyon laj yon kominote gen yon enpak dirèk sou kalite lojman ki nesesè pou satisfè diferan bezwen rezidan yo. Timoun ki poko gen 5 an konpoze apeprè 6 pousan nan popilasyon Komin lan an 2021, ak timoun ki gen laj lekòl 5-19 ane yo se 19 pousan. Gran moun ki gen laj 20 a 64 an se 63 pousan nan popilasyon Komin lan. Apeprè 12 pousan nan popilasyon Komin lan gen 65 ane oswa plis.

Seleksyone Karakteristik yo	Kantite oswa Pousantaj
Total Fwaye yo	475,292
Gwosè Mwayèn Fwaye yo	2.9

Total Fanmi yo	316,908
Gwosè Mwayèn Fanmi yo	3.47
Fwaye ki Gen Timoun ki Poko Gen 18 an	139,349
Manm Fanmi Kap Viv pou Kont Yo	24.2%
65 ane ak plis	6.7%

Tablo 19. Kantite Fwaye dapre Gwosè ak Kalite yo – Komin Oranj, FL
Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane, Tablo S1101

Yon fwaye konsiste de tout moun ki abite nan yon kay kòm plas prensipal rezidans yo. Sondaj Kominote Ameriken an rapòte yon total 475,292 kay nan Komin Oranj an 2021. Biwo Resansman Etazini a kategorize fwaye yo dapre sèks moun ki posede kay la ak si yo se fanmi kap viv ansanm nan kay la. Gen kèk egzanp nan kategori sa yo ki enkli "fanmi marye", "gason ki pa gen madanm" ak "fi ki pa gen mari".

Majorite rezidan Komin Oranj yo (67 pousan) abite nan fwaye fanmi yo. Se sèlman 29.3 pousan nan fwaye komin lan ki gen timoun ki poko gen 18 an. Prèske yon ka nan fwaye Komin lan (24.2 pousan) se fwaye ki gen yon sèl moun. Sepandan, prèske 6.7 pousan nan fwaye yo gen ladan moun k ap viv pou kont yo ki gen 65 an oswa plis. Gwosè mwayèn fwaye yo se 2.9, ak gwosè mwayèn fanmi yo se 3.47.

Afilyasyon Relijye

Dapre jan sa detaye nan Analiz Obstak pou Chwa Lojman Ekitab nan Komin Oranj lan, relijyon konsidere kòm yon klas pwoteje dapre Lwa sou Lojman Ekitab ak Òdonans Lojman Ekitab Komin Oranj; sepandan, Biwo Resansman Etazini an pa kolekte done sou afilyasyon relijye nan sondaj demografik li yo oswa resansman

desenal li yo. Akòz de sa ak ezitasyon ki genyen pou rapòte afilyasyon relijye ak patisipe nan sondaj ki pa byen koni yo, done sou afilyasyon relijye ka mwens egzat pase done sou lòt klas pwoteje. Enstiti Rechèch sou Relijyon Piblik te fè yon Sondaj an 2020 sou Relijyon Ameriken, ki te dekouvri ke Komin Oranj te gen yon nòt endis divèsite relijye ki nan 0.782. Sa endike ke Komin Oranj gen yon nivo divèsite relijye ki siperye pase nivo mwayèn nan, pousantaj mwayèn Etazini an se 0.625 (Sous: www.prrri.org).

Epitou, sondaj la founi estimasyon popilasyon an dapre afilyasyon relijye nan Komin Oranj. Sondaj 2020 la estime ke 45% nan rezidan Komin Oranj yo se Pwotestan, 19% se Katolik, 6% se "lòt" kretyen, 1% Mòmon, Jwif, Mizilman, Boudis, ak Endou, ak 25% ki pa gen afilyasyon relijye. Byenke relijyon ki pa kretyen yo reprezante sèlman yon ti pati nan aderan relijye yo nan Komin Oranj, aparans relatif krisyanis la ka vle di moun ki pratike lòt relijyon yo gen plis chans pou yo konsidere yo kòm "lòt", sa ki ka ogmante posiblite pou yo sibi diskriminasyon. Etandone pratik relijye se yon klas ki pwoteje, li enpòtan pou asire ke yo pa sibi okenn diskriminasyon nan men founisè lojman yo baze sou aderans relijye reyèl oswa sipoze.

Selon rapò ADL an 2022 (Sous: Hate in the Sunshine State: Extremism & Antisemitism in Florida 2020-2022; www.adl.org) , nan kèk ane ki sot pase yo, te gen yon ogmantasyon nan kantite krim ekstremis Islamofobik ak antisemitik nan tout peyi a ak nan Florid. Tandike popilasyon ki gen pèspektiv sa yo ogmante, se konsa tou konsiderasyon lojman ekitab yo ogmante:

- Ogmantasyon potansyèl pou diskriminasyon ajan imobilye oswa pwopriyete kay akòz relijyon;
- Ogmantasyon potansyèl pou diskriminasyon prete lajan pou achte kay akòz relijyon; epi
- Ogmantasyon potansyèl pou refoulman vwazinaj anvè nouvo rezidan oswa nouvo devlopman akòz relijyon.

Pou konbat nivo kwasans pouswit ak diskriminasyon relijye, Komin Oranj ap veye sou sou-benefiisyè CDBG-DR yo pou yo ka konfòme yo ak Òdonans Lojman Ekitab Komin Oranj lan, dapre Chapit 22 nan Òdonans Dwa Moun, ki etabli lwa pou pwoteje rezidan Komin Oranj yo kont diskriminasyon nan lojman lè yap lwe, achte, jwenn yon prè ipotèkè, chèche èd pou lojman, oswa patisipe nan lòt aktivite ki gen rapò ak lojman, an fonksyon de ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, andikap, estati sivil, estati familyal, sous revni legal, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa estati aktyèl oswa pèsevwa kòm yon viktim vyolans domestik, vyolans nan mennaj, oswa asèlman kriminèl. Anplwaye Komin lan pral egalman ofri fòmasyon lojman ekitab ak evènman sansibilizasyon kontinyèl pou edike rezidan yo ansanm ak moun ki gen enterè yo nan pi bon pratik pou tout pwogram federal finanse yo.

Sèks, Oryantasyon Seksyèl, ak Idantite

Popilasyon Komin Oranj lan gen 51.3% fi ak 48.7% gason, menm jan ak popilasyon gran MSA a. Menm jan ak relijyon, Komin Oranj pa gen done konkrè sou oryantasyon seksyèl ak divès popilasyon idantite seksyèl. Sepandan, Komin elaji lwa sou dwa moun li yo pou enkli sèks ak oryantasyon seksyèl kòm klas

pwoteje pou asire ke rezidan Komin yo gen aksè egal a travay, lojman, ak akomodasyon piblik, jan sa dekri nan Òdonans Dwa Moun Komin Oranj dapre Chapit 22, Atik I, Seksyon 22-1 (Òdonans N ° 2010-15, § 2, 11-23-10). Pa gen okenn lwa nan tout eta Florid la ki espesyalman entèdi diskriminasyon kont klas pwoteje sa yo, epi anpil nan done ki kolekte enkòpore done ke yo resevwa nan tout eta a nan analiz li yo.

Pa egzanp, Enpak Stigma ak Diskriminasyon kont Moun LGBT nan Florid, ki te pibliye nan mwa septanm 2017 pa Enstiti Williams nan UCLA School of Law, te konkli ke gen stigmatizasyon ak diskriminasyon toupatou kont moun LGBT nan Florid. Yo te rapòte detaye sou diskriminasyon nan lojman kont moun LGBT yo nan Florid. Kòm yon ilistrasyon, selon rezilta nan Sondaj Nasyonal Kont Diskriminasyon Trans-sèks yo pou ane 2011, 12% nan moun ki repond nan Florid yo te degèpi nan kèk moman nan lavi yo akòz idantite oswa ekspresyon sèks yo, tandiske 14% nan moun ki repond nan Florid yo deklare ke yo te refize yo yon kay oswa yon apatman. Anplis de sa, 16% nan moun ki reponn yo te rapòte ke yo te fè eksperyans sanzabri akòz diskriminasyon ki baze sou idantite seksyèl nan kèk pwèn nan lavi yo. Rapò sa yo mete aksan sou bezwen pou edikasyon ak fòmasyon sou lojman ekitab adisyonèl, espesyalman nan mitan founisè lojman ak ajans ki sèvi popilasyon LGBTQ+ ki gen revni fèb ak sanzabri yo, ansanm ak lòt klas ki pwoteje yo.

Konprann difikilte pou sèvi popilasyon sa a, anplwaye Komin lan kontakte patnè kominotè nou yo ak moun ki enterese ki konsantre pou ofri sèvis a moun LGBTQ+ ki pa gen gwo mwayen yo ak sanzabri yo pou mande done ki pi egzak sou klas

pwoteje sa yo. Anplis de sa, òganizasyon sa yo te enplimante nan angajman kominotè nou yo ak pwosesis sansibilizasyon lè yo te mande kontribisyon patnè kominotè yo, òganizasyon a-bi- non likratif yo, ak gwoup defans konsènan enpak ki gen rapò ak katastwòf yo. Ou ka jwenn kòmantè detaye ki soti nan men ajans yo, enkli ZEBRA Kowalisyon, Sant LGBTQ+ nan Orlando, ak Contigo Fund, nan seksyon Patisipasyon Sitwayen yo nan Plan Daksyon sa a. Komin Oranj pral kontinye patenarya li yo ak ajans LGBTQ+ lokal yo ak moun ki gen enterè nan kominote a pou asire ke nou rive konekte ak popilasyon ki pi vilnerab yo ak klas pwoteje yo.

Popilasyon Endijèn ak Kominote Tribi yo

Popilasyon Endyen Ameriken yo ak Ameriken Natif Natal yo reprezante mwens pase 1 pousan nan popilasyon total la, epi pa gen okenn tè tribi ki fòmèlman rekonèt oswa rezèvasyon nan Komin Oranj. Komin lan okouran de nasyon tribi vwazinan yo ki gen enterè istorik ak kiltirèl nan zòn nan. Kominote tribi sa yo enklin Miccosukee, ak Muscogee. Yo pral konsilte kominote tribi yo pandan y ap idantifye pwojè CDBG-DR yo pou finansman kòm yon pati nan pwosesis revizyon anviwònman an. Anplis de sa, Komin Oranj ap kontinye evalye tout enpak pèsistan siklòn lan fè sou popilasyon vilnerab sa yo.

2.2.6.2. Edikasyon Demografik

Nivo Edikasyon	Kantite	Pousan
Mwens pase ^{9yèm} ane	40,159	4.2
^{9yèm} a ^{12yèm} ane, ki pa gen yon diplòm	60,336	6.3
Gradye nan lekòl segondè	231,759	24.3
Kèk ane nan kolèj (ki pa gen degre)	171,937	18

Diplòm Asosye	109,275	11.5
Lisans	219,794	23
Gradye / Diplòm pwofesyonèl	120,846	12.7
TOTAL	954,106	100

Tablo 20. Akonplisman Edikatif (25 ane ak plis) – Komin Oranj, FL
 Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane, Tablo S1501

Nivo edikasyon yon jiridiksyon gen yon enfliyans dirèk sou basen mache travay la ak devlopman endistri espesifik yo. Pifò rezidan Komin Oranj ki gen 25 an oswa plis yo gen omwen te ale nan lekòl segondè, epi 47.2 pousan gen yon diplòm asosye oswa pi wo, prèske yon ogmantasyon 10 pousan apati 2007. Komin Oranj se basyon plizyè enstitisyon edikasyon siperyè, enkli Inivèsite Santral Florid la, Valencia Kolèj Kominotè, ak Rollins College. Pi wo nivo edikasyon gen rapò ak pi wo revni e, potansyèlman, abòdabilite ogmante nan lojman.

Nan sa k konsènan rekiperasyon aprè dezast, rechèch fè konprann ke planifikasyon preparasyon pou katastwòf asosye ak yon edikasyon siperyè (Sous: Jounal Ameriken sou Resous Prevansyonèl; 2006; 30(1):1-6.) e ke yon fòmasyon inivèsite oswa lekòl pwofesyonèl te asosye ak ogmante chans pou gen founiti ijans. Obstak ak defi ka rive pou moun ak fanmi sa yo paske yo gen plis chans pou yo viv nan zòn ki nan risk pou katastwòf, sa vle di, zòn inondasyon ak siklòn. Yon lòt difikilte ki ka genyen se mank aksè nan rezo transpò ak kominikasyon, ki ka fè li difisil pou evakye oswa jwenn èd nan ka yon katastwòf. Done yo pral itil pou pran desizyon konsènan ekite ak diminye obstak potansyèl nan devlopman estrateji ki ankouraje opòtinite ak enklizyon pou moun ki enskri e kap chèche jwenn èd pou rekiperasyon apre yon dezast.

2.2.6.3. Revni Demografik

Nivo Revni	% Fwaye yo	% Fanmi	% Fanmi-Kouple Marye	% Fwaye ki pa Fanmi
Mwens pase \$ 10,000	5.5	3.8	1.9	10.4
\$ 10,000 a \$ 14,999	3.4	2.2	1.3	6.2
\$ 15,000 a \$ 24,999	7.8	6.5	4.2	11.4
\$ 25,000 a \$ 34,999	8.4	8.1	5.6	10.7
\$ 35,000 a \$ 49,999	12.9	12	10.1	15
\$ 50,000 a \$ 74,999	17.8	17.2	15.8	18.9
\$ 75,000 a \$ 99,999	13.3	14	15.2	11.1
\$ 100,000 a \$ 149,000	15.8	17.7	21.4	10.3
\$ 150,000 a \$ 199,999	7	8.3	11	3.3
\$ 200,000 oswa plis	8.1	10.4	13.7	2-8
TOTAL	475,292	316,908	220,661	158,384


Tablo 21. Revni nan 12 Dènye Mwa yo – Komin Oranj, FL
 Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane, Tablo S1901

Revni Medyàn yon Fwaye an 2021 te \$ 65,784. Tablo ki anwo a montre kantite fwaye dapre kategori revni yo nan Komin Oranj. Pwiske nivo revni fwaye a detèmine abòdabilite lojman, enfòmasyon sa a oreyokipan. Fwaye ki an fanmi yo souvan gen plis pase yon sèl moun kap ganye yon salè, se sa ki eksplike diferans nan revni medyàn ant fwaye ki an fanmi ak fwaye ki pa an fanmi.

2.2.6.4. Demografik Revni – Revni ki ba

Siklòn lan te depoze plis pase 14 pous dlo nan zòn Komin Oranj yo, se sa ki lakòz enpak ekonomik ki te devaste fanmi ki pa gen gwo mayen yo. Anpil moun te pèdi

kay yo, travay yo ak ekonomi yo. Gen kèk moun ki gendwa pèdi kapasite pou yo peye depans medika yol, depans fineray ak lòt depans ki asosye ak katastwòf la. An konsekans, anpil nan fanmi sa yo ki gen revni ki ba oubyen modere yo vin de pli an pli antre nan povrete apre Siklòn Ian. Done Resansman Etazini yo endike ke 13.9% nan rezidan Komin Oranj kap viv anba nivo povrete a (Sous: Resansman Etazini, Sondaj Kominote Ameriken, Estimasyon 5 Ane, 2017-2021).




Ilustrasyon 15. Popilasyon Pòv yo dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL


Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

Done mizajou Resansman Ameriken 2022 endike ke pousantaj sa a depase 14.9%. Povrete patikilyèman afekte moun ak fwaye ki soti nan gwoup demografik

espesifik, dapre jan sa prezante nan ilustrasyon ki anba a. Atravè pwogram ki enplimante avèk fon CDBG-DR yo, Komin Oranj ap an mezi pou founi èd finansye pou ede fanmi yo reyabilite kay yo, osi byen ke ofri fòmasyon sou travay ak sèvis plasman pou ede rezidan yo touche plis lajan e devni pi otonòm.



Ilustrasyon 16. Pousantaj Povrete ak Popilasyon dapre Ras ak Etnisite
 Sous: Analiz Komin Oranj 2022-2026 sou Obstatik pou Chwa Lojman Ekitab




Ilustrasyon 17. Pousantaj Povrete ak Popilasyon dapre Orijin Nasyonal
Sous: Analiz Komin Oranj 2022-2026 sou Obstak pou Chwa Lojman Ekitab

Katografi Ilustrasyon 23 ak 24 yo montre nivo povrete a dapre sektè resansman an konparezon ak konsantrasyon rezidan yo swivan ras ak etnisite ak orijin nasyonal.

2.2.6.5. Analiz LMI – An Jeneral

Total Moun LMI	Popilasyon Total	Pousantaj LMI
512,575	1,196,175	42.85%

Tablo 22. Popilasyon Ba-Modere – Komin Oranj, FL
 Sous: Biwo Resansman Etazini



Ilustrasyon 18. Revni ki Ba-Modere (LMI) dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL


Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

Popilasyon ki gen revni Ba-Modere (LMI) yo patikilyèman vilnerab a enpak katastwofik dezaz yo. Ilustrasyon 25 lan reprezante popilasyon ki gen Revni Ba-Modere yo (LMI) nan zòn ki enpakte pou alokasyon CDBG-DR Komin Oranj nan Siklòn Ian dapre gwoup blòk ki baze sou done Resansman 5 Ane ACS 2011-2015 Sondaj Kominote Ameriken an.

2.2.6.6. *Analiz LMI – Zòn Dezaz ke Federalman Deklare*

Kategori	Total Moun	Popilasyon Total	Pousantaj LMI
Ba (<50% AMI)	1,196,175	303,614	25.38%
Ba Modere (80% AMI)	1,196,175	512,575	42.85%
LMMI (< 120% AMI)	1,196,175	734,790	61.43%

Tablo 23. Pousantaj Popilasyon Ba-Modere daprè Revni – Komin Oranj, FL
Sous: Biwo Resansman Etazini




Ilustrasyon 19. Endis Vilnerabilite Sosyal daprè Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

*Sous: Platfòm Katografi ak analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org
 ;Plan Jesyon Plenn Inondasyon, Gouvènman Komin Oranj*

Komin Oranj ap itilize endis vilnerabilite sosyal la pou mete aksan sou kominote ki ka fè eksperyans a difikilte dispwopòsyone nan rekiperasyon apre yon katastwòf. Endis la itilize done resansman ameriken ki pi resan yo pou mezire vilnerabilite sosyal tout sektè resansman yo nan Komin Oranj. Endis la se yon metrik konparatif

ki fasilite egzamen diferans vilnerabilite sosyal atravè sektè resansman yo, eleman konstriktif komin yo. Li ilistre grafikman varyasyon nan vilnerabilite sosyal atravè zòn enpak lan lan, montre kote ki gen kapasite inegal pou preparasyon ak repons, epi li ede idantifye kote resous yo ta ka itilize pi efektivman pou diminye vilnerabilite ki egziste deja a e ankouraje rekiperasyon an. Epitou, itilize vilnerabilite sosyal la itil kòm yon endikatè pou detèmine rekiperasyon diferansyal aprè katastwòf yo.

Konprann konsèp vilnerabilite sosyal la ka ede Komin Oranj nan detèmine kijan CDBG-DR finanse pwogram ak aktivite yo ka pi byen ede endividyèl yo ak kominote ki pi bezwen investisman yo, pou enkli zòn ki te eksperimente yon mank investisman piblik nan tan pase.




Ilustrasyon 20. Pèt Konpoze Verifye nan Pwopriyete Imobilye dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

Zòn Povrete ki Konsantre Rasyalman ak Etnikman (R/ECAPs)


HUD defini Zòn Povrete ki Konsantre Rasyalman ak Etnikman (R/ECAPs) kòm zòn ki 1) gen yon pousantaj povrete endividyèl 40% oswa plis, oswa yon pousantaj povrete endividyèl ki omwen twa fwa sa ki nan sektè mwayèn pou zòn metwopolitèn lan, nenpòt sa ki pi ba a; ak 2) gen yon popilasyon ki pa Blan nan 50% oswa plis. Itilize yon metrik ki konbine endikatè demografik ak ekonomik yo pou ede idantifye kominote ki pi vilnerab yo nan yon jiridiksyon. Idantifikasyon R/ECAP yo enpòtan nan detèmine zòn priyorite pou re-ensvestisman ak sèvis pou

amelyore kondisyon ki gen enpak negatif sou rezidan R/ECAP yo ak pi gwo rejyon an. Ilistrasyon ki anba yo reprezante sektè resansman R/ACAP a nan Komin Oranj ki dekri an ble, ansanm ak konsantrasyon rezidan Nwa ak Ispanik daprè sektè resansman an. Tou de ilistrasyon yo te sòti nan analiz obstak pou Chwa Lojman Ekitab ki te fèk konplete pou 2022-2026.



Ilistrasyon 21. Sektè Resansman R/ECAP ak Konsantrasyon Rezidan Nwa daprè Sektè Resansman an

Sous: Katografi CPD HUD, ki te adopte nan Komin Oranj pou 2022-2026 Analiz Obstak pou Chwa Lojman Ekitab



Ilistrasyon 22. Sektè Resansman R/ECAP ak Konsantrasyon Rezidan Ispanik yo dapre Sektè Resansman an

Sous: Katografi CPD HUD, ki te adopte nan Komin Oranj pou 2022-2026 Analiz Obstak pou Chwa Lojman Ekitab


Jan sa reprezante nan ilistrasyon 28 ak 29, Komin Oranj aktyèlman gen kat (4) sektè resansman avèk deziyasyon R/ECAP. Sektè sa yo egziste nan zòn ki gen konsantrasyon ki pi wo pase mwayèn nan rezidan Nwa ak Panyòl yo, osi byen ke zòn ki gen konsantrasyon segondè nan rezidan moun ki fè nan peyi etranje yo. Lè yap enplimante pwojè e aktivite avèk fon CDBG-DR yo, Komin lan ak sou-benefisyè yo dwe pran an konsiderasyon andwa nan zòn R/ECAP yo pou evite efè diskriminatwa ki pa nesèsè sou popilasyon yo ki istorikman defavorize e mal desèvi yo. Lè yo priyore benefis pou fwaye ak zòn LMI yo, Komin Oranj prevwa ke zòn pwogram ki endike nan Plan Daksyon sa a pral gen yon enpak pozitif sou popilasyon klas pwoteje yo.

2.2.6.7. *Kay Manifaktire ki Afekte nan Dezas la*

Kantite Total Kay ki Fabrike nan Komin Oranj	# Kay Manifaktire ki Afekte	% pf Kay Manifaktire ki Afekte
18,710	4,381	23.42%

Tablo 24. Kay Manifaktire ki Afekte nan Dezas – Komin Oranj, FL
Sous: FEMA

Prèske yon ka nan kay mobil nan Komin Oranj te afekte nan Siklòn Ian. Yo te souleve enkyetid sa a tou pandan diskisyon gwoup konsantre yo ak reyinyon kominotè yo. Patisipan yo te note ke rezidan kay mobil yo patikilyèman vilnerab pandan evènman dezast yo, paske yo souvan se revni ki ba-moderè, ak asistans limite pou reparasyon kay ki disponib pou yo apre yon evènman dezast.



Ilistrasyon 23. Pousantaj Kay Mobil dapre Sektè Resansman – Komin Oranj, FL

Sous: Platfòm Katografi ak Analiz Vilnerabilite UCF; www.vulnerabilitymap.org

2.2.6.8. *Kalkil Konpetans Limite nan Lang Angle nan zòn ki gen rapò ak*

Dezas yo

An 2021, yo te estime popilasyon ki fèt nan peyi etranje nan Komin Oranj se 314,755, oswa 22.3 pousan nan popilasyon Komin lan. Swivan peyi, pifò moun ki fèt nan peyi etranje yo soti ann Ayiti, apre sa, Venezyela, Kolonbi, Brezil ak Kiba.

Plas Nesans	Kantite
Ewòp	21,822
Azi	49,928
Afrik	7,956
Oseyani	863
Amerik	234,186
Kiba	19,754
Ayiti	33,453
Jamayik	17,598
<input type="checkbox"/> Brezil	20,954
<input type="checkbox"/> Kolonbi	24,463
Venezwela	29,810
TOTAL MOUN KI FÈT NAN PEYI ETRANJE	314,755

Tablo 25. Orijin Nasyonal – Komin Oranj, FL

Sous: Biwo Resansman Etazini, 2017-2021 Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken pou 5 Ane

Pandan ke Pòtoriken pa teknikman konsidere kòm moun ki fèt nan peyi etranje akòz estati Pòtoriko kòm yon teritwa ameriken, rezidan ki gen orijin Pòtoriken jwen yon wòl demografik enpòtan nan Komin Oranj. Done ki soti nan Centro, Sant pou Etid Pòtoriken nan Hunter College, montre ke migrasyon soti nan Pòto Rico pou eta Florid te ogmante a 57 pousan ant 2017 ak 2018 apre siklòn Irma ak Maria, epi 34,167 Pòtoriken demenaje pou al rete Florid an 2018. Ane aprè a, demenajman nan Florid te tonbe bridsoukou a 65% pou atenn nivo ki pi ba nan 10 ane, avèk sèlman 11,956 Pòtoriken ki vin rete an Florid. Tandans sa a te rete konstan jiska 2021, lè 11,321 Pòtoriken demenaje pou vin rete Florid ([Sous:](#)

<https://public.tableau.com/app/profile/centropr/viz/Socio->

DemographicDataofPuertoRicansintheUnitedStatesandPuertoRico2010-2021/PopSTY; adopte nan Analiz enpediman pou Chwa Lojman Ekitab).

Aprè anglè, dezyèm lang ki pi plis pale nan Komin Oranj se Panyòl. Yon total de 148,697 kay nan Komin Oranj rapòte ke yo pale Panyòl lakay yo. Nan mitan tout lang yo, 43,801 fwaye te rapòte ke yo pale mwens Anglè "trè byen." Sa gen enplikasyon pou sansibilizasyon ak livrezon pwogram lojman nan kominote a, jan sa adrese nan Plan Konsolidasyon Komin Oranj 2022-2026, Analiz ajou nan Chwa Lojman Ekitab, ak Seksyon Bezwen Espesyal nan dokiman sa a. Kreyòl Fransè se dezyèm lang yo pale souvan nan Komin Oranj san konte Anglè (Lòt kategori Ewopeyen enkli yon varyete lang).

Lang	# Total ki Pale	Total # Anglè Limite
Panyòl	148,697	32,351
Fransè, Ayisyen, oswa Cajun	17,774	4,593
Alman oswa similè	3,253	46
Ris, Polonè, oswa similè	2,461	0
Lòt Ewopeyen (tout)	19,004	3,299
Koreyen	407	0
Chinwa	3,002	762
Vyetnamyen	5,469	1,280
Tagalòg	2,541	0
Lòt Azyatik oswa Pasifik	3,076	380
Arab	3,630	992
Lòt ak espesifye	2,667	98

Tablo 26. Fwaye ki Pale Anglè Limite – Komin Oranj, FL

Sous: Biwo Resansman Etazini, Estimasyon 1 an Sondaj Kominote Ameriken 2021, Tablo B16002

Siklòn lan te fè enpak toupatou atravè plizyè kominote Komin Oranj yo enkli zòn konsantrasyon povrete ak popilasyon divès minorite rasyal ak etnik. Daprè done Estimasyon Sondaj Kominotè Ameriken 2021 an, apeprè 14.1% nan total popilasyon Komin Oranj lan konsidere kòm konpetans limite nan lang Anglè (LEP), avèk yon total de 184,716 moun ki gen 5 an oswa plis pale Anglè mwens ke "trè byen". Tanpèt la te agrave karan ki gen nan domèn lojman ak enfastrikti pou asire ke aktivite ki vize pou reparasyon, remedyasyon, alèjman, ak rezistans pral fè yon enpak siyifikatif sou popilasyon LEP yo.

Moun ki LEP ki paye Panyòl yo se moun ki pi peple, ki reprezante 10.7% nan popilasyon total Komin lan ak 75.8% nan popilasyon LEP a. Moun ki pale Ayisyen yo se dezyèm popilasyon LEP ki pi peple nan Komin lan, ki reprezante 7.1% nan popilasyon LEP a ak 1% nan popilasyon total la. Twa lang sa yo: Pòtigè, Vyetnamyen, ak Chinwa, yo chak konpoze apeprè 3%-4% nan popilasyon LEP a ak apeprè 0.5% nan popilasyon total Komin lan.

Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj (HCD) te mete ajou Plan Patisipasyon Sitwayen li yo epi li te adopte yon Adendòm nan Plan Aksè Lang Komin Oranj pou enkli kondisyon pwogram (CDBG-DR) yo. Dokiman aktyalize a, ansanm ak Plan Aksè Lang Komin lan ak Adendòm li a, afiche sou sit entènèt pwogram nan: www.ocfl.net/CDBG-DR. Daprè Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil, Dekrè Egzekitif (EO) 13166, ak 72 FR 2732, moun ki resewa fon CDBG-DR yo oblije fè efò rezonab pou bay moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo (LEP) aksè a tout sèvis, aktivite, ak pwogram yo.

Sa ki annapre yo esplike efò rezonab Komin lan fè pou asire ke moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo ka bay opinyon yo nan devlopman Plan Aksyon CRBG-DR la epi jwenn aksè ekitab nan aktivite, pwogram, ak sèvis ke CDBG-DR finanse yo.

Tradiksyon Dokiman Vital: Komin lan ofri tradiksyon dokiman vital yo an panyòl ak kreyòl ayisyen kòm yon pwosedi estanda akòz gwo pousantaj moun ki pale LEP panyòl ak kreyòl ayisyen nan zòn siklòn lan te afekte yo. Dokiman vital yo tradwi nan lòt lang sou demann. Dokiman yo tradwi, enkli rezime pwogram ak Kesyon ki Poze Souvan yo, disponib kounye a sou sit entènèt Pwogram CDBG-DR la.

Kowòdonatè Konpetans Limite nan Lang Anglè: Kowòdonatè Konpetans Limite nan Anglè a pral sipèvize aplikasyon Plan Aksè nan Lang (LAP) ak konfòmite atravè pwogram CDBG-DR yo. Kowòdonatè a asire ke anplwaye Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj yo rekonèt responsablite yo pou bay moun LEP yo aksè siyifikatif nan enfòmasyon, pwogram, ak sèvis yo. Kowòdonatè LEP a pral sèvi tou kòm yon pwen kontak si manm piblik la oswa anplwaye HCD yo gen kesyon oswa plent sou sèvis aksè lang yo.

Ricardo Daye, Direktè, Depatman Resous Imèn

Tit VI/Kowòdonatè pou Nondiskriminasyon

Gouvènman Komin Oranj

450 E. South Street

Orlando, Florid 32801

(407) 836-5825

Access@ocfl.net

Entèpretasyon Oral: Yo te bay entèprèt nan evènman ki te òganize yo pou mande opinyon kominote a sou priyorite yo nan itilizasyon fon CDBG-DR la, espesyalman nan zòn ki gen gwo konsantrasyon moun ki pale panyòl/Kreyòl. Komin lan te itilize anplwaye Komin lan ki pale lang sa yo byen, epi sèvis tradiksyon ki gen kontra ak komin lan lè sa nesesè.

Aksè nan Lang sou Entènèt: Tout enfòmasyon sou sit entènèt gouvènman Komin Oranj, FL yo disponib nan lang Panyòl: (<https://espanol.orangecountyfl.net>). Espesifikman pou Pwogram CDBG-DR Komin Oranj lan, sit entènèt pwogram lan ofri tradiksyon tout dokiman enpòtan yo epi li gen ladan resous pou rezidan LEP yo. Sondaj patisipasyon sitwayen yo, envitasyon reyinyon piblik yo, rezime, ak Kesyon yo Poze Souvan yo tradwi nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen epi yo telechaje yo sou sitwèb la. Mizajou kontinyèl, dokiman vital, ak enfòmasyon piblik ki gen rapò yo kontinye ap tradwi nan lang Panyòl ak Kreyòl ayisyen pandan dire 6 ane pwogram CDBG-DR la pou asire aksè kontinyèl pou rezidan LEP yo.

Kat "Mwen Pale": Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Komin Oranj, ki pral sipèvize aplikasyon Pwogram CDBG-DR la, pral distribye kat "Mwen Pale" Biwo Resansman Etazini a bay tout depatman ak anplwaye kap travay nan pwogram ak aktivite ke CDBG-DR finanse. Kat sa yo pèmèt anplwaye yo idantifye moun LEP kap chèche aksè a pwogram yo nan pwòp lang yo.

Sansibilizasyon LEP: Komin Oranj pral kenbe yon kopi Plan Aksè Langaj la ak Adendòm pou pwogram federal yo sou sit entènèt Pwogram CDBG-DR la: www.ocfl.net/CDBG-DR. Sit wèb la pral genyen tou avi sou dwa aksè langaj kliyan LEP yo ak sèvis ki disponib yo. Dwa sa yo enkli sa ki annapre yo:

- Dwa pou sèvis entèpretasyon kalifye gratis;
- Dwa pou pa depann de manm fanmi oswa zanmi kòm entèprèt; epi
- Dwa pou depoze plent konsènan sèvis aksè lang yo ofri yo (oswa mank sèvis yo).

Fòmasyon: HCD pral ofri fòmasyon pou tout anplwaye ki kominike dirèkteman avèk piblik la atravè pwogram CDBG-DR yo pou asire ke anplwaye yo konprann kijan pou yo ofri sèvis langaj ki gen sans pou moun LEP yo. Konpozan fòmasyon yo enkli:

- Definisyon moun LEP;
- Règleman federal ak eta a ki gouvènè aksè a lang yo;
- Sansiblite kiltirèl;
- Wòl ak responsablite anplwaye yo;
- Idantifye bezwen langaj moun LEP yo;
- Pwosedi aksè langaj HCD a; epi
- Pwosesis plent/kontestasyon LAP.

Siveyans: Kowòdonatè LEP a pral regilyèman kontwole Plan Aksè Langaj la ak Adendòm li yo epi fè mizajou jan sa nesesè a. Done sou frekans demann tradiksyon/entèpretasyon yo pral revize ak anpil atansyon pou asire ke HCD satisfè bezwen kliyan li yo. Done Resansman Mizajou yo pral egalman revize pou idantifye tout chanjman demografik nan popilasyon sèvis LEP Komin Oranj lan.

Anplis, anplwaye Komin Oranj yo, sou-benefisyè fon CDBG-DR la ak founisè yo dwe konfòme yo ak Plan Aksè Lang Komin lan lè yap founi sèvis bay moun ki kalifye yo.

2.2.6.9. **Antite "Continuum" Swen Konsène**

Homeless Services Network of Central Florida, Inc. (HSN) se ajans prensipal pou "Continuum" Swen lokal, ke yo rele tou Komisyon Santral Florid pou Sanzabri. HSN opere Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri (HMIs) reyon an. Etan ke ajans prensipal, HSN ofri sipèvizyon, asirans kalite, fòmasyon HMI pou tout entèvenan yo, sipòte biwo èd ak oblije/mande rapò.

Tablo ki anba a idantifye Entite CoC a epi li gen ladan kantite total moun yo konnen ki fè eksperyans sanzabri.

Kantite CoC	Entite CoC	Komin ki afekte	Kantite Sanzabri
FL-507	Komisyon Santral Florid sou Sanzabri (Orlando/Komin Oranj, Osceola, Seminole)	Oranj, Osceola, Seminole	2,258

Tablo 27. Antite "Continuum" Swen Konsène
Sous: Moman Patikilye 2023 nan Komin lan, CoC FL-507

2.2.6.10. Montan nan Moman Patikilye – Kalite Abri

Tablo ki anba a prezante yon deskripsyon sou sanzabri nan zòn ki deziyen yo, espesyalman konsantre sou diferan kalite kategori abri, tankou abri pou ijans, lojman tranzisyonèl, ak moun ki ba ebeje. Done yo baze sou rezime Moman Patikilye 2023 ki soti nan Komisyon Santral Florid sou Sanzabri (CoC-507).

Jewografi	Abri Ijans	Lojman Tranzisyonèl	Sanzabri ki pa Ebeje	Total Sanzabri ke yo Konnen
Komin Oranj	831	464	331	1,626

Tablo 28. Montan Moman Patikilye 2023 – Kalite Abri
 Sous: Moman Patikilye 2023 Komin lan, CoC FL-507; Inivèsite Santral Florid

2.2.6.11. Montan Moman Patikilye – Dezas la te afekte

Tablo ki anba a bay yon apèsi sou sanzabri nan yon jewografi espesifik apre Siklòn lan. Li kaptire kantite moun ki fè eksperyans sanzabri nan yon moman patikilye, kenkli moun ki abite nan abri ijans, lojman tranzisyonèl, ak moun ki pa ebeje. Tablo a prezante tou kantite total moun ke yo konnen ki fè eksperyans sanzabri nan Komin Oranj, zòn deziyen MID. Metodoloji a enplike ekstrè valè pou diferan zòn jewografik yo, tèlke ansanm zòn nan, FEMA deklare, ak MID, epi mete yo nan domèn respektif yo. Enfòmasyon sa a esansyèl pou konprann enpak imedya dezas la fè sou sanzabri, epi li pèmèt entèvenan yo pou evalye grandè pwoblèm nan epi planifye entèvensyon ki apwopriye yo. Nou ka prezime ke moun san lojman yo nan Komin Oranj te sibi enpak prejidi tanpèt la akòz gravite ak etandi zòn enpak tanpèt la.

Jewografi	Abri Ijans	Lojman Tranzisyonèl	Sanzabri ki pa Ebeje	Total Sanzabri ke yo Konnen
-----------	------------	---------------------	----------------------	-----------------------------

Nan Tout Eta a	10,040	4,041	11,746	25,959
FEMA Deklare	5,089	2,218	5,123	12,514
Komin Oranj	831	464	331	1,626

Tablo 29. Montan Moman Patikilye 2023 – Efè Dezas la

Sous: Moman Patikilye 202 nan Komin lan, CoC FL-507; Inivèsite Santral Florid

Tousuit apre siklòn lan, anpil fanmi te oblije kite kay yo san yo pat gen ase resous pou yo jwenn èd. Anplis de sa, ajans sèvis sosyal nan zòn nan ak abri ijans yo te rapòte pwoblèm tankou blakawout elektrik, inondasyon, ak domaj sou do kay yo, ki limite efò pou ede fanmi sanzabri ak moun ki afekte nan dezas la.

Bezwen non-satisfè pou moun ki sanzabri yo rete akòz Siklòn lan. Komin lan pral chèche adrese bezwen sa yo atravè alokasyon fon pou sèvis piblik yo, lojman, ak pwojè ak aktivite etablisman piblik yo. Ajans a-bi- non likratif yo akk founisè lojman ak sèvis sanzabri yo ka jwenn aksè nan fon pou amelyore aksè a sèvis sa yo pou popilasyon vilnerab yo ak moun ki gen bezwen lojman espesyal.

2.2.6.12. Lojman Asiste ki afekte nan Katastwòf la

Siklòn lan te gen gwo enpak sou estabilite lojman pou sitwayen vilnerab yo, ki enkli rezidan ki san kay oswa ki nan risk pou yo sanzabri, moun ki gen andikap (mantal, fizik, oswa devlopman), ak granmoun aje yo. Planifikasyon pou rezilyans nan lavni ta dwe konsidere fòs ak gravite katastwòf natirèl resan yo, ak risk yo reprezante pou sekirite popilasyon sa yo. Anplis de kalifikasyon pou revni Pwogram CDBG-DR la, Komini lan pral bay priyorite a sèvis pou popilasyon sa yo:

- moun ki gen andikap.

- Moun ki granmoun, enkli moun ki gen andikap; epi
- Moun ki sanzabri, ki nan risk pou yo vin sanzabri, ak viktim vyolans domestik ak pitit yo.

Seksyon ki anba yo founi plis detay sou chak gwoup popilasyon ki nan lis la.

Moun ki gen Andikap.

Popilasyon ki gen omwen yon andikap nan Komin Oranj estime a 11.7 pousan. Andikap ki pi komen nan rezidan Komin Oranj yo se difikilte anbilans, ki prezan nan 5.5 pousan popilasyon an. Lòt andikap komen enkli difikilte mantal (prezan nan 4.7% nan popilasyon an), difikilte pou viv endepandan (3.9%), difikilte pou tande (2.7%), difikilte pou wè (2.6%), ak difikilte pou pran swen tèt yo (2.1%).

Kalite Andikap	Kantite	Pousantaj
Difikilte pou Tande	28,929	2.7%
Difikilte pou Wè	27,758	2.6%
Difikilte Kognitif	50,944	4.7%
Difikilte Anbilatwa	59,512	5.5%
Difikilte pou Pran Swen Tèt yo	22,930	2.1%
Difikilte pou Viv Endepandan	42,233	3.9%
POPILASYON TOTAL MOUN KI GEN YON ANDIKAP	125,807	11.7%

Tablo 30. Andikap dapre Kalite – Komin Oranj, FL

Sous: Biwo Resansman Etazini, 2016-2020 Estimasyon Kominote Ameriken 5 Ane, Tablo S1810

Komin lan ap bay priyoritea pwovizyon fon CDBG-DR la pou amelyore ak ogmante lojman ki an sekirite, disponib, abòdab, ak aksesib pou rezidan Komin Oranj ki gen bezwen espesyal ki ka nesesite sèvis sipò ak akomodasyon lojman adisyonèl.

Lojman pou moun ki gen bezwen espesyal yo dwe aksesib, abòdab, epi, nan kèk ka, sipòtif.

- **Aksesib:** Moun ki gen andikap yo souvan dekouvri ke opsyon lojman yo pa konfòme ak ADA epi yo manke modifikasyon achitekti ki nesèsè enki ranp chèz woulant, woule oswa mache nan douch, bapou kenbe, elatriye pou aksè san danje nan fason pou pòt antre ak zòn komen. Yo bezwen tou aksè apwopriye a dispozisyon vi kominote ki pi laj enkli pakin ADA, paratransit, rekreyasyon, ak travay.
- **Abòdab:** Rezidan ki gen bezwen espesyal yo souvan ap viv nan nivo povrete federaloswa anba nivo a sou yon revni fiks, Sekirite Sosyal oswa yo pap travay oswa yo pa travay ase, depanse 30% oswa plis nan revni yo pou peye kay. Dokiman mache lwaye ekitab HUD la pou ane fiskal 2022 estime mache lwaye ekitab pou yon kay de chanm nan Komin Oranj nan \$ 1,422 pa mwa oswa \$ 17,064 chak ane, epi yon kay twa chanm nan \$ 1,827 chak mwa a \$ 21,924 chak ane. An konparezon, pousantaj federal pou benefis SSI yo se \$ 914.00 pa mwa oswa \$ 10,968 chak ane ki rann estrikti lojman aktyèl la pa abòdab pou gwoup sa yo ak fanmi yo.
- **Sipò:** Moun ki gen andikap fizik, entelektyèl, oswa devlopman tal ta ka gen bezwen lojman espesifik ki ka adrese nan lojman siplemantè ak sèvis "wraparound", enkli jesyon ka, pwogram pou pran konpetans pou vi otonòm ak sèvis sante/mantal. Sèvis sa yo ranfòse rezo sekirite sosyal yo, ankouraje planifikasyon apwopriye pou katastwòf, epi ogmante rezistans.

Investisman CDBG-DR pou ogmante lojman ki an sekirite, abòdab, ak aksesib pou moun ki gen andikap ka enkli kèk nan bagay sa yo:

1. Modifikasyon, reyabilitasyon, ak amelyorasyon nan etablisman reyabilitasyon rezidansyèl ki egziste deja ki ebèje moun ki gen gwo andikap yo. Modifikasyon yo se chanjman achitekti pou asire aksè ADA ki an sekirite nan kay la ak kominote a.
2. Nouvo konstriksyon inite lojman adisyonèl ki aksesib pou moun ADA.

Komin lan etabli patenarya travay ak anpil òganizasyon ki gen eksperyans ak ekspètiz ki nesèsè pou delivre sèvis bay moun ki gen andikap yo. Òganizasyon sa yo enkli Primrose Center, Life Concepts (DBA Quest), Center for Independent Living in Central Florida, ak Lighthouse Central Florida, jis pou nonmen kèk.

Granmoun Aje ak Granmoun Aje Frajil

Estimasyon popilasyon ki soti nan Sondaj Kominote Ameriken 2021 an rapòte apeprè 169,351 rezidan nan Komin Oranj gen 65 an oswa plis.

Laj	Kantite	Pousantaj
Mwens pase 65 an	1,240,598	88
65-74	104,422	7.4
75 ak plis	64,929	4.6
TOTAL	1,409,949	100

Tablo 31. Konpozisyon daprè Laj: Granmoun Aje ak Granmoun Aje Frajil – Komin Oranj, FL

Sous: Biwo Resansman Etazini, 2016-2020 Estimasyon Kominote Ameriken 5 Ane, Tablo S0101

Pifò granmoun ap viv sou revni fiks, tankou pansyon, Sekirite Sosyal, ak ekonomi pèsonèl, epi souvan depanse plis pase 30 pousan nan revni yo pou peye kay. Granmoun aje ki pa gen gwo mayen yo fè fas a defi espesyal pou yo viv epi kenbe kay yo. Byen souvan, pwopriyetè kay ki aje yo pa kapab peye modifikasyon pou amelyore sekirite yo ak mobilite yo, tankou balistrad ak ranp. Menm jan an tou, moun ki gen andikap yo bezwen opsyon lojman aksesib ak abòdab. Siklòn lan te lakòz domaj nan stock lojman Komin lan, ki enkli kay granmoun aje yo posede. Gen kèk nan kay sa yo ki toujou bezwen repare, remedye oswa rekonstri aprè lan.

Aktivite ki vize pou amelyore abòdabilite ak aksesibilite kay pou granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo pral amelyore sante rezidan yo, ogmante sekirite ak rezistans nan estok lojman nou an, epi yo ka lakòz depans lojman redwi (enkli asirans). Aktivite sa yo ka gen ladan youn oswa plis nan bagay sa yo:

1. Yon pwogram reyabilitasyon kay nan tout komin lan pou moun ki kalifye pou repare estrikti ki domaje nan tanpèt ki pral ede diminye pri asirans epi aleje kont katastwòf natirèl nan lavni.
2. Amelyore preparasyon pou katastwòf nan mezon retrèt, inite lojman avèk sèvis soutyen, ak lojman pou granmoun aje nan ranfòse estrikti, bay dèlko backup apwopriye, ak enstale fenèt ak pòt ki rezistan nan siklòn.

Moun ki Sanzabri

Komin lan pral bay priyorite pou ogmante kapasite etablisman abri yo pou moun ki sanzabri oswa kay ki pa an sekirite yo. Kòm ajans prensipal pou "Continuum"

Swen Lokal la, Rezo Sèvis Sanzabri nan Santral Florid (HSN) kenbe yon Sistèm Antre Kowòdone (CES) pou bay priyorite sèvis pou moun ki pi nan bezwen yo. Chak ane, HSN fè yon jou Moman Patikilye (PIT) pou konte kantite moun ki nanabri ak moun ki sanzabri epi li travay pou asire Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri a (HMIs) delivre done ki nesèsè pou HUD ak rapò gouvènman lokal yo. Dekont PIT 2023 a te note ke 1,626 moun nan Komin Oranj pa gen kay.

Kowalisyon pou moun ki sanzabri nan Santral Florid la se youn nan pi gwo founisè sèvisabri an ijans nan Santral Florid, epi li rapòte ke yap sèvi plis pase 800 moun ki sanzabri chak jou. Ajans lan te idantifye yon bezwen ijan ak konvenkan pou ekspansyonabri, espesyalman pou ede jèn fanm ak fanmi ki sanzabri yo. Jiska 240 fanm selibatè ak paran ki gen timoun ka abite nan etablisman aktyèl la nenpòt lannwit. An 2023, Covenant House Florida, sèlabri espesyalize pou jèn sanzabri nan Komin lan, te fèmen pòt li kite yon espas 17 kabann nan sistèmabri a. Avèk plis moun ki sanzabri ke jamè tan anvan ak yon etablisman aje ki Poko Satisfè bezwen kominote a, Kowalisyon pou moun ki sanzabri nan Santral Florid la gen entansyon pou mete ajou etablisman li a pou enkli yon ogmantasyon nan kabannabri, sèvis sipò, ak lojman tranzisyon ki pral satisfè bezwen rezidan Santral Florid yo. Kapasite sifizanabri ijans gen plis enpòtan pandan evènman move tan ekstrèm, enkli siklòn nan lavni oswa tanpèt similè.

Tablo ki anba a montre rezèv aktyèl initeabri pou granmoun ki sanzabri, fanmi, ak veteran ki disponib fasilman, ak vid ki gen nan kantite inite ki nesèsè yo. Done yo reflete eta sistèmabri a anvan etablisman Covenant House Florida la te fèmen.

	Envantè Aktyèl					Popilasyon Sanzabri				Analiz Vid			
	Fanmi		Granmoun Sèlman		Vèteran	Fanmi HH (omwen 1 timoun)	Granmoun HH (san timoun)	Vèteran	Viktimm Vyo lans Domestik	Fanmi		Granmoun Sèlman	
	# Kabann	# Inite	# Kabann	# Inite	# Kabann				# Kabann	# Inite	# Kabann	# Inite	
Abri Ijans	612	210	549	-	10								
Lojman Tranzisyonèl	309	91	249	-	42								
Lojman Sipò Pèmanan	98	29	1,372	-	713								
Lòt Lojman Pèmanan	0	0	0	0	0								
Ebèje Moun ki Sanzabri						650	657	--	--				
Mou ki Sanzabri ki pa Ebeje						0	224	--	--				
Gap Aktyèl												-188 kabann lojman ijans ak tranzisyon	

Tablo 32. Envantè Bezwen ak Analiz Epas Vid pou Moun ki Sanzabri – Komin Oranj, FL

Sous: Moman Patikilye Dekont 2022 (PIT); "Continuum" Swen 2022 Dekont Envantè Lojman (HIC); Konsiltasyon (adopte nan Plan Alokasyon HOME-ARP).


Aktivite CDBG-DR ki vize pou amelyore sèvis pou moun ki sanzabri oswa moun ki pa an sekirite nan lojman ka gen ladan youn oswa plis nan bagay sa yo:

- Investisman pou ogmante kantite abri pou ijans ak kabann lojman tranzisyonèl, pou enkli kabann abri pou fanm ki gen timoun ak jèn, nan elaji kapasite abri ki egziste deja yo ak kreye nouvo kabann abri pou ranpli espas la epi ogmante kantite moun ki ka loje, espesyalman pandan sitiyasyon ijans ak evènman katastwòf.

- Investisman nan "Lojman Tranzisyonel". Avèk mank opsyon lojman abòdab, ki te agrave plis pa Siklòn lan, "tranzisyon" oswa lojman tanporè alontèm pral pèmètabri yo deplase envite yo soti nan yonabri rezidansyèl kout tèm pandan yap kontinye chèche opsyon lojman ki pi pèmanan. An retou, sa pral ogmante disponiblite kabannabri an ijans ak pèmèt etablisman yo sèvi plis moun.
- Investisman nan lojman abòdab pral ogmante lojman ki disponib pou kominote ki gen revni ki ba yo, soulaje presyon sou sistèmabri ijans sanzabri a.

2.2.6.13. Pwoximate a Danje Natirèl ak Anviwòmantal pou manm klas pwoteje yo, popilasyon vilnerab yo, ak kominote defavorize yo

Zòn Priyorite Ekite: Jan sa detaye nan Règleman ak Plan Nondiskriminasyon Tit VI Komin Oranj lan ki te etabli an avril 2022, Komin Oranj pran angajman pou apwoche kad jistis anviwòmantal ki santre sou kominote ki istorikman detrèse ak defavorize yo. Komin lan te deziyen Zòn Priyorite Ekite Komin lan (CEPA), ki vle di zòn ki gen pi gwo dansite popilasyon defavorize kòm yon kote ki gen priyorite ekite. Nan anklav nan nò Ayewopò Entènasyonal Orlando, kèk kote nan vil Ocoee, Apopka, ak Belle Isle idantifye kòm zòn priyorite ekite. Yon lòt 55 gwoup blòk aparèy resansman, ki reprezante 14.6% nan total Komin lan, te jwenn yon nòt CEPA nan senk pwen, ki pote kantite total gwoup blòk aparèy resansman Komin lan a 16.2%. Anplis de sa, vente-en pousan, oswa katreven gwoup blòk sektè Resansman an, gen yon nòt CEPA nan kat pwen. 17.6 pousan, oswa 66 sektè resansman an, gen yon nòt CEPA ki nan twa pwen.




Ilustrasyon 24. Zòn Priyorite Ekite – Komin Oranj, FL
Sous: Règleman ak Plan Non-diskriminasyon Tit VI Komin Oranj

Konsènan Moun ki gen Koulè (POC), zòn ki nan tèt kentil siperyè yo ki gen plis POC yo gen plis pase 90 pousan nan yon gwoup blòk sektè resansman epi yo plis konsantre sou bò lwès Vil Orlando ozalantou Clear Lake, Lake Mann, Lake Lawne, Hiawassee, ak bò lès Universal Orlando Resort. Lòt zòn yo ki lokalize yo andeyò limit Zòn Sèvis Iben an nan Winter Garden ak nan Lòt Lake Apopka, ki gen ant 60 pousan ak 75 pousan nan popilasyon an ki idantifye kòm POC.

Sit Toksik: Komin Oranj konprann ke kalite anviwònman an ak aksè a ekipman anviwònmantal yo fòme opòtinite ki disponib pou rezidan yo. Aksè nan pak ak lòt enfrastrikti vèt nan komin yo, vil yo, ak katye yo bay yon seri benefis anviwònmantal, sosyal, ak sanitè, ki gen ladan aksè a opòtinite lanati ak rekreyasyon; lè ak dlo ki pi pwòp; opsyon transpò altènatif; amelyorasyon nan

sante fizik ak mantal ak byennèt; ak opòtinite pou pwodiksyon manje ak lòt devlopman ekonomik lokal yo. An menm tan an, danje nan anviwònman an, tankou move kalite lè ak enstalasyon toksik, yo asosye ak efè negatif sou sante. Sèten gwoup nan popilasyon an, tankou timoun, gen yon pi gwo risk pou efè negatif ki soti nan ekspozè a polisyon.

Sit toksik yo ka reprezante risk pou rezidan kap viv toupre yo e konsa yo ka reprezante enkyetid l sou ojman ekitab si yo gen yon enpak dispwopòsyonèl sou klas ki pwoteje yo. Yon sit "Superfund" se teren nan peyi Etazini ki te kontamine avèk dechè danjere epi EPA idantifye l kòm yon kandida pou netwayaj paske li reprezante yon risk pou sante moun ak/oswa anviwònman an. Yo mete sit sa yo nan Lis Priyorite Nasyonal yo (NPL).




Ilistrasyon 25. List Priyorite Nasyonal Superfund yo (NPL) Sit ki gen Enfòmasyon sou Estati

Sous: Katografi EPA, ki te adopte apati de analiz obstak nan chwa ekitab sou lojman nan Komin Oranj pou 2022-2026

Gen twa (3) sit NPL nan Komin Oranj, ki gen ladan kontaminasyon dlo anba tè Zellwood nan nò Komin Oranj tou pre Zellwood, Chevron Chemical Co. nan zòn Rosemont nan nò Orlando, ak City Industries, Inc., ki sitiye jis nan nò Orlando nan Winter Park (gade Ilistrasyon 35). Pandan ke revizyon Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) te resamman pibliye yon revizyon pou sit Chevron an, remake ke amelyorasyon an ap kontinye pwotif pou sante moun ak

anviwònman an nan yon ti tan, revizyon EPA a nan de lòt sit yo endike enkyetid kontinyèl konsènan efikasite amelyorasyon aktyèl yo.

Zouti pou Seleksyon ak Katografi Jistis Anviwònmantal (EJScreen): Zouti katografi EPA EJScreen idantifye Pwoksimate Fatra Danjre nan Komin Oranj anrapò ak endis siplemantè yo.




Ilustrasyon 26. Pwoksimate Dechè Danjere – Komin Oranj, FL
Sous: Zouti EJScreen EPA (<https://www.epa.gov/ejscreen>)

Zouti kat jeografik la montre ke zòn Oak Ridge, Pine Castle ak Orlando nan 95yèm pèsantil nasyonalman, avèk yon kantite kwasant nan popilasyon Ispanik lan (33% nan popilasyon an). Se poutèt sa, zòn yo idantifye ki gen popilasyon defavorize ak vilnerab yo ta dwe analize pi lwen pou investisman potansyèl lè yap itilize fon CDBG-DR la. Nenpòt pwojè lojman abòdab nan lavni ki tou pre zòn sa yo ta dwe enkòpore mezi mitigasyon apwopriye a pou pran kont a tout dechè potansyèlman

danjere yo pou diminyee enpak potansyèl sou popilasyon defavorize ak vilnerab kap viv nan zòn sa a.


Sit Brownfield yo Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid la (FDEP) defini Brownfields kòm yon etablisman endistriyèl ak komèsyal abandone, initil, oswa ki pa itilize ase kote ekspansyon oswa redevlopman konplike akòz kontaminasyon anviwònmantal reyèl oswa yon pèsèpsyon. Sit Brownfield yo gwoupe ozalantou Vil Orlando, zòn anba lavil an patikilye, ak nan lwès Komin Oranj nan Lockhart, tou pre Lake Apopka, ak ozalantou Sand Lake.



Ilustrasyon 27. Andwa Brownfield yo ak Ras/Etnisite – Komin Oranj, FL
Sous: Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Florid, ki te adopte apati analizse obstak Chwa Ekitab pou Lojman nan Komin Oranj 2022-2026

Envantè Rejè Toksik Etablisman yo: Envantè Rejè Toksik Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal la (TRI) swiv jesyon sèten pwodwi chimik toksik ki ka reprezante yon menas pou sante moun ak anviwònman an. Sèten etablisman endistriyèl nan peyi Etazini dwe rapòte chak ane konbyen nan chak pwodwi chimik yo resikle, boule pou rekiperasyon enèji, trete pou destriksyon, ak jete oswa otremman jete nan sit la oswa andeyò sit la. Modèl Endikatè Anviwònmantal EPA pou Siveyans Risk

(RSEI) analize done TRI sou kantite pwodwi chimik toksik yo jete, ansanm ak faktè risk tèlke ki sa pwodwi chimik lan devni ak transpò atravè anviwònman an, toksisite relatif a chak pwodwi chimik, ak kantite moun ki potansyèlman ekspoze, pou kalkile yon nòt nimerik ki fèt pou konpare ak lòt nòt RSEI.



Ilustrasyon 28. Envantè Rejè Toksik Etablisman yo – Komin Oranj, FL
Sous: Katografi EPA, ki te adopte apati de analiz obstak nan chwa ekitab sou lojman nan Komin Oranj pou 2022-2026

Sit Envantè Rejè Toksik Orange County yo gwoupe nan sid vil Orlando ozalantou Edgewood, Sky Lake, ak Oak Ridge, ak nan nò Komin Oranj, alantou Lockhart,

Zellwood, Apopka. Pandan ke pi gwo kantite sit TRI yo gwoupe nan zòn sa yo, Sant Enèji Stanton nan lès Komin Oranj gen yon nòt RSEI plizyè fwa ki pi wo pase sa yo ki nan lòt etablisman ki tou pre yo, ki endike siyifikativman pi gwo risk sanitè pou rezidan kap viv tou pre etablisman an.

2.2.6.14. Siveyans pou Respekte Obligasyon nan Lojman Ekitab san

Diskriminasyon

Pou asire ke baryè yo idantifye nan dokiman 2022-2026 Komin Oranj lan sou enpedans pou Chwa Lojman Ekitab yo adrese pandan aplikasyon Pwogram CDBG-DR la, Komin angaje regilyèman pou kontwole konfòmite ak obligasyonak nan lojman ekitab ki pa diskriminatwa pou tou de, anplwaye Komin yo ak patnè pou aplikasyon yo, tankou minisipalite lokal yo ak lòt sou-benefisyè fon yo.

Anplwaye Komin lan ki gen responsablite CDBG-DR yo pral oblije pran fòmasyon sou règleman lojman ekitab ak konfòmite epi bay fòmasyon ak/oswa pwolonje opòtinite fòmasyon pou sou-benefisyè yo. Pou entegre efò pou ankouraje lojman ekitab afimativman nan operasyon kontinyèl li yo ak aplikasyon Pwogram CDBG-DR la, Komin lan pral bay resous ak edikasyon sou-benefisyè fon yo, anplwaye Komin lan, ak gran piblik la:

- **Fòmasyon: Fòmasyon** apre atribisyon an, pou enkli enfòmasyon lojman ekitab ak apèsi sou kondisyon Plan Aksè Lang yo, pou sou-benefisyè fon yo. Opòtinite fòmasyon adisyonèl yo dwe prezante pandan Mwa Lojman Ekitab la (Avril), ak pandan tout ane pwogram lan. Gen kèk fòmasyon/rafrechisman kap obligatwa pou sou-benefisyè fon yo. Sou

demann patisipan an (yo), fòmasyon an pèsòn yo pral aksesib pou moun ki gen andikap yo kote yo ofri yo akomodasyon.

- **Materyèl maketing ak sansibilizasyon:** Pwovizyon materyèl lojman ekitab (afich, bwochi, feyè enfòmasyon, elatriye) nan plizyè lang pou patisipan pwogram yo ak sou-benefisyè fon yo.
- **Enfòmasyon sou pwogram nan:** Rann sitwèb Pwogram CDBG-DR la disponib nan plizyè lang epi bay enfòmasyon sou pwogram nan nan plizyè lang pou asire aksè ekitab nan fon CDBG-DR yo. Sa ka egalman enkli etabli kontak adisyonèl nan kominote defavorize yo, evantyèlman an kolaborasyon ak òganizasyon de baz yo lokal.
- **Akò sou-benefisyè yo:** Enklizyon lojman ekitab ak kondisyon ki pa diskriminatwa nan akò sou-benefisyè administrasyon pwojè yo.
- **Asistans teknik en-a-en:** Sou demann, yo ka bay konsiltasyon ak/oswa asistans teknik a yon odyans sou yon varyete sijè.
- **Swivi:** Swivi anyèl sou plas sou-benefisyè yo ak evalye konfòmite yo.
- **Rapò:** Prezante rapò regilye (chak trimès) bay HUD pou asire konfòmite.

Pou avanse ekite ak diminye baryè nan aksè a asistans rekiperasyon katastwòf atravè Pwogram CDBG-DR la, epi an akò ak Plan Aksè a Lang adopte ak Plan Patisipasyon Sitwayen an, Komin Oranj pral ofri akomodasyon rezonab gratis bay moun ki fè demann lan epi bay kontak, dokiman pwojè, ak tout lòt kominikasyon nan fòma altène pou moun ki gen andikap oswa konpetans limite nan lang Anglè.

Anplis de sa, Komin lan pral asire kowòdinasyon kontinyèl ak founisè sèvis piblik ak sèvis pou sanzabri yo nan efò pou kenbe tras tout nouvo enfòmasyon ki gen rapò ak bezwen popilasyon vilnerab ki afekte nan dezas la.

2.3. Bezwen Enfrastrikti Non-satisfè

2.3.1. Domaj ak Enpak Katastwòf yo - Enfrastrikti

Siklòn lan te lakòz inondasyon toupatou ak domaj nan sistèm enfrastrikti nan Komin Oranj, enkli wout, sistèm dlo tanpèt, sistèm tretman dlo ak dlo ize, sistèm mitigasyon inondasyon, etablisman piblik, lekòl, abri pou sanzabri, sant granmoun aje, ak anpil inite rezidansyèl. Anpil lari katye nan tout Komin Oranj lan, enkli Vil Orlando, te konplètman enpasab ki te rann li enposib pou rezidan yo kite kay ki inonde yo epi li te danjere pou sèvis ijans yo rive nan zòn sa yo.

Seksyon sa a mete aksan sou pèt ak domaj nan enfrastrikti nan Komin Oranj akòz Siklòn lan. Bezwen enfrastrikti ki Poko Satisfè a kalkile atravè yon evalyasyon pèt nan enfrastrikti piblik nan kad Pwogram Asistans Piblik FEMA (pataje depans gouvènman lokal la a 25 pousan), Pwojè mitigasyon danje FEMA (pataje depans gouvènman lokal la a pousan), epi Komin lan te idantifye pwojè ki pa konkòde ke Komin lan idantifye avèk lyen ki yo gen ak Siklòn lan ak mitigasyon ke sibvansyon lòt sous yo pa kouvri.

Pou Siklòn lan, pousantaj depans pataje yo prezante konsa:

Pataje Depans Non-Federal FEMA PA: Pati federal pou èd la se 75 pousan nan pri pwojè ki elijib la, ki oblije gouvènman lokal la pou kontribye 25 pousan ki rete nan rès depans yo.

Pataje Depans Non-Federal FEMA HMGP: Pati federal pou èd la se 75 pousan nan pri pwojè ki elijib la, ki egzijje gouvènman lokal la pou kontribye 25 pousan ki rete nan rès depans yo.

Komin lan analize plizyè sous done pou detèmine bezwen non-satisfè etablisman piblik ak enfrastrikti yo. Pi gwo seri done a te pwogram Asistans Piblik FEMA a, ki te gen ladan done ki soti nan Orange County, Orange County Sheriff's Office, Orange County Public Schools, Orlando Aviation authority, City of Orlando, Lynx, ak plizyè minisipalite nan Orange Cuntly. Epitou, Komin lan te revize ak evalye demann priyorite li yo nan kad Pwogram Rediksyon Risk FEMA a kòm yon pati nan bezwen non-satisfè ak 25 pousan pati depans li yo. Finalman, Komin lan te fè yon evalyasyon preliminè sou pwojè jiridiksyon ak depatman Komin yo ki gen rapò ak bezwen non-satisfè yo, kalifikasyon, ak lyen tanpèt la.

Enfrastrikti enpòtan ak domaj enstalasyon piblik yo dekri nan pwogram ak sous done ki anwo yo te ede idantifye bezwen enfrastrikti non-satisfè Komin Oranj yo. Tablo ki anba a reprezante bezwen total yo estime ki Poko Satisfè ki repati dapre chak pwogram enfrastrikti. Yo estime bezwen total enfrastrikti non-satisfè nan Komin lan se \$ 160,700,743. Chak pwogram ak sous done yo eksplike pi klè nan seksyon sa a.

Bezwen Enfrastrikti Non-Satisfè dapre Pwogram yo	Estimasyon Kantite Pwojè yo	Estimasyon Bezwen Non-satisfè yo
PA (Cat C-G) Depans Non-Federal Pataje*		\$ 30,835,935
Depans Non-Federal Pataje HMGP	14	\$ 11,264,808
Pwojè San Lyen nan Komin Oranj **		\$ 118,600,000
Total		\$160,700,743

Tablo 33. Rezime Bezwen Enfrastrikti dapre Pwogram yo

* Depans non-federal pataje PA (25%), rezilyans (+ 30%) ak materyèl konstriksyon (+ 32%)

** Depans estime pou simisyon bezwen preliminè non-satisfè nan sèvis jiridiksyon ak depatman Komin yo

Sous: Pwojè FEMA PA, Pwojè HMGP, Gouvènman Komin Oranj, Minisipalite Lokal yo

2.3.2. Pwogram Asistans Piblik FEMA

Pwogram Asistans Piblik (PA) FEMA a ofri sibvansyon siplemantè bay gouvènman eta, tribi, teritoryal, ak lokal yo, ak sèten kalite òganizasyon prive a-bi-non likratif pou kominote yo ka reponn byen vit epi rekipere apre gwo katastwòf oswa ijans yo. Komin Oranj te enkli nan Deklarasyon Asistans Endividyèl ak Asistans Piblik sou Katastwòf (Sous: www.fema.gov/disaster-federal-register). Enpak sou enfrastrikti piblik Komin Oranj ke Siklòn lan te koze kouvri avèk pwogram PA FEMA a nan yon pataj depans inisyalyal 3:1 (pati federal ak pati lokal pou kategori PA C – G ak 100 pousan pou kategori PA A ak B pou aktivite ki okipe nan premye 30 jou dezans yo (apati 15 me 2023).

Pòsyon sa a nan evalyasyon enpak la rezime pèt nan enfrastrikti piblik akòz Siklòn lan. Tablo ki anba a prezante yon repatisyon nan sit FEMA PA ak depans pou Komin Oranj. Isit la, Komin Oranj te idantifye plis pase \$ 96 milyon dola nan enpak

enfrastrikti ki kouvri nan Pwogram Asistans Piblik FEMA a ki lakòz plis pase \$ 23 milyon dola nan bezwen ki Poko Sastisfè yo.

Kategori PA	# Sit ki Andomaje yo	Sòm Apwoksimativ Pri	Sòm Federal Pataje	Sòm Pataje ki pa Federal
A - Debri	35	6,574,761	5,110,616	1,464,145
B - Mezi Ijans	72	20,470,637	15,857,491	4,613,146
C - Wout ak Tranzisyon	35	6,248,434	4,686,326	1,562,108
D - Etablisman ki Kontwole Dlo	24	3,693,115	2,769,836	923,279
E - Etablisman ak Ekipman	99	29,174,051	21,880,538	7,293,513
F - Sèvis Itlite Piblik	36	27,066,600	20,299,950	6,766,650
G - Lòt	47	2,323,070	1,742,303	580,768
Tout Kategori	348	\$ 95,550,668	\$ 72,347,059	\$ 23,203,609
TOTAL - san A ak B:	241	\$ 68,505,270	\$ 51,378,953	\$ 17,126,317

Tablo 34. Pwogram Asistans Piblik FEMA
Sous: FEMA

2.3.3. Pri Total ak Bezwen dapre Kategori PA

Akòz longevite laplipa enfrastrikti yo, anpil yo te bati kote yo te itilize kòd bilding ki pase mòd epi yo pral bezwen mete yo nan nivo konfòmite (fè yo rezistan) an akò ak kòd bilding aktyèl la. Isit la, yon estimasyon 30% ogmantasyon nan pri konfòmite a egzistans kòd aktyèl pou eleman enfrastrikti nan kategori C-G pral antrene yon pri reyèl ki wo pou ranplase estrikti ak liy sekou ki domaje sa yo. Tablo ki anba a ofri yon repatisyon nan distribisyon peman FEMA PA avèk kategori ak dispozisyon pataje depans ki konte pou depans rezilyans adisyonèl, sa ki lakòz bezwen ki Poko Sastisfè yo atravè Komin Oranj ki pre \$23 milyon dola.

Kategori PA	Estimasyon Pri PA	30% Rezilyans	25% Lyen Lokal (Bezwen total ki Poko Sastisfè)
A - Debri	\$ 6,574,761		
B - Mezi Ijans	\$ 20,470,637		
C - Wout ak Tranzisyon	\$ 6,248,434	\$ 8,122,964	\$ 2,030,741
D - Etablisman ki Kontwole Dlo	\$ 3,693,115	\$ 4,801,049	\$ 1,200,262

E - Etablisman ak Ekipman	\$ 29,174,051	\$ 37,926,266	\$ 9,481,566
F - Sèvis Iltite Piblik	\$ 27,066,600	\$ 35,186,581	\$ 8,796,645
G - Lòt	\$ 2,323,070	\$ 3,019,991	\$ 754,998
Total	\$ 95,550,668	\$ 89,056,851	\$ 22,264,213

Tablo 35. Pri Total ak Bezwen dapre Kategori PA
Sous: FEMA

Anplis nesite pou konstwi jiska kondisyon kòd aktyèl yo, pri materyèl aktyèl yo te ogmante presipitivman pandan plizyè ane ki sot pase yo nan 38.5% (Sous: <https://fred.stlouisfed.org/series/PCU44414441>). Kontablite pou pri sa a ki ogmante nan materyèl konstriksyon nan pri total pou repara oswa ranplase enfrasitri ki domaje rezilta nan yon bezwen total ki Poko Sastisfè nan \$ 30,835,935 atravè Komin Oranj.

Kategori PA	Estimasyon Pri PA	30% Rezilyans	32% Ogmantasyon Pri Materyèl Bilding yo	25% Lyen Lokal (Bezwen total ki Poko Sastisfè)
A - Debri	\$ 6,574,761	\$0	\$0	\$0
B - Mezi Ijans	\$ 20,470,637	\$0	\$0	\$0
C - Wout ak Tranzisyon	\$ 6,248,434	\$ 8,122,964	\$ 3,127,341	\$ 2,812,576
D - Etablisman ki Kontwole Dlo	\$ 3,693,115	\$ 4,801,049	\$ 1,848,404	\$ 1,662,363
E - Etablisman ak Ekipman	\$ 29,174,051	\$ 37,926,266	\$ 14,601,612	\$ 13,131,970
F - Sèvis Iltite Piblik	\$ 27,066,600	\$ 35,186,581	\$ 13,546,834	\$ 12,183,354
G - Lòt	\$ 2,323,070	\$ 3,019,991	\$ 1,162,697	\$ 1,045,672
Total	\$ 95,550,668	\$ 89,056,851	\$ 34,286,888	\$ 30,835,935

Tablo 36. Estimasyon Pri Total ak Bezwen dapre Kategori PA (enkli enflasyon)

Sous: Invivèsite Santral Florid, Gouvènman Komin Oranj

2.3.4. Bezwen Mitigasyon Danje pou chak Komin oswa Pwojè Koni

Pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Risk la (HMGP) pral yon pati enpòtan nan pwosesis rekiperasyon alontèm nan rekonstriksyon, pwoteksyon, ak

amelyorasyon enfrastrikti enpòtan. Komin Oranj te idantifye yon bezwen ki Poko Satisfè pou pataje depans nan pwojè gouvènman lokal ki kalifye pou pataje depans non-federal HMGP. Pati èd federal reprezante 75 pousan nan pri pwojè ki elijib la, ki oblije gouvènman lokal la pou kontribye 25 pousan ki rete nan rès depans yo. Pandan ke kèk pwojè HMGP ka konsidere inelijib pou asistans ki koresponn ak CDBG-DR la, Komin lan pral travay pou idantifye pwojè sa yo anba finansman miigasyon pou enplimantasyon. Komin lan gen katòz (14) pwojè estime ki soumèt pou HMGP. Tablo ki anba a dekri pri estime e bezwen non-satisfè nan depans ki pa federal yo ki nan \$ 11,264,808.

Komin	Estimasyon Kantite Pwojè yo	Estimasyon pri total	Estimasyon Lajan Kach Federal Pataje 75%	Estimasyon Pri ki pa Federal ki pataje (25%)
Oranj	14	\$ 45,059,233	\$ 33,794,424	\$ 11,264,808

Tablo 37. Estimasyon Total Depans HMGP ki pa Feferal pou Bezwen ki Poko Satisfè yo

Sous: Gouvènman Komin Oranj, Biwo Jesyon Ijans

2.3.5. Pri Total ak B pou Pwojè ki Pa Koresponn Yo

An repons a domaj toupatou ke Siklòn lan te koze, Komin Oranj te kontakte tout minisipalite yo pandan devlopman Plan Aksyon CDBG-DR la pou diskite sou kritè kalifikasyon pwogram lan ak bezwen ki Poko Satisfè nan jiridiksyon respektif yo. Yo te mande minisipalite yo ak depatman Komin yo pou yo soumèt pwojè potansyèl bezwen ki Poko Satisfè yo, ak yo te mete anfaz sou lyen lan ak Zòn Revni Modere (LMAs). Daprè yon revizyon preliminè, kèk nan pwojè sa yo te detèmine pou yo pa kalifye pou finansman CDBG-DR akòz benefis zòn modere ki pa gen tanpèt. Daprè revizyon detaye tout pwojè yo soumèt yo, ki gen ladan pwojè jiridiksyon ak pwojè potansyèl Komin Oranj (enfrastrikti ak aktivite etablisman piblik), yo te idantifye bezwen total \$ 118,600,000 ki poko satisfè. Ou ka a jwenn nan dokiman sa a yon lis enfrastrikti ak etablisman piblik jiridiksyon yo pa satisfè bezwen yo. Pandan pwosesis angajman ak sansibilizasyon kominote a, yo te note ke amelyore enfrastrikti ki egziste deja yo pou anpeche inondasyon nan lavni te yon gwo priyorite pou rezidan Komin yo.

2.3.6. Kowòdinasyon Efò Mitigasyon yo

Investisman CDBG-DR Komin Oranj lan pwojè enfrastrikti ak aktivite rekonstriksyon yo pral entegre mezi preparasyon ak alèjman nan konsepsyon pwojè a. Komin Oranj pral devlope direktiv pwogram ki gen ladan mezi alèjman nan tout aktivite pou konstwi, rekonstwi oswa reyabilite estrikti ki pa rezidansyèl ak rezidansyèl ak fon CDBG-DR.

Aktivite alèjman CDBG- DR yo finanse pa oblije yon lyen a enpak Siklòn lan. Sepandan, tout aktivite ki finanse mitigasyon CDBG-DR finanse dwe:

1. Yon aktivite CDBG ki elijib.
2. Reyalize yon Objektif Nasyonal nan kad pwogram CDBG la.
3. Adrese risk aktyèl oswa alavni yo idantifye nan plan alèjman Komin Oranj lan.

Alokasyon CDBG-DR pou Komin Oranj lan gen ladan resèv obligatwa ki nan \$ 28,658,000 pou aktivite alèjman. Aktivite mitigasyon yo defini kòm aktivite ki ogmante rezistans nan katastwòf ak diminye oswa elimine risk alontèm pou pèdi lavi, blesi, domaj ak pèt pwopriyete, ak soufrans ak difikilte nan diminye enpak katastwòfik nan lavni. Komin Oranj ap kontinye kowòdone ak kolabore nan aktivite mitigasyon pou Plan Aksyon an ak amannman sibstansyèl ki vin apre yo nan Plan an ak entèvenan entèn ak ekstèn yo. Komin lan pral kolabore ak jiridiksyon ki nan Komin lan pou asire ke mezi alèjman ak rezistans yo ankouraje nan tout kominote ki afekte nan Komin lan.

2.4. Revitalizasyon Ekonomik Pou Bezwen ki Poko Satisfè yo

Komin Oranj, avèk asistans yon konsiltan nan Inivèsite Santral Florid, analize done konsènan bezwen revitalizasyon ekonomik ki Poko Satisfè. Anba la a se yon rezime, ansanm ak yon analiz sou prè Administrasyon Ti Biznis yo bay kominote biznis la apre evènman Siklòn lan. Analiz la refere a bezwen kritik pou asiye finansman CDBG-DR pou nouvo inite lojman, enfrastrikti, ak sèvis piblik pou ede ak plasman travay ak sèvis devlopman pou adrese bezwen revitalizasyon ekonomik ki dekri anba a.

2.4.1. Domaj ak Enpak Katastwòfik – Revitalizasyon Ekonomik

Konsantre sou evalyasyon bezwen revitalizasyon ekonomik ki Poko Satisfè yo Plan Aksyon sa a konsantre sou idantifye enpak imedyà sa yo sou biznis (bilding ak kontni) ki soti nan lan. Nan kad efò rekiperasyon yo, Administrasyon Ti Biznis

(SBA) fè prè katastwòfik ki pa koute chè disponib pou biznis ki kalifye yo epi nivo itilizasyon sèvis yo se yon endikatè enpòtan sou enpak biznis yo.

2.4.2. Total Prè Biznis SBA apwouve

Sèvi ak done biznis SBA an konjonksyon avèk metòd HUD ki tabli nan Rejis Federal la enfòme apwòch pou idantifye enpak pwopriyete ak kontni sou biznis atravè Orange County. Daprè enfòmasyon sou prè biznis Siklòn lan SBA a, te gen 1,031 aplikasyon biznis ki soti atravè Komin Oranj. Nan moun sa yo, 81 aplikan te apwouve pou prè lajan pou domaj oswa deranjman ekonomik, 74 aplikan te gen yon pèt pwopriyete verifye ki nan \$7,789,194, ak yon lòt 950 aplikan ki te swa "an pwosesis", ki te deside pou pa koninye ak aplikasyon an, oswa pwogram nan te ba yo refi pou prete lajan an. Nou ta dwe remake ke gwo pousantaj aplikasyon yo te emèt men yo pa retounen. Prè anekdotik sijere ke anpil pwopriyete biznis pat pran asistans SBA paske yo swa te pè yo pat ka remèt yon prè biznis oswa yo pat gen tan oswa ekspètiz pou jere pwosesis prè a.

ESTATI BIZNIS SBA	APLIKAN	KANTITE APLIKAN	% NAN ESTATI
Apwouve		81	7.86%
rejete		584	56-64
Nan pwosesis		1	0.10%
Aplikasyon Retire		365	35.40%
TOTAL		1,031	100.00%

LMS la epi yo baze sou divès kalite katastwòf natirèl, teknolojik, ak/oswa moun ki te idantifye kòm ki gen enpak potansyèl sou Komin Oranj: maladi ak pandemi; tanperati ekstrèm; inondasyon; gwo loraj; sinkholes/sibvansyon tè; materyèl danjere; cyberteroris; sistèm twopikal; ak dife sovaj. Bi ak objektif Estrateji Mitigasyon Lokal Komin Oranj se pou ede nan efò mitigasyon danje yo, epi enkli:

1. Enplimante yon plan efikas pou mitigasyon risk nan tout Komin lan.
2. Sipòte estrateji mitigasyon Kominal, minisipal, ak rejyonal.
3. Ogmante konsyantizasyon sektè piblik, a-bi-non likratif, ak prive pou sipòte patisipasyon yo nan diminye danje.
4. Sipòte inisyativ mitigasyon ak règleman ki pwoteje kilti, komès ak ekonomi, touris, rezidans, sistèm transpò, rekreyasyon, ak resous natirèl komin lan.

Finalman, Komin Oranj ap travay sou mete ajou Plan Jesyon Inondasyon li yo pou diminye oswa elimine risk pou moun ak pwopriyete ki nan danje inondasyon. Dènye bouyon Plan an (2023) enkli yon evalyasyon risk ak vilnerabilite, ki te montre ke chanjman klimatik poze yon gwo risk pou Komin lan; echèk baraj/rivaj, inondasyon rivyè ak flash, dlo tanpèt/inondasyon lokalize, ak siklòn ak tanpèt twopikal chak prezante yon risk modere pou Komin lan; epi kanal ewozyon ki poze yon risk ki ba pou Komin lan. Plan bouyon an idantifye aktivite ki ka aplike pou diminye danje inondasyon, pwoteje sante ak sekirite moun ki nan Komin Oranj, epi diminye domaj nan pwopriyete.

Plan Aksyon CDBG-DR la gen yon estrateji mitigasyon ki fè pati nan aktivite sibvansyon yo ki enkli planifikasyon rekiperasyon alontèm, evalyasyon apre dezast risk danje, ak lòt danje natirèl ki gen rapò ak klima, an adisyon a tanpèt. Yo mete yon minimòm \$ 28,658,000 apa pou pwojè ak aktivite mitigasyon. Estrateji mitigasyon ki finanse nan Pwogram CDBG-DR la pral ajoute nan efò aktyèl yo nan Repons Jesyon Ijans Komin lan, Biwo Dirabilite, ak efò kominotè similè yo. Daprè estrateji Planifikasyon an, fon CDBG-DR yo ap disponib tou pou etid mitigasyon adisyonèl ak devlopman rekiperasyon dezast ak planifikasyon repons.

Rezilyans defini kòm kapasite yon kominote genyen pou diminye domaj epi retabli byen vit apre eènman ekstrèm ak kondisyon kap chanje, enkli risk danje natirèl. Konsekans Siklòn lan yo te revele gen toujou twou vid nan enfòmasyon ak livrezon sèvis ki bezwen adrese yo, patikilyèman nan zòn ki gen revni ki ba-modere yo, nan efò pou amelyore preparasyon, amityasyon ak rezistans. Atravè Pwogram CDBG-DR la, Komin Oranj gen entansyon amelyore enfòmasyon, resous, ak platfòm livrezon sèvis aktyèl li yo pou elaji resous rekiperasyon dezast ki egziste deja pou rezidan ak antite ki toujou bezwen asistans, epi diminye enpak dezast natirèl nan lavni atravè pwojè rezilyans ak mitigasyon ak aktivite yo, epi enkòpore karakteristik rezilyans nan aktivite lojman ak enfrastrikti yo enplimante nan kad Pwogram CDBG-DR la.

Avi Rejis Federal la egzije pou Komin lan enkòpore mezi mitigasyon nan aktivite pou konstwi, rekonstwi, oswa reyabilite estrikti rezidansyèl oswa ki pa rezidansyèl yo ak fon CDBG-DR la. Mezi mitigasyon sa yo pral enkòpore nan aktivite CDBG-DR kòm yon estanda konstriksyon ki espesifye nan règleman ak pwosedi ki aplikab

pou pwogram espesifik yo. Omwen, mezi mitigasyon sa yo ta dwe asire ke estrikti yo fèt ak konstwi pou reziste kont enpak klima ki egziste deja ak nan alavni yo espere rive pandan dire sèvis yon pwojè. Lè yo enplimante mezi mitigasyon yo, Komin lan pral asire ke li:

- Estime risk ki prevwa pou aktivite a fini danje natirèl la, enkli danje ke chanjman nan klimaki a enfliyanse (egzanp, gwo van ki detwi kay ki fèk bati);
- Idantifye mezi mitigasyon ki pral adrese risk ki previ (egzanp, itilize materyèl konstriksyon ki rete fèm kon move van); ak
- Evalye benefis mezi benefisyè a atravè done ki ka verifye.

Nan aplikasyon Pwogram CDBG-DR la, Komin Oranj pral mande sou-benefisyè li yo, vandè enplimantasyon ak kontraktè yo pou fè enspeksyon kalite ak enspeksyon konfòmite kòd sou tout pwojè.

3.6. Enfrastrikti Laj-band nan Kay

Enfrastrikti ak koneksyon laj-band ki adekwa e ki esansyèl pou kominote yo pwospere nan ekonomi jodi a. Yo te idantifye bezwen sa a kòm youn nan priyorite devlopman kominotè Komin Oranj nan Plan Konsolide Komin Oranj 2022-2026, ansanm ak nan Plan Sovtaj Ameriken 2021 (ARP), kòm yon bezwen kritik pou kominote a. Pou rezon sa a, Komin Oranj planifye pou itilize fon CDBG-DR pou adrese bezwen ak pri enstalasyon enfrastrikti laj-band nan nouvo aktivite konstriksyon oswa reyabilitasyon sibstansyèl.

Nenpòt reyabilitasyon sibstansyèl oswa nouvo konstriksyon yon bilding ki gen plis pase kat (4) inite lwaye dwe enkli enstalasyon enfrastrikti laj-band, eksepte lè:

- Andwa nouvo konstriksyon an oswa yon reyabilitasyon sibstansyèl rann enfrastrikti laj-band lan ireyalizab;
- Pri enstalasyon yon enfrastrikti laj-band lakòz yon chanjman fondamantal nan nati pwogram lan oswa aktivite li oswa chaj finansye ki pa nesesè; oswa
- Estrikti lojman ki dwe reyabilite sibstansyèlman yo fè enstalasyon enfrastrikti laj-band ireyalizab.

Fon CDBG-DR yo ka itilize pou enstale fil kab, kab fibre optik, ak ekipman ki atache pou pèmanan tankou resepte pou zòn kap resevwa aksè laj-band lan.

3.7. Rantabilite

Benefisyè yo dwe swiv prensip pri "nesesè ak rezonab" nan 2 CFR 200.403 ak 200.404. Benefisyè yo dwe konsidere faktè ki dekri nan 2 CFR200.404 (a) jiska (e) lè yap detèmine ki kalite ak pr kantite materyèl ki nesesè ak rezonab. Komin Oranj swiv prensip pri sa yo epi li te adopte pwosedi kontra yo dapre Manyèl Pwosedi Apwovizyonman li yo, pou detèmine si yon pri rezonab nan aplikasyon pwojè federal ak lòt Komin. Anplis de sa, Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè a swiv konsèy HUD etabli, enkli Avi CPD 14-04, pou enplimante sistèm evalyasyon ki baze sou risk pou evalye tout sou-benefisyè, aktivite ak pwojè potansyèl pwogram lan. Nan devlope analiz risk sa a ak kritè rantabilite pou chak aktivite oswa pwojè, yon ekip evalyasyon itilize yon sistèm evalyasyon pou konfime si

pwojè a rezonab oswa rentab, oswa pou rekòmande altènativ ki ka atenn menm rezilta oswa objektif la.

Pri pou ogmantasyon aktivite ak materyèl konstriksyon yo neseite estimasyon pri ki dwe fè ak anpil atansyon, patikilyèman nan enplimantasyon reyabilitasyon lojman, rekonstriksyon, ak nouvo aktivite konstriksyon. Nan kèk ka, pwopriyete yo pa ka adapte pou reyabilitasyon, epi li ka pi rentab pou rekonstwi oswa pou pwopoze lòt opsyon lojman pou ranplase pwopriyetè kay la. Pou detèmine lè pri reyabilitasyon oswa rekonstriksyon yon inite pa rantab parapò ak lòt mwayen pou ede pwopriyetè kay la, règleman sa a nan Pwogram Reyabilitasyon Lojman Komin Oranj lan ap aplikab:

"Pwogram Demolisyon ak Rekonstriksyon an te etabli pou ranplase kay ki domaje ki depase kad ak limit pwogram reyabilitasyon sibstansyèl la. Yo pral akòde priyorite a rezidan ki gen revni fèb ki pi vilnerab yo, enkli granmoun aje yo, moun ki gen andikap ak fanmi ki gen timoun minè. Pwopriyete ki bezwen èd la pa dwe gen akizasyon finansye li oswa jijman ak san ipotèk."

Selon tèm ak kondisyon Pwogram Reyabilitasyon, Demolisyon ak Rekonstriksyon Lojman CDBG-DR la, gen kèk egzijans oswa kondisyon adisyonèl ki ka aplike epi yo pral ekplike an detay nan règleman ak pwosedi chak pwogram. Aplikan an dwe tap viv nan kay la ak posede kay la pandan Siklòn lan ak nan moman aplikasyon an sof si kay la pa apwopriye pou abite nan moman aplikasyon an. Kay la dwe

rezidans prensipal aplikan an, epi pri reparasyon aktyèl la pa ka depase limit pwogram ki etabli a nan moman aplikasyon an.

Sepandan, yo evalye tout pwojè yo sou yon baz ka-pa-ka an fonksyon de sikonstans endividyèl yo, atribisyon maksimal otorize a, ak konsiderasyon adisyonèl tankou nivo difikilte demontrab yo, pou akòde yon eksepsyon. Pou rezon Pwogram CDBG-DR la, yo defini yon difikilte demontrab kòm "enpak siyifikatif, negatif ak demontrab sou lojman ak estabilite ekonomik yon moun apre Siklòn lan". Egzanp yon difikilte demontrab ka enkli pèt sibstansyèl nan revni oswa kapasite pou touche yon revni, pèt nan yon biznis, pèt nan lojman prensipal yon moun akòz Siklòn lan, maladi grav oswa andikap, aksidan, lanmò yon mari oswa madanm, oswa kantite lajan dèt ki fèt akòz domaj Siklòn lan te koze. Difikilte a pa ka yon difikilte ke ou ki te kreye l epi li dwe atribiye a Siklòn lan. Yon komite entèn pral evalye bezwen pou etabli eksepsyon yo avèk èd maksimal ki otorize a si li jije nesèsè ak rezonab. Règleman ak pwosedi yo pral enkli yon pwosesis espesifik pou mande yon eksepsyon lè yon moun satisfè kritè difikilte ki demontrab yo.

3.8. Doub Avantaj

Seksyon 312 nan Lwa Robert T. Stafford sou Sekou pou Katastwòf ak Ijans 1974 (Lwa Stafford) entèdi nenpòt moun, biznis, oswa antite resevwa asistans finansye pou nenpòt pati nan yon pèt ki soti nan yon gwo dezast kote ke moun nan oswa antite a te resevwa asistans finansye anba lòt pwogram, ki soti nan asirans oswa nenpòt lòt sous. Komin Oranje dwe respekte egzijans sa a epi asire ke chak aktivite ki bay asistans dirèk a yon moun, biznis oswa antite konfòme li avèk egzijans sa a. An konsekans, Komin Oranj pral pran mezi pou asire ke doub avantaj pa rive

nan administrasyon sèvis yo anba CDBG-DR. Tout anplwaye ki responsab pou mete enplimante pwojè ak aktivite ki anba CDBG-DR la, pral oblije resevwa fòmasyon epi respekte règleman sa a.

Nan kontèks CDBG-DR, yon doub avantaj rive lè moun nan resevwa èd finansye total soit nan plizyè sous pou menm objektif e ke asistans CDBG-DR la plis pase bezwen total aplikan an. Fon CDBG-DR yo se youn nan plizyè sous federal asistans rekiperasyon apreè dezaz, e paske fon CDBG-DR yo se tipikman dènye sous federal finansman, fon yo souvan itilize pou menm rezon ak lòt sous finansman federal yo. Sou-benefisyè CDBG-DR ak founisè enplimantasyon yo pral oblije tou gen règleman adekwa an plas pou anpeche moun resevwa doub avantaj nan reyalizasyon aktivite elijibilite yo. Kondisyon pou ssou-benefisyè yo pral enkli, men sanzoubliye::

1. Tout akò sibvansyon, demann pou pwopozisyon, oswa demann pou sèvis dwe genyen yon lang ki endike ke tout moun ki resevwa avantaj an doub, yap mande l pou ranbousman epi yap mande l pou siyen ke l dakò pou ranbouse tout èd an doub la ki gen menm objektif ansanm avèk atribisyon CDBG-DR la.
2. Tout pwopozisyon oswa aplikasyon ki konsidere pou finansman CDBG-DR pral evalye pou detèmine kalifikasyon, bezwen ki Poko Satisfè pou fon CDBG-DR, ak depans rezonab anvan yo akòde asistans lan.
3. Sou-benefisyè yo ak founisè enplimantasyon yo responsab pou asire ke aplikan pwogram yo kalifye, epi ke yo swiv pwosedi pou doub avantaj yo.

Tout lis verifikasyon, kalkil ak sètifikasyon yo dwe disponib nan dosye tout benefisyè.

4. Sou-benefisyè yo ak founisè enplimantasyon yo dwe oblije mete ajou règleman ak pwosedi pou adrese espesyalman doub avantaj.
5. Sou-benefisyè yo ak founisè enplimantasyon yo dwe mande pou aplikan pwogram yo idantifye tout sous finansman yo te resevwa oswa antisipe ak dokiman sipò sous sa yo. Aplikan pwogram yo dwe ateste/sètifye ke enfòmasyon yo kòrèk.
6. Toutotan sa posib, sou-benefisyè yo pral pran verifikasyon twazyèm pati pou enfòmasyon aplikan pwogram nan bay yo.
7. Si aktivite ki gen rapò ak sibvansyon oswa prè yo enplimante, yo pral itilize yon akò sourogasyon oswa rezolisyon kontinyèl kap fèt espesyalman pou prè ak sibvansyon CDBG-DR yo an akò ak tout kondisyon lwa eta a pou pwoteje enterè Komin Oranj yo nan yon fason ki apwopriye.
8. Komin Oranj dwe mande tout sou-benefisyè yo ak founisè enplimantasyon yo pou rapòte ak sètifye si yo te resevwa lajan adisyonèl pou depans ki gen rapò ak katastwòf, kantite lajan an, ak lè yo te resevwa lajan an, anvan pou yo peye oswa ranbouse depans ki gen rapò ak CDBG-DR yo.
9. Komin Oranj pral verifye enfòmasyon sa a pandan siveyans regilyèman pwograme a.

Yo dwe pran lòt mezi pou anpeche doub avantaj ki gen rapò ak aplikan sèvis yo, tankou:

1. Tout demand pou sèvis yo dwe gen langaj ki endike ke nenpòt kopi avantaj anplis yo resevwa, yo pral mande ranbousman epi yo pral gen ladan yo yon siyati ki dakò pou ranbouse nenpòt asistans anplis pou menm objektif yo te bay prim CDBG-DR la.
2. Tout moun ki mande fon CDBG-DR la pou reyabilitasyon lojman oswa aktivite rekonstriksyon an, yo dwe bay dokiman sipò kote konpayi asirans lan te sèlman bay yon pòsyon nan depans ki nesèsè pou reparasyon yo oubyen prè v ke konpayi asirans lan te refize reklamasyon pou reparasyon yo.
3. Komin Oranj (oswa sou-reseptè/vandè aplikasyon) yo ka revize resi, enspeksyon, deklarasyon labank, oswa lòt sous rezonab nan dokiman ki montre ke tout bagay kòrèk e nesèsè pou valide enfòmasyon an.
4. Komin Oranj (oswa sou-benefisyè/vandè aplikasyon) yo ka itilize tout mwayen yo genyen pou verifye kijan moun yo te itilize asistans lan, tankou pwòp tèt yo, sètifikasyon ak lòt dokiman ankò.
5. Komin Oranj oubyen sou-benefisyè/vandè aplikasyon li yo ta dwe bay tout enfòmasyon nan dosye moun yo ke l' te ranpli verifikasyon sa a.

HUD te kreye fich travay pou ede benefisyè yo nan ranpli e jwenn plis mwayen pou pwogram Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon Lojman Kominote Devlopman Blòk Sibvansyon ak Rekiperasyon Dezas (CDBG-DR). Komin Oranj ap gen bon jan fòmil ak mwayen pou pèmèt moun ki gen plis avantaj yo mennen aktivite yo nan bon kondisyon.

4. Mwayen ke yo mete pou benefisyè yo

4.1. Apèsi

Komin Oranj Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè se ajans prensipal ak antite responsab pou administre \$219,712,000 nan fon CDBG-DR asiyen pou rekiperasyon apre dezaz.

Baze sou evalyasyon bezwen ki Poko Satisfè yo ak soulajman opinyon rezidan kominote ki afekte yo ak moun ki gen enterè anndan tankou deyò, Komin Oranj te priyore pwogram ki pral ede n, satisfè bezwen rekiperasyon nan yon tan ki kout ak long, ak pwogram ki pral ogmante detèminasyon ak kapasite kominote nou an pou n' ka fè fas ak tout kalite evènman katastwòf natirel. Responsab yo endike ke bezwen rekiperasyon ki pi grav yo gen rapò ak lojman e enfrastrikti. Pou reponn ak bezwen yo idantifye atravè enfòmasyon ak angajman kominote a, Komin Oranj planifye pou itilize fon CDBG-DR pou sipòte pwogram ak aktivite sa yo:

- Lojman
- Enfrastrikti ak Etablisman Piblik
- diminye
- Sèvis Piblik
- Administrasyon
- Planifikasyon

Komin Oranj pral mete pwogram sa yo dirèkteman, oubyen an patenarya ak soubenefisyè oswa vandè aplikasyon. Responsab yo planifye pou reponn ak bezwen ki Poko Satisfè ki gen rapò ak plis mwayen ekonomik atravè aktivite sèvis

piblik ki vize fòmasyon travay, plasman travay, edikasyon, asistans teknik, elatriye. Anplis de sa, responsab yo deja ofri anpil lòt pwogram ki vize ti biznis yo epi ki finanse ak lòt sous.

Li ta enpòtan ke Komin Oranj ap kontinye evalye enfòmasyon ki gen rapò ak bezwen ki Poko Satisfè nan Siklòn yo ki ta ka vin disponib nan yon lòt dat , swa atravè enfòmasyon yo oubyen opinyon nan men patnè minisipal yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt moun ki gen enterè yo. Konsa tou, yo ka ajoute lòt pwogram nan bidjè Pwogram CDBG-DR yo pwopoze a atravè yon posiblite pou amelyore kondisyon yo.

4.2. Bidjè Pwogram nan

Bidjè yo pwopoze a nan \$ 219,712,000 pou sipòte pwogram CDBG-DR, ki gen ladan seri-asid ki nesesè pou bezwen soulajman ak administrasyon, se jan sa a:

<u>Pwogram pa Kategori</u>	<u>Montan Bidjè a</u>	<u>% Alokasyon Total</u>	<u>Objektif Nasyonal</u>	<u>Rezilta Estimasyon</u>
Lojman				
Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon lojman pwopriyetè kay yo	\$ 35,000,000			
Reyabilitasyon Lojman Lwaye	\$ 13,000,000			
Asistans pou Lwaye (pou yon ti tan)	\$ 150,000			
Nouvo Konstriksyon Lojman Abodab	\$ 60,596,160			

Lojman ki plis anba	\$ 108,746,160	49.5%	LMI	TBD
Enfrastrikti ak Etablisman Piblik				
Reparasyon ak Amelyorasyon ki gen rapò ak Inondasyon epi Drenaj				
Pwojè Jesyon Dlo Tanpèt				
Restorasyon Enfrastrikti ki domaje yo				
Reyabilitasyon Enstalasyon Piblik yo				
Tout ti kontwòl Enfrastrikti/Etablisman Piblik yo	\$ 59,322,240	27%	LMI	TBD
diminye				
Aktivite pou ogmante rezistans katastwofik nan lavni ak diminye oswa elimine risk alontèm		13%	LMI	TBD
tout ti Kontwòl diminisyon	\$ 28,658,000			
Bay plis mwayen lajan	\$0	0%	Pa Aplikab	Pa Aplikab
Sèvis Piblik				
Sèvis ki reponn pou (alfabetizasyon finansye, rechèch lojman ak konsèy, asistans legal)	2,000,000			
Sèvis Sante/Sèvis Sante Mantal	2,500,000			
Fòmasyon Travay/Sèvis Plasman Travay	2,000,000			
Lòt sèvis ki gen rapò ak ekonomi	500,000			
Sèvis Piblik kontwole	\$ 7,000,000	3.2%	LMI	TBD
Administrasyon	\$10,985,600	5%	Pa Aplikab	Pa Aplikab
Planifikasyon	\$5,000,000	2.3%	Pa Aplikab	Pa Aplikab
TOTAL CDBG-DR	\$219,712,000	100%		

Tablo 62. Bidjè Pwogram CDBG-DR

4.3. Koneksyon ak Bezwen ki Poko Sastisfè

Jan avi Rejis Federal la mande sa pibliye nan dat 18 me 2023 (Docket No. FR–6393–N–01), responsab komin yo pral asiyen omwen 80 pousan nan fon yo pou adrese bezwen ki Poko Sastisfè yo nan zòn HUD idantifye ki "pi afekte ak detrès". Nan ka Komin Oranj, tout responsab yo, ki gen ladan yo trèz minisipalite, te deziyen kòm zòn ki pi afekte ak detrès. Atravè aplikasyon pwogram ke yo te pwopoze ak kondisyon pwogram yo te asosye yo, ki pral dekri pi lwen nan politik ak pwosedi ki aplikab pou chak pwogram, Komin Oranj pral asire ke pou pi piti 70 pousan nan tout fon pwogram yo pral benefisye moun LMI oswa fwaye yo.

Plan Aksyon CDBG-DR Komin Oranj la gen ladan yo evalyasyon bezwen ki Poko Sastisfè tankou: lojman, enfrastrikti, mwayen lajan, ak sèvis piblik, ansanm ak bezwen, soulajman epi tou kontwòl lajan ki disponib pou pi byen satisfè bezwen sa yo. Bezwen yo idantifye yo rezime anba a.

Bezwen Lojman: Analiz done FEMA yo, espesyalman reklamasyon pou asistans endividyèl, endike ke nou bezwen aktyèlman \$253,300,768 pou repare dega ki fèt nan kay yo, prensipalman kay ke mèt yo abite nan yo ki te sibi domaj nan Siklòn lan.

Pi presizeman, 9,911 kay te domaje, dapre reklamasyon FEMA yo. Majorite demann yo te rapòte nan kategori domaj ki pi ba (4,409 – tout kalite kay), ki te swivi ak domaj ki pat twò grav (2,864 – tout kalite kay), domaj ki te grav (901 –

kay) ak domaj mwen konsekan (803 – tout kalite kay). Enpak ki soti nan inondasyon ke Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP) kouvri, rapòte 680 demann, ak yon enpak total pou plis pase \$48,000,000. Mete tout sa yo avèk reklamasyon FEMA yo, reprezante yon defisi total sou lojman nan Komin Oranj ki plis pase \$243M pou 10,591 kay, e yon total modifiye ki nan \$315.9M lè nou adisyone yon lòt 30% ki bezwen rebati pou yo ka pi rezistan. Kantite kay yo enkli kay inifamilyal, kondominyom, apatman, kay mobil, ak lòt kalite lojman. Yo te kalkile bezwen total lojman non-satisfè yo a \$253,300,768. Yo te soustrè lajan ki disponib pou retablisman, epi adisyone yon lòt 30% fon ki nesèsè pou sipòte karakteristik rezistans lojman yo, tankou rekonstri nan estanda ki pi wo pou minimize domaj kont evènman katastwòfik yo ki gen pou vini.

Anplis de sa, otorite lojman piblik yo te rapòte gen 50 kay ki te domaje ki poko repara (20 kay gen ti domaj, 30 kay – gen gwo domaj) ak yon kay ki te detwi (pa gen yon dola pou bezwen non-satisfè yo ki rapòte). Anplis de sa, sou 801 moun ki te patisipe nan sondaj sitwayen an, 36.48% te rapòte yo gen domaj nan kay yo, men se sèlman 1.89% ki te rapòte ke yo te aplike e ki resevwa tout èd yo te bezwen yo. Anplis de sa, 6.42% te rapòte yo te oblije deplase akòz siklòn nan, epi 5.53% te rapòte kay yo te toujou pa an sekirite. Pandan reyinyon kominotè nou te genyen avèk rezidan komin yo ansanm avèk entèvenan kominotè ki te patisipe nan konvèzasyon gwoup konsantre yo, yo te mete aksan sou bezwen pou pwogram reyabilitasyon lojman, bezwen lojman espesyal ak nouvo lojman abòdab.

Bezwen enfracstrikti: Analiz done FEMA sou reklamasyon asistans piblik, konbine avèk enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè komin lan ki te soumèt kòm yon pati nan Pwogram Sibvansyon pou Diminye Risk (HMGP) ak divès bezwen reparasyon/devlopman kapasite enfracstrikti ke minisipalite lokal yo te rapòte, ki abouti ak yon total de \$160,700,743 pou divès pwojè enfracstrikti ak etablisman piblik. Chif sa a reprezante \$30,835,935 nan depans non federal nan pwojè èd piblik FEMA yo (ak 30% nan depans rezilyans ajoute), \$11,264,808 nan depans non-federal nan pwojè ki te soumèt pou fon HMGP a, ak \$18,600,000 nan pwojè ki gen rapò ak Siklòn lan ki te soumèt nan pwosesis konsiltasyon divès Depatman ak Divizyon komin lan ak jiridiksyon lokal yo. Majorite aranjman ki nesèsè yo gen rapò ak dlo tanpèt, drenaj, ak amelyorasyon kapasite etablisman yo ki deja egziste .

Anplis de sa, moun ki te patisipe nan sondaj sitwayen yo te mete aksan sou inondasyon kontinyèl ak enkyetid lari/drenaj kòm bezwen prensipal kominote yo (nan 54.7%) akòz Siklòn nan. Patisipan yo te deklare tou pi gwo priyorite depans yo se amelyore enfracstrikti sa ap diminye pwoblèm yo, 31% e 23% rezidan yo bay nòt ki pi wo a de (2) kategori sa yo.

Plis bezwen Ekonomik: Daprè enfòmasyon sou prè lajan pou biznis ke SBA rapòte ki gen rapò ak Siklòn lan, te gen 1,031 biznis ki voye aplikasyon ki soti nan Komin Oranj. Nan moun sa yo, 81 aplikan te apwouve pou prè lajan pou domaj oswa deranjman ekonomik, 74 aplikan te gen yon pèt pwopriyete verifye ki nan \$7,789,194, ak yon lòt 950 aplikan ki te swa "an pwosesis", ki te deside pou pa

kontinye ak aplikasyon an, oswa pwogram nan te ba yo refi pou prete lajan an. Pèt yo te konbine avèk pèt yo konnen dapre done komèsyal SBA yo ki estime yon enpak ekonomik inisyal total sou byen imobilye komèsyal ak kontni antrepriz ki nan \$15,831,167, oswa \$ 20,580,517 lè nou konte 30% depans rezilyans siplemantè pou rebati estrikti ki domaje yo. Apre yo fin soustrè pèman SBA fè bay biznis yo, gen yon total \$13,047,152 nan bezwen amelyore sitiyason ekonomik ki Poko Satisfè rès bezwen yo. Total sa a konte pou depans rezilyans.

Pandan pwosesis angajman kominote a, nou te resevwa kèk kòmantè ki gen rapò ak devlopman ekonomik e retablisman. Nan moun ki te patisipe nan sondaj la, 3.85% nan yo te rapòte ke yo konnen bon kou biznis ki te fèmen ak/oswa ki demenaje akòz Siklòn lan. Anplis de sa, 12% nan patisipan yo endike yon bezwen pou finanse aktivite ki ankouraje kreyasyon travay, devlopman biznis ak retablisman ekonomik.

Nou dwe remake ke dènyèman Komin Oranj te enplemanete inisyativ pou ede biznis yo avèk retablisman ekonomik. Pi presizeman, prèske 8,000 ti biznis nan Komin Oranj te resevwa yon total de \$80M nan sibvansyon pou ti biznis nan fon CARES la. Prèske 65% nan dola sa yo te al jwenn biznis ke se minorite ak fanm ki mèt yo. Anplis de sa, Komin nan te bay \$31.3M dola kòm èd a biznis yo nan fon ki disponib atravè Plan pou Sove Ameriken yo. Komin Oranje te itilize lajan sa a pou etabli pwogram RANFÒSE Ti Biznis yo pou bay sibvansyon a ti biznis lokal yo, biznis ki fèt lakay yo, ak travayè demandè yo. Lajan sa a ka itilize pou depans biznis, tankou salè, ipotèk, lwaye, sèvis piblik, pewòl, ak lòt depans. Yo pa gen

pou ranbouse lajan sa a epi lajan an te distribye sou yon baz "premye vini, se ap premye sèvi" pou moun ki kalifye yo. Finalman, Pwogram BANC Komin Oranj lan (Asistans pou Biznis ki nan Koridò Katye yo) bay ti biznis yo yon sibvansyon fasad pou ede yo refè zòn biznis yo pou amelyore yon seri koridò pou rann yo bèl et atreyan pou achtè yo ak pwopriyetè biznis yo.

Lòt bezwen: Bezwen siplemantè ki te rapòte pandan pwosesis angajman ak sansibilizasyon kominotè yo te gen rapò ak sèvis piblik (egzanp, konsèy sou lojman, fòmasyon pou travay ak plasman nan travay, sèvis mantal ak sante, elatriye), sèvis pou moun nan popilasyon an ki gen bezwen espesyal, enkli granmoun aje, moun ki gen andikap, ak endividyèl e fanmi ki sanzabri yo, ak bezwen ki gen rapò ak preparasyon anvan dezaz ak repons apre dezaz.

Daprè bezwen ki Poko Satisfè sa ki idantifye yo ak atribisyon fon CDBG-DR finanse bidjè e pwopoze nan Plan Daksyon an pou aplike estrateji ak aktivite ki adrese bezwen ki Poko Satisfè yo e rann posib pou asire retablisman pi lontan Komin Oranj nan zafè Siklòn.

<u>Kategori</u>	<u>Rès Bezwen ki Poko Satisfè yo</u>	<u>% bezwen ki Poko Satisfè yo</u>	<u>kontablize Pwogram nan</u>	<u>% Fon pou Pwogram yo</u>
Lojman (<i>reyabilitasyon & konstwi nouvo kay</i>)	\$253,300,768	59.31%	\$ 108,746,160	49.5%
Enfrastrikti ak Etablisman Piblik	\$160,700,743	37.63%	\$ 59,322,240	27%
diminye	\$0	Pa Aplikab	\$ 28,658,000	13%

Amelyorasyon Ekonomik	\$13,047,152	3.06%	\$0	0%
Sèvis Piblik (enkli aktivite retablisman ekonomik)	-	Pa Aplikab	\$ 7,000,000	3.2%
Administrasyon	-	Pa Aplikab	\$10,985,600	5%
Planifikasyon (etid)	-	Pa Aplikab	\$5,000,000	2.3%
TOTAL	\$427,048,663	100%	\$219,712,000	100%

Tablo 63. Rèz bezwen ki Poko Sastisfè yo ak Atribisyon Fon Pwopoze yo

Atribisyon fon ki pwopoze nan Plan Daksyon sa a enkli lojman, enfrastrikti, ak aktivite sèvis piblik, ansanm ak minimòm ki nesèsè ke yo mete apa pou aktivite aprezman ak fon pou planifikasyon ak administrasyon.

4.4. Pwovizyon pou Fon yo

Pou bay plis finansman CDBG-DR yo asiye nan Komin Oranj, ke pral gen yon angajman kontinyèl pou idantifye ak ogmante sous finansman federal, eta, ak lokal nan aplikasyon pwogram yo pwopoze yo. Itilize lajan ki disponib yo espesyalman enpòtans e plis efikasite nan efò rekiperasyon kontinyèl yo epi ogmante kapasite kominote nou an pou bese evènman katastwòf k'ap vini.

Anplis bezwen soulaje, yo pral itilize fon CDBG-DR yo pou adrese bezwen kritik ki Poko Sastisfè ki rete apre tout lòt sous yo te angaje e fin itilize, pou anpeche nenpòt benefis an plis yo. Efò patikilye pou ogmante lòt fon ak pwogram yo ki nan lis anba a.

Lojman: Komin Oranj te fè pwogram lojman ki enkli nan Plan Aksyon sa a pou kouvri finansman espas ki nesèsè pou sipòte efò rekiperasyon dezaz ki gen rapò ak Lojman. Pou Reyabilitasyon Lojman Pwopriyete ak Reyabilitasyon Lwaye,

premye lajan yo pral itilize nan asirans, FEMA, SBA, ak antite prive e san bi likratif. Pwogram reyabilitasyon lojman pou tou de pwopriyetè kay ak lojman lokasyon, kapab tou ogmante dola nan lòt pwogram federal ke responsab yo administre, pou enkli Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè (CDBG) ak Pwogram Patenarya Envestisman Kay (HOME). Fon leta yo disponib pou sipòte reyabilitasyon atravè Pwogram Patenarya Inisyativ Lojman Eta a (SHIP) ki administre pa responsab komin yo, epi voye finansman pou Katastwòf. Yo ka reyabilite lojman lwaye tou lè yo itilize fon Prè Ankourajman Apatman Eta a (SAIL). Anplis de sa, Fon Trust Lojman Abòdab lokal Komin Oranj la ka itilize pou aktivite reyabilitasyon, nouvo konstriksyon lojman abòdab, ak pwogram asistans lwaye aplike ak fon CDBG-DR. Finalman, komin nan gen plizyè sous lajan dedye a asistans lwaye pou moun ak fanmi ki kalifye yo.

Li ta dwe remake ke, si yo itilize lajan ki soti nan lòt pwogram federal, tankou CDBG ak kay, responsab komin yo pral oblije swiv kondisyon estanda règleman URA ak Seksyon 104(d) yo.

Enfrastrikti ak Etablisman Piblik: Komin Oranj pral ogmante finansman pou adrese bezwen enfrastrikti ak enstalasyon piblik ki Poko Satisfè nan lòt sous federal, tankou finansman CDBG ki pa dezans ki itilize regilyèman pou sipòte enfrastrikti ak pwojè amelyorasyon, Finansman Asistans Piblik FEMA ak fon HMGP.

Sèvis Piblik: Komin nan a regilyèman finanse yon varyete sèvis piblik, pou enkli sa yo idantifye pandan evalyasyon bezwen ki Poko Satisfè (alfabetizasyon finansye, konsèy lojman, sèvis sante mantal, fòmasyon ak plasman travay, elatriye). Sèvis sa yo souvan bay an patenarya ak ajans san bi likratif, òganizasyon kominotè, ak founisè ak devlopè lojman abòdab, ki gen ladan otorite lojman piblik yo. Pwovizyon sèvis sanzabri byen kowòdone ak Kontini Swen lokal la (ke yo rekonèt kòm Komisyon Santral Florid sou Sanzabri). Pwogram ak aktivite sèvis piblik CDBG-DR ka ogmante lajan ki soti nan CDBG ki pa dezans, Sibvansyon Solisyon Ijans (ESG), dola bato Eta Florid (konsèy lojman, sèvis sanzabri), ak Fon Trust Lojman Abòdab lokal (konsèy lojman, ki pa sifizan, elatriye)

4.5. Patnè Pwogram yo

Pandan aplikasyon Pwogram CDBG-DR la, Komin Oranj ka enskri patnè pwogram yo atravè akò fòmèl, tankou akò soubenefisyè, kontra vandè, memorandòm konpreyansyon, akò entèlokal, oswa patenarya enfòmèl. Si sa nesesè, Komin Oranj pral angaje yon pakèt patnè pwogram pou asire ke pwogram yo aksesib epi adapte yo yon fason ekitab pou satisfè bezwen rezidan ak katye ki afekte nan katastwòf yo, ansanm ak bezwen soulajman kominote a.

Yo pral evalye patnè yo idantifye yo pou asire yo gen ekspètiz adekwa ak kapasite finansye ak òganizasyonèl pou yo fè pwogram ak aktivite Pwogram CDBG-DR nan direktiv ak tan yo bay pou pwogram yo etabli pou konplete yo. Kondisyon pwogram ki konsistan avèk règleman federal ak kondisyon avi Rejis Federal la, pou enkli

pèfòmans finansye e pwogram ak pwosedi rapò, yo pral enkli nan akò fòmèl ak patnè pwogram yo.

4.6. Distribisyon Fon yo

Yo nan lòd yo fè enpak ki pi siyifikatif ak lajan yo limite ki disponib, Komin Oranj te chwazi administre mwens pwogram pandan y'ap konsantre sou lojman ak enfrastrikti sektè yo, ak kèk finansman dedye a adrese bezwen sèvis piblik nan kominote a. Yo te asiyen fon yo sou baz akò bezwen ki Poko Satisfè yo refilete nan evalyasyon bezwen ki Poko Satisfè yo. Pandan ke yo te idantifye bezwen ki rete ki Poko Satisfè nan seksyon ekonomik la, responsab yo te chwazi adrese bezwen sa yo atravè aktivite sèvis piblik yo.

Pou asire ke Komin Oranj, kòm yon kominote, pi byen ekipe pou fè fas ak evènman kalite katastwòf k'ap vini yo, resposab yo pral fè efò pou ini plizyè mezi pou soulaje nan tout aktivite rekonstriksyon ki fèt lè l sèvi avèk fon CDBG-DR. Efò sa yo pral kontribye nan yon tan ki long, sekirite ak estabilite pou rezidan Komin Oranj yo ak katye yo. Plus detay ki dekri enklizyon mezi soulajman nan chak pwogram ak aktivite ki finanse yo bay nan deskripsyon pwogram nan, ak detay adisyonèl yo dwe bay nan politik ak pwosedi ki aplikab pou chak pwogram. Enfòmasyon pwòp konsènan kritè kalifikasyon, faktè antre, limit maksimòm ak asistans, e itilizasyon prevwa fon CDBG-DR yo sitiye tou nan deskripsyon pwogram ki espesifye nan seksyon sa yo.

Anplis espesifik pwogram nan, tout aktivite CDBG-DR finanse yo dwe satisfè kondisyon minimòm pwogram nan. Sa vle di, chak aktivite dwe:

- Yon aktivite ki elijib pou CDBG;
- Satisfè yon Objektif Nasyonal nan pwogram CDBG a; epi
- Adrese yon enpak dirèk oswa endirèk gwo dezaz la nan yon zòn ki pa prezidan deklare (Siklòn lan).

Komin Oranj te resevwa yon seri alèjman CDBG-DR pou efò rekiperasyon Siklòn lan. Kontrèman ak aktivite rekiperasyon jeneral kote responsab yo dwe demontre yon "mare-tounen" pou Siklòn lan epi adrese yon bezwen rekiperasyon espesifik ki Poko Satisfè pou ki fon CDBG-DR yo te apropiye, aktivite ki finanse pa seri alèjman CDBG-DR la pa mande pou yon "mare-tounen" konsa nan yon enpak Siklòn lan. Olye de sa, chak aktivite sou baz soulajman dwe:

- Reponn definisyon aktivite soulajman yo;
- Adrese risk aktyèl ak sak gen pou vini yo jan yo idantifye yo nan plan alèjman Komin Oranj la;
- Yon aktivite ki elijib pou CDBG;
- Satisfè yon Objektif Nasyonal nan pwogram CDBG a; epi

HUD mande pou yo depanse 100% finansman CDBG-DR nan lespas sis (6) ane apre siyen akò sibvansyon an, ki pral bay Komin Oranj aksè a fon federal yo. Kòm sa yo, tout pwogram ak aktivite CDBG-DR yo dwe fèt yon fason ki asire ke tout aktivite sibvansyon yo fèmen epi odit/verifikasyon yo fini nan peryòd sis (6) ane a.

Komin Oranj pral aplike estanda jesyon, siveyans, ak siveyans pwogram ki nesèsè pou asire konfòmite ak kondisyon federal ak lokal yo.

4.7. Revni Pwogram nan

"Revni pwogram nan" defini kòm revni brit ki te pwodwi nan itilizasyon fon CDBG-DR yo, eksepte jan sa prevwa nan III.E.1.b. avi Rejis Federal la, epi li resevwa pa yon eta, gouvènman lokal, tribi endyen k'ap resevwa lajan nan men yon benefisyè, oswa soubenefisyè yo. Lè revni yo pwodwi pa yon aktivite ki sèlman pou yon ti tan ede ak fon CDBG-DR, revni an dwe kalkile pou reflekte pousantaj lajan CDBG-DR yo itilize.

Revni pwogram enkli, men sanzoubliye:

- Resevwa nan dispozisyon lavant oswa kontra-lwaye alontèm nan pwopriyete ki achte oswa ki amelyore avèk fon CDBG-DR la.
- Resevwa nan dispozisyon ekipman ki achte avèk fon CDBG-DR la.
- Revni avan taks ki soti nan itilizasyon oswa lwaye pwopriyete oswa pwopriyete pèsonèl ke yon gouvènman lokal oswa sou-benefisyè a achte avèk fon CDBG-DR la, mwens depans ensidantèl pou jenere revni an.
- Revni avan taks ki soti nan itilizasyon oswa lwaye pwopriyete yon gouvènman lokal oswa sou-benefisyè a posede ke yo te itilize fon CDBG-DR la pou konstwi oswa amelyore, mwens depans ensidantèl pou jenere revni an.
- Peman pou prensipal ak enterè prè ki fèt pou itilizasyon fon CDBG-DR la.
- Benefis nan lavant prè ki fèt ak fon CDBG-DR.

- Benefis nan lavant obligasyon ki garanti nan prè ki fèt ak fon CDBG–DR la.
- Enterè ki touche sou revni pwogram nan annatant dispozisyon revni an, enkli enterè ki touche sou lajan ki retni nan yon kont renouvab.
- Fon yo kolekte atravè evalyasyon espesyal ki fèt sou pwopriyete ki pa rezidansyèl ak pwopriyete ke fwaye ki pa LMI yo posede ak okipe, kote evalyasyon espesyal yo itilize pou rekipere tout oswa yon pati nan CDBG–DR ki se pòsyon amelyorasyon piblik la.
- Revni avan taks yo peye yon gouvènman lokal, oswa yon sou-benefisyè, nan enterè pwopriyete a nan yon antite pou pwofi kote ke revni an se pwovizyon pou asistans CDBG–DR.

Kèk nan aktivite ki planifye dapre Plan Aksyon CDBG-DR Komin Oranj la ka jenere revni pwogram nan. Benefisyè yo oblije trete revni ki soti nan aplikasyon aktivite CDBG-DR yo kòm fon CDBG-DR adisyonèl. Menm jan ak lòt sibvansyon federal, revni pwogram nan dwe preleve e itilize pou aktivite sibvansyon yo anvan yo retire fon siplemantè yo. Se poutèt sa, lajan ki pwodwi kòm revni pwogram lan pral anrejistre ak sipèvize nan sistèm kontablite entèn Komin lan ak sou sistèm DRGR la. Tout revni pwogram nan pral sijè a kondisyon avi Rejis Federal ki aplikab yo ak prensip kontablite yo. Sou-benefisyè yo pral oblije rapòte tou revni pwogram nan kòm yon pati nan rapò chak mwa oswa chak trimès yo epi yo dwe sijè a lòt kondisyon ki espesifye nan akò sou-benefisyè a ak Komin Oranj. Lè yo fin konplete Pwogram CDBG-DR la, tout lajan pwogram nan ki rete pral transfere bay Pwogram CDBG Komin Oranj lan oswa retounen nan HUD. Revni pwogram Komin Oranj resevwa, oswa revni sou-benefisyè yo resevwa ak kenbe apre yo fin fèmen

pwogram sibvansyon an, pral transfere nan atribisyon anyèl CDBG Komin oswa retounen yo nan HUD.

4.8. Revann oswa Rekipere

Nan kèk sikonstans, yon aplikan oswa yon sou-benefisyè ka oblije ranbouse tout, oswa yon pòsyon nan fon CDBG-DR yo te resevwa yo. Komin Oranj pral devlope règleman ak pwosedi espesifik pou adrese kondisyon pou revann ak rekipere aktivite yo pral aplike nan kad Pwogram CDBG-DR la. Anba la a gen kèk egzanp sou rezon kote yo ka aplike kondisyon pou revann oswa rekiperasyon yo:

1. Yon aplikan oswa yon sou-benefisyè ki te founi enfòmasyon ki fo oswa twonpez nan aplikasyon pou fon yo.
2. Yon aplikan oswa sou-benefisyè pat pèmi oswa bay konsantman pou konplete pwojè a.
3. Yon aplikan oswa sou-benefisyè ki pat bay sous revni oswa finansman yo te resevwa ki ta ka lakòz li jwenn benefis yo an doub, depase limit revni yo, oswa lòt rezon pou diskalifikasyon ki ka chanje rezilta aplikasyon an, oswa yo te founi enfòmasyon apre yo fin kalkile sibvansyon an.
4. Yon aplikan oswa yon sou-benefisyè ki volontèman oswa envolontèman abandone pwopriyete a pandan peryòd revann ak rekiperasyon ki te etabli a.
5. Lòt rezon ki etabli nan tèm akò kontra a ki te etabli ak aplikan an oswa sou-benefisyè a.

Anplis de sa, tout finansman doub ke mèt yon pwopriyete te jwenn dwe remèt bay Komin Oranj oswa sou-benefisyè li yo oswa vandè enplimantasyon li yo, kèlkeswa lè mèt pwopriyete a te resevwa asistans sa a. Si mèt pwopriyete yo resevwa fon adisyonèl pou menm objektif(yo) pou yon fon CDBG-DR ke yo atribye a yo, menm apre yo fin egzekite atribisyon CDBG-DR la oswa konstriksyon an fini, mèt pwopriyete a oswa sou-benefisyè a oblije rapòte fon adisyonèl la bay Komin Oranj. Komin nan oblije evalye pou wè si asistans lan se yon doub atribisyon CDBG-DR. Lè Komin Oranj fin resevwa yon rapò ke gen benefis adisyonèl ki te resevwa, Komin lan pral rekalkile atribisyon aplikan an epi bay enstriksyon sou si wi ou non atribisyon an pral redwi akòz kantite lajan sa a, oswa si aplikan an dwe remèt kantite lajan sa yo nan pwogram lan kòm ranbousman (yo pral konsidere kòm revni pwogram lan). Responsablite pou rapòte benefis adisyonèl ak enstriman ki gen rapò yo pral espesifye nan règleman ak pwosedi ki aplikab yo.

Restriksyon sou abòdabilite yo ka deklanche tou rekiperasyon fon yo lè pwopriyete yo chanje mèt, chanje itilizasyon oswa objektif, oswa yo nan menm kalite ki manke konfòmite. Restriksyon sou abòdab yo pral aplike avèk restriksyon sou ak-de-vant, obligasyon legal, ak enstriman similè.

4.9. Detay sou Pwogram nan

Komin Oranj pral bay priyorite a aktivite pwogram yo dapre jan CDBG-DR adrese bezwen rekiperasyon ki rete nan Siklòn lan ki idantifye nan analiz bezwen ki Poko Satisfè yo. Priyorite sa yo pral enkli reyabilitasyon lojman pwopriyete kay, nouvo konstriksyon lojman, asistans pou lwaye, pwojè enfrastrikti, enstalasyon piblik, ak

sèvis piblik ki gen rapò ak rekiperasyon ekonomik, otosifzans, sante, ak bezwen fòmasyon pou travay. Aktivite sa yo dwe aliyen ak objektif nasyonal HUD yo, konfòme yo ak konsèy regilasyon tankou rezonabilite pri ak estanda benefis piblik yo (24 CFR 570.209 (b))), e prensipalman benefisye popilasyon ki kalifye ki gen revni ki ba-modere yo (LMI). Règleman CDBG-DR yo egzije ke Komin lan satisfè oswa depase limit 70 pousan kap benefisye moun LMI yo. Se poutèt sa, tout aktivite pwogram yo pral priyorize fwaye ki gen revni ki pa depase 80 pousan Revni Medyàn Zòn nan (AMI), jan HUD pibliye chak ane a. Anplis de sa, Komin lan pral etabli baz bidjè pou administrasyon, planifikasyon (rechèch ak etid) ak aktivite alèjman ki pèmi nan Pwogram CDBG-DR la.

Komin Oranj pral jere ak sipèvize tout aktivite pwogram ki nan kad Pwogram CDBG-DR la avèk asistans vandè yo, kontraktè ki kalifye, patisipan jiridiksyon yo, ak/oswa òganizasyon a-bi- non likratif ak patnè kominotè yo. Aplikan yo pa pral chwazi pwòp kontraktè yo; tout depans yo pral peye dirèkteman bay founisè sèvis yo. Chak nan pwogram pwopoze yo pral gen règleman ak pwosedi ki pral asire bon aplikasyon ak konfòmite ak tout règleman ki aplikab yo. Tout aplikan ak sou-benefisyè pwogram yo pral oblije antre nan yon akò fòmèl kote ke se Komin lan ki etabli tèm ak kondisyon ki nan chak pwogram yo. Pou pwoteje investisman ki fèt nan itilizasyon fon CDBG-DR la, Komin Oranj pral oblije restriksyon ak-de-vant, restriksyon angajman, oswa yon enstriman similè (jan sa aplikab) sou pwopriyete ki finanse anba pwogram sa yo; longè restriksyon sa yo ap detèmine dapre kantite investisman an epi yap diminye chak ane.

4.9.1. Pwogram Lojman (yo)

Pwogram Lojman	Montan Bidjè a	% Alokasyon Total
Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon Kay pou pwopriyetè kay inifamilyal	\$ 35,000,000	
Reyabilitasyon Lojman Lwaye	\$ 13,000,000	
Asistans pou Lwaye (<i>Tanporè</i>)	\$ 150,000	
Konstriksyon Nouvo Lojman Abòdab	\$ 60,596,160	
Bidjè Total Pwogram Lojman yo	\$ 108,746,160	49.5%

Tablo 64. Bidjè pou Pwogram Lojman yo

Pi gwo pòsyon fon an, \$ 108,746,160, oswa 49.5% nan alokasyon total fon CDBG-DR yo, te bidjete pou pwogram lojman, ki enkli Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon Lojman Pwopriyetè Inifamilyal, Reyabilitasyon Lojman Lwaye, Asistans pou Lwaye, ak Nouvo Konstriksyon ak Devlopman Lojman Abòdab.

Komin Oranj pwopoze estrateji lojman sa yo, dapre objektif prensipal Plan Aksyon an, kondisyon federal ki aplikab yo, done yo jwenn nan ajans federal, eta, ak lokal yo, ak ide yo te resevwa pandan pwosesis angajman ak kontak kominotè a.

4.9.1.1. *Pwogram pou Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon Pwopriyetè Kay* **Deskripsyon Pwogram nan**

Siklòn lan te lakòz domaj nan anpil inite rezidansyèl nan Komin Oranj. Pwogram nan pral reyabilite kay ki domaje nan Siklòn lan ki toujou bezwen reparasyon. Pwogram nan ka enkli mete kay yo an konfòmite a kòd, elevasyon estrikti, ak/oswa enkòpore mezi alèjman pou pwoteje kay la kont enpak tanpèt nan lavni. Fon CDBG-DR yo pral itilize pou ede fwaye ki kalifye dapre revni yo ki ka demontre yo gen difikilte lè lòt resous yo pa posib oswa disponib ankò. Pami lòt kondisyon, patisipan ki kalifye yo dwe posede oswa montre enterè pou posede kay la nan moman katastwòf la, ak nan moman aplikasyon pou pwogram nan. Estrikti a dwe rezidans prensipal aplikan an nan moman dezast la.

Plan Asistans Rezidansyèl kont Demenajman (RARAP) Komin lan pral presize nivo asistans pou moun ki oblije demenaje yo. Asistans pou pwopriyetè kay ki

oblige demenaje akòz reyabilitasyon kay yo, ki pa tap kalifye pou asistans demenajman URA, dwe espesifye nan yon Règleman Demenajman Opsyonèl ke Komin Oranj pral devlope e adopte anvan kòmansman aplikasyon pwogram nan oswa kòm yon pati nan règleman ak pwosedi pwogram nan.

Anplwaye Komin Oranj yo pral devlope pwosesis aplikasyon an ak kritè ke aplikan yo dwe satisfè pou kalifye pou benefis nan kad pwogram sa a. Asistans reyabilitasyon maksimòm admisib la pral \$ 200,000.

Rekonstriksyon oswa ranplasman yon kay enplike ranplase yon estrikti nan yon fason ki sanble anpil ak sak te la deja a sou menm plas la, lè sa posib. Kantite chanm nan pwopriyete a pa ta dwe ogmante. Rekonstriksyon yon pwopriyete akseptab se lè pri pou reyabilite kay la ak meye li nan estanda abitab an akò ak kòd bilding ki aplikab yo depase 50% valè kay la anvan katastwòf la. Rekonstriksyon yon kay pa ka depase pri total \$ 300,000.

Komin Oranj ka ogmate kantite maksimòm sibvansyon an oswa montan benefis la pou founi aranjman rezonab pou bezwen aksesibilite.

Pou kay manifaktire, modilè oswa mobil, depans pou reparasyon yo souvan depase valè pwopriyete a epi li ka pa posib oswa depans lan ka pa rezonab. Sou yon baz ka-pa-ka, yo pral evalye kay manifaktire, modilè oswa mobil pou detèmine si reyabilitasyon pap koute plis. Ranplase inite a ka yon opsyon, san enkli kondisyon adisyonèl règleman lokal ke pak kay mobil yo, asosyasyon pwopriyete kay yo, oswa pwoblèm aksesibilite enpoze. Menm jan ak lòt reparasyon kay lè

pwopriyete kay la okipe l, dwe gen dokiman ki lye ak Siklòn lan. Kay la dwe rezidans prensipal pwopriyetè a, aplikan an dwe satisfè kalifikasyon revni LMI, epi ranplasman kay la pa dwe depase \$ 200,000.

Aplikan kap antreprann oswa konplete nenpòt reparasyon domaj apre yo fin aplike pou asistans nan Komin Oranj pap elijib nan kad Pwogram Reyabilitasyon ak Rekonstriksyon Lojman Pwopriyetè Kay la. Tout pwojè reyabilitasyon lojman yo sijè a yon evalyasyon rezonabilite pri, evalyasyon anviwònman, ak difikilte aplikan an ak doub evalyasyon benefis, pami lòt konsiderasyon.

Rezilyans Alontèm:

Aktivite reyabilitasyon ak rekonstriksyon lojman pwopriyetè kay yo dwe enkòpore mezi pou diminye danje, enkli estanda bilding ekolojik, nan konsepsyon ak rekonstriksyon kay yo. Nou ankouraje itilizasyon materyèl konstriksyon ki pi rezistan. Mezi reyabilitasyon ak rekonstriksyon yo ta dwe vize pou diminye enpak dezaz nan lavni epi ogmante dirabilite alontèm ak abòdab lojman yo.

Pwogram ki Lye Bezwen ki Poko Satisfè yo ak Katastwòf la:

Tout pwojè reyabilitasyon oswa rekonstriksyon lojman pwopriyetè kay yo dwe demontre yon lyen ak Siklòn lan. Daprè evalyasyon bezwen lojman ki Poko Satisfè ak fidbak nou te resevwa nan kominote a, FEMA ak reklamasyon asirans prive souvan kouvri sèlman yon pòsyon nan domaj yo, ki kite anpil pwopriyetè kay ki afekte nan Siklòn lan ak kay ki pa an sekirite. Aplikan yo nan pwogram

reyabilitasyon ak rekonstriksyon pwopriyetè kay la dwe bay prèv yon lyen ak Siklòn lan.

Objektif Nasyonal Pwogram nan:

